ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ
БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

Абаев С.
Якубов М.

ДИНТАНЫЎ

Оқыў қолланба

Нөкис – 2015

Дин әзелден инсан мәнаўиятының қурам бөлеги сыпатында адамзаттың жоқары идеяларын, ҳақ ҳәм ҳақыйқат, инсап ҳәм әдалат ҳаққындағы арзыў-әрманларын өзинде жәмлестирген, оларды турақлы қағыйдалар түринде беккемлеп киятырған идея ҳәм көз-қараслардың тутас бир дизими болып табылады.

Ислам Каримов «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш», Т., «Маънавият», 2008, 36-бет.

Кирисиў

Ғәрезсизлик шарапаты менен Өзбекистан Республикасы ҳәм оның қурамындағы суверенли Қарақалпақстан Республикасы халықлары өзлигин аңлаўға, еркин ой-пикир жүритиўге, мәнаўий зорлық-зомбылықтан азат болыўға еристи. Журтымызда дүньялық тәжирийбе ҳәм миллий менталитет негизинде демократиялық, ҳуқықый мәмлекет ҳәм әдалатлы, пуқаралық жәмийет қурылмақта. Биз дәслептен-ақ дүньялық мәмлекет қурыў жолын таңлағанымызды ашық түрде жәрия еттик.

Өзбекистан Республикасы – дүньялық, яғный диний емес мәмлекет. Өзбекистанда қурылып атырған жаңа демократиялық жәмийет ата-бабаларымыздан бизге мийрас болып қалған қәдириятлар менен бирге, ҳәзирги раўажланған еллердиң бай тәжирийбелерине ҳәм улыўмаинсаный қәдириятларға садықлыққа тийкарланады. Бүгинги цивилизацияның алдынғы қатарында баратырған еллердиң барлығыда дүньялық мәмлекетлер. Олардың тәжирийбеси соны көрсетеди, дүньялық мәмлекет диний исенимди бийкарлайтуғын қудайсызлар жәмийети емес. Керисинше, дүньялық

мәмлекетлерде демократиялық принциплер тийкарында динге ҳүрмет исленеди, оған елдеги мәнаўий-мәдений, тарийхый қәдириятлар және ҳәр қыйлы көз-қараслар системасының оғада әҳмийетли буўыны деп қаралады. Адамлардың көпшилигин қураўшы түпкиликли халықтың, ямаса халықлардың динине де, бул ел ушын дәстүрий емес, ҳәр қыйлы тарийхый тағдирлерге байланыслы усы журтқа кирип келген басқа динлерге де бирдей қатнас жасалады. Динге улыўма исенбеўшилерге де ҳүрмет көрсетиледи.

Дүньялық раўажланыў жолы менен табыслы илгерилеп киятырған бизиң мәмлекетимиз де усы принциплерди басшылыққа алып, дин ҳәм мәмлекет ара қатнасығы мәселелерин шешпекте. Журтымызда бурынғы совет дәўиринде орын алған динге оғада унамсыз мүнәсибет ҳәм көз-қарасларға шек қойылды. Республикамызда ҳәрекет етиўши барлық диний конфессияларға теңдей ҳуқықый мәкан дүзилди, олардың емин-еркин, өз-ара баўрыкеңликте жасаўы ушын жағдай дүзилди.

Мәмлекетимиз өзиниң тийкарғы нызамы – Конституциясы ҳәм басқа да ҳуқықый ҳүжжетлери арқалы барлық пуқараларға ҳүждан еркинлигине ийе болыўға кепиллик берди. Ҳәр бир адам өзи қәлеген динине исениўи яки ҳеш бир динге исенбеўи анық белгилеп қойылды. Усының менен бирге динниң жәмийеттеги орны, тәрбиялық роли, руўхый-мәнаўий тиклениўдеги әҳмийети ашық түрде тән алынды.

Ҳәзирги заман машқалаларын табыслы шешиўде дүньялық илим-пәнниң ҳәм технологиялардың табысларын өзлестириўимиз ҳәм оның раўажланыўына өз үлесимизди қосып барыўымыз лазым. Яғный, биз бул мәселелерди шешиўде дүньялық пенен динийликти бирликте, үйлесикликте алып барыўымыз талап етиледи. Бул мәселеде пайғамбарымыздың ҳәдислеринде айтылған: «Бул дүньяны деп ол дүньяны, аҳыретти деп бул дүньяны умытпаң» деген көрсетпесин бәрқулла басшылыққа алыўымыз зәрүр. «Перзентлеримизге – деп атап көрсетеди Президентимиз, - усы шынлықларды, яғный дүньялық ҳәм диний қәдириятлар ортасындағы нәзик мүнәсибетлердиң мәнисин ҳәр тәреплеме туўры түсиндирип бериўимиз

лазым. Тарийх ҳәм турмыс тәжирийбеси соннан дерек береди, дүньялық ҳәм диний қәдириятлар бирин-бири толтырмаса, бүгинги күнниң аўыр ҳәм қыйын сораўларына толық жуўап табыў аңсат болмайды».

Бизиң журтымыз ең қәдимги динлердиң ўатаны болып табылады. Зардуштийлик, буддизм, христианшылық ҳәм басқа да оннан аслам динлер болған, олар халқымыз тарийхының ҳәр қыйлы дәўирлеринде үлкен тәрбиялық роль атқарған. Аймағымызда соңғы он төрт әсир даўамында адамларымыз өмиринде ислам дини айрықша орын тутып келмекте. Исламның қағыйдалары, дәстүрлери ҳәм үрип-әдетлери халқымыз турмыс тәризине сиңип кеткен. Ислам дини миллий мәнаўияттың ҳәм мәдениятты ҳәзирги дәрежеге дейин жетиўинде ҳәм сақланыўында шешиўши роль атқарған. Ислам дини дүньялық ҳәм диний билимлерди өзинде бирлестиретуғын дүньяға көз-қарас, әдеп-икрамлық, идеология, ол мәнаўий-мәрипий, сиясий ҳәм ҳуқықый ҳәм тағы басқа улыўма адамзатлық машқалалардың бир пүтин шешимин бериўши философиялық система сыпатында журтымыз турмысында оғада уллы орын ийелеген ҳәм ҳәзирде сондай болып қалмақта. Сонлықтан, ислам дини туўралы терең илимий объектив билимге ийе болыў пуқараларымыз, әсиресе, жасларымыз ушын оғада зәрүр болып турыпты. «Усы көз-қарастан қарағанда, - деп жазады журтбасшымыз – Муқаддес ислам динимизди пәк сақлаў, оны ҳәр қыйлы ғәрезли топылыс ҳәм ҳүжимлерден, дохмет ҳәм жалалардан қорғаў, оның шын мәнисин өнин-өсип киятырған жас әўладымызға туўры түсиндириў, кең үгит-нәсиятлаў ўазыйпасы болып қалмақта».

Мине усы жағдайдан келип шыға отырып, демократиялық раўажланыў дәўиринде жасларымызға дин, оның мәнис-мазмуны, дүньяда тарқалған динлер, ондағы ағымлар ҳәм мазҳаблар, динниң жәмийетлик роли ҳаққында билим бериў, әсиресе, ата-бабаларымыздың муқаддес дини ислам бойынша терең ҳәм ҳақыйқый мағлыўматларды жеткериў ўазыйпасы пайда болды. Дин ҳаққында ҳақыйқый мағлыўмат беретуғын «Динтаныў» пәни елимизде қәлиплести ҳәм әҳмийетли пән сыпатында социал-гуманитар пәнлер

қурамында оның орны тән алынды. Ол ҳәр қыйлы формада ҳәм дәрежеде жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында және мектеплерде оқытыла баслады.

Қолыңыздағы қолланбада динтаныўға тийисли машқалалар избе-из, системалы түрде баян етилген.

Ғәрезсизлик дәўиринде қәлиплескен дүньяға көз-қарас, миллий идея ҳәм миллий идеология дин мәселесин илимий анализлеўде жаңаша қатнас жасаўды талап етпекте. Авторлар бун есапқа алыўға ҳәрекет етти. Барлық мәселелерди додалаўда Президент Ислам Каримов шығармаларындағы дин мәселеси бойынша идеялар ҳәм көрсетпелер, миллий ғәрезсизлик идеологиясының принциплерин теориялық ҳәм методологиялық тийкар сыпатында басшылыққа алынды. Қолланба жоқары ҳәм арнаўлы орта тәлим министрлиги тәрепинен тастыйықланған үлги дәстүр тийкарында бакалавр басқышы талабаларына арналып жазылған.

Әлбетте, динтаныў бойынша дәслепки оқыў қолланба болғанлықтан, китапта еле кемшиликлер де бар екенлиги сөзсиз. Соның ушын авторлар бул оқыў қолланба туўралы өз пикирлерин ҳәм тилеклерин айтыўшыларға алдыннан өзлериниң миннетдаршылығын билдиреди.

1. Динтаныў пәнине кириспе

Реже:

1. Динтаныў пәнинің предмети, оның ўазыйпалары, мақсети ҳәм әмелий әҳмийети.
2. Дин түсиниги. Динге илимий ҳәм илаҳият пәнлери көз-қарасынан анықлама.
3. Динниң функциялары, оның жәмийет раўажланыўындағы ҳәм адамзат өмириндеги тутқан орны.
4. Ғәрезсизлик дәўиринде кәмил инсанды тәрбиялаўда динтаныў пәнин оқытыўдың әмелий әҳмийети.

Әдебиятлар:

1. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. Т., «Ўзбекистон», 1992.
2. Виждон эркинлиги ва диний ташкилотлар тўғрисида Ўзбекистон Республикаси Қонуни (Янги таҳрири) 1998 йил 1 май. Т., «Ўзбекистон», 1998.
3. Ислам Каримов. «Өзбекистан өзиниң жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы». Н., «Қарақалпақстан». 1993.
4. Ислом Каримов. «Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари». Т., «Ўзбекистон», 1997.
5. Ислом Каримов. «Оллоҳ қалбимизда, юрагимизда». Т., «Ўзбекистон», 1999.
6. Абдусамедов А.И. «Диншунослик асослари». Т., «Ўзбекистон», 1995.
7. Муминов А.К. «Диншунослик асосларини ўқитиш ва ўрганишнинг ягона концепцияси». Т., 1999.
8. Муминов А., Йўлдашхужаев Х., Рахимжанов Д. ва бошқалар. Диншунослик. Дарслик. Т., «Меҳнат», 2004.

Ғәрезсизликтиң дәслепки күнлеринен баслап-ақ мийрасымызды қайта тиклеў иси баслап жиберилди. Бул әдиўли иске ҳүрметли Президентимиз Ислам Каримов басшылық етти ҳәм қоллап-қуўатлады. Мәдений мийрас ата-бабаларымыздың мың жыллар даўамында дөреткен бийбаҳа байлықлары – философиялық, сиясий, ҳуқықый, диний көз қараслары, әдеп-икрамлылық қағыйдалары, илим пән саласындағы уллы табыслары, көркем шығармалары, аўызеки әдебияты ҳәм искусствосы болып есапланады. Советлик дәўирде мәдений-руўхый мийрасымыз бузып көрсетилди, ямаса олар туўралы сөз де етилмеди, әсиресе, руўханый алламаларымыздың көз қараслары диний мистикалық деп жәрияланып, олар туўралы сөз етиў пүткиллей қадаған етилди.

Ғәрезсизлик жылларында бул салада исленген ең әдиўли илажлардың баслысы Имам ал-Бухарий, Имам ат Термизий, Абдихалық Гиждуўаний, Баҳаўатдин Нақшбандий, Хожа Ахмад Яссаўий, Шайх Нажмиддин Кубра, Имам Матрудий, Бурханиддин Марғинаний, Махмуд аз-Замахшарий, Ҳәким ата-Сулайман Бақырғаний сыяқлы уллы руўханый алламалардың атлары тикленди, китаплары басып шығарылды, дүнья жүзлик ҳәм журтымыз көлеминде юбилейлери өткерилди.

Халқымыздың мәнаўий дүньясын қәлиплестириўде ҳәм раўажландырыўда «Динтаныў» пәниниң орны айрықша. Совет дәўиринде «Илимий атеизм» аты менен жоқары оқыў орынларында үйренилген оқыў курсы толығы менен коммунистлик идеологияның мәплерине бағындырылды, дин ҳәм оған исениўшилерге оғада унамсыз көз қарасты қәлиплестириўге ҳәрекет етилди. Дин ўәкиллери қуўдаланды, мешитлер жабылды, диний оқыў орынлары сапластырыў жағдайына жақынласты. Ҳүждан еркинлиги ҳаққында аўыз көпиртирилип айтылған менен, ис жүзинде ол орынланбады.

Ғәрезсизликке ерисиў динге болған жаңаша, адамгершиликли мүнәсибеттиң қәлиплесиўине алып келди, бул өз гезегинде динге объектив, илимий баҳа бере алатуғын «Динтаныў» илиминиң жүзеге шығыўына

себеплер болды. Бул пән коммунистлик идеологияның искенжесинен қутылып, ҳақыйқый өз функциясын атқаратуғын илимге айналды.

Дин адамзат тарийхында бәрҳама уллы роль атқарған. Дүньяда диний исеними жоқ халықтың өзи жоқ. Жәмийет раўажланыўының белгили басқышында диннің келип шығыўы ҳәм оның жәмийетлик раўажланыўға тәсири мәселелерин үйрениў итияжы келип шыққан. Усы талап негизинде дин мәселесин айрықша үйренетуғын социал-гуманитар пәнлер системасында гиреўли орны бар «Динтаныў» пәни қәлиплескен. Европада динтаныў илим сыпатында XIX әсирдиң орталарында жүзеге шыққан, бул процесске ислам дүньясында жасап өткен алымлардың (мәселен, Абу Райхан Беруний, Шаҳристаный ҳәм т.б.) мийнетлери айтарлықтай тәсир еткен. Оны арнаўлы пән сыпатында үйрениў жасларға билим бериўдиң зәрүрли шәртине айналған. Ҳәзир бизиң мәмлекетимизде барлық жоқары ҳәм орта оқыў орынларында ол зәрүрли пән сыпатында оқытылмақта.

«Динтаныў» диннің мәнис-мазмунын, диннің пайда болыўы, эволюциясы ҳәм раўажланыўы тарийхын, оның тәлийматлары ҳәм мәресимлерин, диннің жәмийетлик турмыстағы орны ҳәм функцияларын илимий үйренетуғын пән болып есапланады. «Динтаныў» пәниниң предмети дин менен байланыслы болған жәмийетлик қубылыслардың барлығын өз ишине алады. Мәселен, диннің формалары, тамырлары, диннің структурасы ҳәм элементлери, диний урып-әдетлер ҳәм мәресимлер, диний шөлкемлер ҳәм басқа да усындай қубылысларды анализлеў киреди.

«Динтаныў» пәниниң тийкарғы мақсети оны үйрениўшилерге диннің мәниси, тарийхы, функциялары ҳаққында билим бериў болып есапланады. Бул мақсетке ерисиў ушын толығырақ айтатуғын болсақ динтаныў пән сыпатында төмендеги ўазыйпалар орынлаўы тийис:

– Дин дегенимиз не? Ол қалай пайда болған ҳәм бир басқыштан екинши басқышқа қалай өтип киятыр? – деген саўалларға жуўап бериў;

– Диннің социаллық-экономикалық, гносеологиялық ҳәм психологиялық тамырлары ҳаққында билим бериў;

– Диннің жәмийеттің социаллық, руўхый, мәдений өмирине тәсири ҳаққында мағлыўмат бериў;

– Диннің адамзат цивилизациясының ҳәр қыйлы басқышларында тутқан орны ҳаққында мағлыўмат бериў;

– Жәмийеттеги ҳәм ҳәр бир инсанды жетикликке қарай бағдарлаўда диннің роли қандай болады, - деген саўалға жуўап бериў;

– Ең әййемги, миллий – мәмлекетлик ҳәм дүньялық динлер ҳаққында илимий билим бериў;

– Дүньядағы биринши диний система болған зардуштийлик дини ҳәм оның кәраматлы китабы «Авесто» ҳаққында жасларымызға кең түрде мағлыўмат бериў;

– Дүньядағы ең жас дүньялық дин болған ислам дининиң адамгершиликли мазмуны, оның кәраматлы китабы Қураны Кәрим, Ҳәдис ҳәм Шәрият ҳаққында терең билим бериў;

– Ислам динин раўажланған дүньялық дин дәрежесине жеткериўде аймағымыздан шыққан уллы бабаларымыздың өмири ҳәм искерлиги ҳаққында билим бериў;

– Уллы алламаларымыз Хожа Ахмед Яссаўий, Шайх Нажмиддин Кубра, Баҳаўатдин Нақшбандийлер тийкарланған ҳәм раўажландырған тәсаўўиф философиясы ҳаққында билим бериў;

– Исламның Орайлық Азия халықларының мәдениятына, илим пәнине унамлы тәсири ҳаққында билим бериў;

– Ғәрезсизлик дәўиринде журтымызда исламға болған мүнәсибеттің кескин түрде унамлы тәрепке қарай өзгергенлиги ҳәм исламий қәдириятларды қайта тиклеў бойынша алып барылып атырған илажлар ҳаққында мағлыўмат бериў;

– Диний фундаментализм, экстремизм, фанатизм ҳәм терроризмниң жеркенишли мәнис-мазмунын ашық көрсетип ҳәм оларға қарсы гүресиў зәрүрлигине жасларды исендириў, оларда идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў;

– Демократиялық, дүньялық мәмлекетте диннің орны ҳаққында, дин ҳәм мәмлекеттің өз-ара қатнасығы ҳаққындағы Конституциялық нормаларды жаслар санасына ҳәм қәлбине жеткериў;

– Өзбекистан Республикасының «Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққында» жаңа редакциядағы Нызамының мәнис-мазмуны ҳаққында кең мағлыўмат бериў.

Дин жәмийеттеги оғада қурамалы, көп тәрепли, қарсылықлы қубылыс болып, адамзат жәмийетиниң ең дәслепки басқышларынан баслап ҳәзирге шекем жасап келмекте. Дин мәселеси менен биринши гезекте руўханый алымлар шуғылланып келген. Усының менен бирге, диннің мәниси ҳәм жәмийетлик роли ҳаққындағы мәселе менен атақлы алымлар, ойшыллар шуғылланған, динге илимий баҳа бериўге ҳәрекет қылған. Биз буның мысалларын дүньялық илим тарийхынан да, Мавераўннахр алымларының ой пикирлеринен де көремиз. Мәселен, ал-Фарабий «Фазыл қала турғынлары ҳаққында китап» атлы шығармасында философия затлық әлемди себеп ҳәм нәтийже байланыслары арқалы үйренсе, ал дин буныңдай усыл менен емес, керисинше, образлар, рәмзий түсиниклер жәрдеминде исенимге ерисиў жолы менен тексереди, - деп есапланған. Демек, ол философия ҳәм диннің дүнья қубылысларын изертлеўдеги парқын түсиниўге ҳәрекет қылған. Уллы бабамыз Абу Райхан Беруний «Әййемги халықлардан қалған естеликлер» ҳәм «Ҳиндистан» атлы шығармаларында бул мәселеге дыққат аўдарады. Оның көрсетиўинше, дин де илим, бирақ ол қубылыс ҳәм нәрселерди дәлиллеў арқалы түсиниў мүмкин болмаған жағдайда қолланылады. Өйткени, диний билим бул дәлиллеўди талап етпейтуғын исеним, ал илимий билим дәлилленген пикирлер.

Дин сөзи арабша болып, ол «исеним», «исениў», «бағыныў» мәнислерин билдиреди. Диннің мәнис-мазмуны ҳаққында жәмийетте ҳәмме тәрепинен мойынланған жалғыз бир пикир жоқ.

Диний алымлардың пикирлери бойынша, тәбият, жәмийет, инсан, оның тәғдири ҳәм сана-сезими илаҳий қудиретли күшке – қудайға ғәрезли болады.

Қудай ҳәмме нәрсениң жаратыўшысы, ҳәмме нәрсени көриўши ҳәм билиўши. Ол инсанларға туўры, әдил, ҳақыйқый жол көрсетеди. Усы күдиретли күшке исеним ҳәм исениўди баян ететуғын көз қараслар ҳәм тәлийматлар дин түсинигин аңлатады. Түрк халықларында исламға шекем Қудай түсиниги «Тәңри» деп аталған, ал дин түсиниги «Тәңриниң жолы», «Тәңриге исеним» сөзлери менен аңлатылған.

Диний тәлийматларда он сегиз мың әлемниң жаратыўшысы Қудай менен бир қатарда пайғамбарларға, периштелерге, муқаддес китапларға, ақыретке исениў, шайтан ҳәм иблистен сақланыў талап етиледи. Қудай өзиниң пайғамбарлары арқалы илаҳий нызамлар болған динлерди адамларға жибереди.

Дүньялық көз-қарас, яғный илимий пикир бойынша дин адамзат жәмийетиниң раўажланыўының белгили басқышында пайда болған жәмийетлик тарийхый қубылыс. Ол жәмийетлик сананың формаларынан бири болып табылады.

Дүньяда исеними жоқ халық жоқ. Өйткени, исеним адам ушын оғада зәрүр, оның өмириниң мәнисин билдиретуғын зәрүрлик болып есапланады. Усы көз-қарастан келип шыға отырып динге төмендегише анықлама бериў мүмкин:

Дин инсанды ҳәм әлемдеги барлық нәрселерди жаратқан, усының менен бирге инсанларға туўры, ҳақыйқый әдалатлы турмыс жолын көрсететуғын ҳәм үйрететуғын илаҳий объективлик болмысқа исенимди өзинде сәўлелендиретуғын дүньяға көз-қарас, тәлиймат, идея ҳәм принциплердиң системасы болады.

Дин белгили бир тәлийматлар, исеним-сезимлер арқалы әлемниң мәнисин, оның өтмиши ҳәм келешегин, инсанның өмириниң мәнисин түсиниўдиң айрықша бир формасы, усылы сыпатында жүзеге шығады. Дин қандай түрде түсиндирилмесин ол исеним, ҳаслында адам исенимсиз, демек, динсиз жасай алмайды. Исеним адамның ең терең руўхый сезими болып, ол

адамды жақсылыққа баслайды, келешекке исенип, гөззал сезимлер менен өткен өмирине ырза болып жасаўына алып келеди.

Дин адамзаттың мәнаўий мәдениятының, дүньяға философиялық көз-қарасының, турмыс салтының күшли саласы болып келген, ҳәзирде сондай болып қалмақта. Ол өзиниң раўажланыўының барлық басқышларында ҳәм көринислеринде инсанларға өмирдиң мазмуны, жасаўдың мақсети усаған философиялық-теориялық мәселелер бойынша түсиниклер берген. Дин адамның жасаўы ушын зәрүр болған баҳалы қәдириятларды топлаған ҳәм оларды инсанның санасына жеткериўдиң усылларын дөреткен. Әсиресе, диннің әдеп-икрамлылық принциплеринде инсанды тәрбиялаўдың тәсиршеңнәтийжели жоллары ислеп шығылған, соның ушын да, дин өзи ҳәрекет еткен дәўирдиң жетик инсанларын қәлиплестириўши роль атқарған. Президентимиз Ислам Каримов диннің мәнисине баҳа берип былай деген еди: «Дин бәринен бурын жәмийет, топар, айырым шахстың мәнаўий турмысының белгили саласы болып, улыўмаинсаный әдеп-икрамлық өлшемлерди өзине сиңдирген, оларды жаңландырған, ҳәмме ушын мәжбүрий минез-қулық қағыйдаларына айландырған. Мәдениятқа үлкен тәсир тийгизген. Инсанның адамлар менен аўызбиршиликли жасаўына көмеклескен ҳәм ҳәзирде көмеклеспекте».

Президентимиздиң көрсетиўинше, дин адамлардың исенимин беккемлеген, оларды пәклеген, раўажландырған, қыйыншылықларды жеңиўге күш бағышлаған, улыўмаинсаныйлық мәнаўий қәдириятларды сақлаўға ҳәм әўладтан-әўладқа жеткериўге жәрдем еткен, гейпара ўақытлары буны әмелге асырыўдың бирден-бир қуралы болған.

Адамзат турмысында дин бәрҳама болғанба? деген саўал алымларды ерте дәўирден қызықтырып келген. Оған түрли концепциялар негизинде ҳәр қыйлы жуўаплар берилген. Бирақ, көпшилик алымлардың пикиринше дин инсанның руўхый дүньясының ажыралмас бөлеги, ол адамзат цивилизациясы бар жерде бәрҳама болған, демек, инсаният бар жерде дин де бар. (толығырақ

қараңыз: А.Муминов, Х.Йўлдашхўжаев, Д.Рахимжанов ва бошқалар «Диншунослик». Дарслик. Т., «Меҳнат», 2004 й. 13-14-бетлер).

Қурамалы қубылыс сыпатында дин белгили бир структураға ийе болады. Оның элементлери төмендегилерден ибарат:

1. Диний сана, динниң тәлийматы, идеологиясы. Диний идеология динниң философиялық, социологиялық ҳәм әдеп-икрамлылық көз-қарасларына тийкарланады.

2. Диний сезимлер (психология). Диний психология динге исениўшилердиң сезимлери ҳәм кейиплеринде жүзеге шығады.

3. Диний ибадат, яғный басқаша айтқанда диний ҳәрекетлер (сыйыныў, үрип-әдетлер).

4. Диний шөлкемлер.

Усы элементлердиң бир пүтин бирлиги белгили бир диний системаны аңлатады.

Усының менен бирге ҳәр бир динниң өзине тән белгилерин көрсетиў мүмкин:

1. Белгили бир исеним ҳәм тәлийматлардың бар болыўы. Ҳәр қандай дин дүньяны өзине тән жол менен түсиндиреди ҳәм өз тәрептарларында белгили бир өзине тән исенимди қәлиплестиреди.

2. Белгили бир өзине тән мәресим ҳәм диний үрип-әдетлердиң бар болыўы.

3. Диний мәресим ҳәм үрип-әдетлердиң белгили бир бөлегиниң тек анық белгиленген орында өткерилиўи. Мәселен, Христиан ибадатларының тийкарғы бөлеги ширкеўде орынланады. Ислам дининде де Хайт намазлары, Жума намазлары жәмәәт болып тийкарынан мешитлерде оқылады.

Социологиялық көз-қарастан алғанда ҳәр қандай дин өз дәўириндеги жәмийетлик қатнасықлардың зәрүрли элементи, жәмийетлик турмыстың ажыралмас бөлеги болады. Позитивизм философиясының ҳәм социологияның тийкарлаўшысы болған Огюст Конт (1798-1837) жәмийет раўажланыўын з басқышқа: илаҳият, метафизикалық ҳәм позитив

басқышларына бөлип анализлегенде, олардың барлығында да дин айрықша роль атқарғанлығын тән алады. Ҳәтте, ол «Инсаныйлық дини» деп аталған дин жаратыўдың да тәрептары да болған. Илимге тийкарланған ҳәзирги заман жәмийетин түсиндириўде, динниң ролин мойынлаў, дүньялық ҳәм диний илимниң бирлигин тән алыўды көплеген уллы алымлардың пикирлеринде де көремиз. Мәселен, “XX әсирдиң ең уллы адамы” деп тән алынған атақлы физик Альберт Эйнштейн «Динсиз илим кемтик, илимсиз дин болса соқыр» деп жазған еди.

Динтаныў пәниниң бөлимлери төмендегилерден ибарат:

Дин философиясы. Бунда диний идеялар дизими улыўма философиялық концепциялар негизинде түсиндириледи ҳәм баҳа бериледи.

Дин феноменологиясы. Европада XX әсирдиң басларында пайда болып, ол дин қубылысын Э.Гуссерл (1859-1932) философиясының изертлеў усылы бойынша түсиндириўге ҳәрекет қылады. Бунда диний ой-пикир динниң анық субъективлери болған диншилерден ажыралған ҳалда үйретиўге ҳәрекет етиледи.

Дин социологиясы. Динниң жәмийет турмысындағы ролин айрықша анализлейди, динниң жәмийетлик қубылыс сыпатындағы өзине тән белгилери (диний сана, мәресимлер, мүнәсибетлер, шөлкемлер ҳәм т.б.) ҳаққында билим береди.

Дин психологиясы. Бунда дин инсан руўхиятының айрықша көриниси сыпатында анализленеди, динниң пайда болыўының психологиялық себеплери айрықша сөз етиледи, диний руўхияттың, сезимниң жәмийет ҳәм шахс турмысына тәсири ҳәр тәреплеме үйрениледи.

Адамзат турмысында дин жәмийетлик қатнасықларды жүзеге шығарыўшы ҳәм әмелге асырыўшы күшли фактор сыпатында көринеди. Олай болса, динге баҳа бериў ушын оның жәмийетте атқаратуғын ўазыйпаларын туўры түсиниў лазым. Динниң ўазыйпалары деген түсиникте дин улыўма жәмийетке, айрым адамға тәсири қандай болады? – деген саўалға жуўап өз сәўлесин табады. Илимий әдебиятта буны динниң функциялары деп

жүритиледи. Ҳәр қандай динниң атқаратуғын жәмийетлик, мәнаўий ўазыйпалары (функциялары) төмендегилерден ибарат:

Бириншиден, ҳәр қандай дин **толтырыўшылық, жубатыўшылық, компенсаторлық функцияны** атқарады. Мәселен, адам өз өмиринде тәбият ҳәм жәмийет пенен өз-ара қатнасығында алға қойған мақсет мурадына ерисиўге ҳәлсиз болып қалады. Усындай жағдайда онда қандайда бир руўхый мүтәжлик пайда болады. Басқаша айтқанда оған оны жубатыўшы өзи әмелге асыра алмаған идеяларды әмелге асырыўға жәрдемлесиўши қүдиретли күшке руўхый итияж пайда болады. Бул итияж дин болып жүзеге шығады.

Динниң атқаратуғын **екинши** ўазыйпасы – бул оның **бирлестириўшилик-интегративлик функциясы.** Ҳәр қандай дин өзине исениўшилерди өзиниң идеялары әтирапында бирлестиреди.

Үшиншиден, дин **тәртипке салыўшылық, қадағалаўшылық-регуляторлық функция** атқарады. Дин өзине исениўшилердиң үрип-әдетлерди, мәресим ҳәм байрамларды орынлаў тәртибин қадағалап турады.

Төртиншиден, дин байланыс жайласыўшылық-коммуникативлик функциясын атқарады, яғный ол өзине исениўшилердиң бирлигин, жәмийет пенен инсанның байланысын әмелге асырыўға умтылады. Берилген динге исениўшилер өз-ара байланыста болыў кереклигин, өз-ара ҳуқық ҳәм миннетлерин, үрип-әдет ҳәм ибадатларын жәмәәт болып орынлаў кереклиги нәзерде тутылады.

Бесиншиден, динниң **легитимлестириўшилик-нызамластырыўшылық функциясы** болып, оны атақлы америкалы социолог Т.Парсонс ислеп шыққан. Оның айтыўынша, дин өзине тийисли әдеп-икрамлылық нормаларды нызам дәрежесине көтереди ҳәм оларға болған мүнәсибетти белгилейди.

Алтыншыдан, дин ўазыйпаларының философиялық, теориялық тәреплери де бар. Динниң бул ўазыйпасының мәниси соннан ибарат, дин инсанларға жасаўдың мақсети, өмирдиң мазмунын, бул дүньяның өткиншилигин, ол дүньяның мәңгилигин бәрҳама ядқа салып турады.

Президентимиз Ислам Каримов диннің усы бағдардағы тәрбиялық ролине жоқары баҳа берип, былай дейди: «Дин адамзатты ҳеш қашан жаман жолға басламайды. Дин бул дүньяның өткинши екенлигин, ақыретти еслетип турады, адам баласын қырағы болыўға, ҳарам жоллардан узақ жүриўге, жақсы болыўға, жақсы из қалдырыўға шақырып турады».

Динтаныў пәниниң әмелий әҳмийети соннан ибарат, ол жаслардың бул саладағы билимлерин кеңейтиреди, оларда еркин пикир жүргизиў уқыпларын раўажландырады. Диний түсиниклерди ҳәзирги заман илим пәни турғысынан түсиниўге жәрдем етеди. Динтаныў пәни философияның бир қурам бөлеги сыпатында дүньяға көз-қарас мәселелерин шешиўге жәрдем етеди. Бунда ол ҳәзирги заман илими ҳәм техникасының табысларына сүйенеди.

Динтаныў пәни философия, этика, эстетика, социология, тарийх, этнография, археология, психология, педагогика, мәдениятаныў пәнлери менен ажыралмас, өз-ара байланыста болады.

Динтаныў пәнин оқытыўдың әмелий әҳмийети соннан ибарат, ғәрезсизлик дәўиринле пайда болған жәмийетлик жағдай негизинде динге, диний шөлкемлерге ҳәм динге исениўшилерге туўры қатнастың қайта тикленгенлигине, журтымызда ҳақыйқый хүждан еркинлигиниң әмел қылып атырғанлығына жасларда исеним пайда етиўге хызмет етеди. Өйткени, динтаныў пәни дин ҳаққындағы конституциялық нормалардың ҳәм «Хүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққында» Нызамның қағыйдаларын пуқараларымыз, әсиресе, жасларымыз арасында нәсиятлаўда үлкен роль атқармақта.

Бүгинги күнде динтаныў пәнин сапалы оқытыў ҳәзирги заман педагогика пәниниң табысларын ҳәм оқытыўдың интерактив усылларын қолланыўды талап етеди, бул ушын ҳәр бир сабақтың анық технологиялық картасын ислеп шығыў лазым. Динтаныўды оқытыў процесинде кластер, синквейн, «ақылға топылыс», «ажурли арра», «диалог», «өз орныңды тап», «киши топарларда ислеў», «меню», «дебатлар», «критикалық пикирлеў» ҳәм

т.б. интерактив усылларды кеңнен қолланыў жақсы нәтийжеге ерисиўге мүмкиншилик береди.

Динтаныў пәнин оқытыў оғада үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе болмақта, жасларымыздың кәмил инсанлар болып қәлиплесиўине оғада үлкен үлес қоспақта.

Ҳәзирги дәўирде динтаныў пәниниң әмелий әҳмийети соннан ибарат, оны оқытыў процессинде ҳәзирги диний фундаментализм, эсктремизм ҳәм фанатизмниң жеркенишли мәниси, олардың халықаралық терроризмниң идеялық тийкарына айланғанлығы конкрет фактлер менен дәлиллеп көрсетилмекте. Динтаныў пәни жасларымызда миллий ғәрезсизлик идеясы ҳәм идеологиясы тийкарында идеологиялық иммунитетти қәлиплестириў ўазыйпаларын шешиўде гиреўли орынға ийе болмақта.

Тәкирарлаў ушын сораўлар:

1. Динтаныў пәниниң предметин айтың.
2. Дин уламалар тәрепинен қалай түсиндириледи?
3. Динге илимий тийкарда анықламаны айтың.
4. Динниң элементлери нелерден ибарат?
5. Дин жәмийетте қандай ўазыйпаларды (функцияларды) атқарады?
6. Динтаныў пәниниң ўазыйпаларын түсиндирип бериң.
7. Динтаныў пәни басқа қандай пәнлер менен байланысқан?
8. Динниң тәрбиялық әҳмийетин түсиндириң.

2. Диннің әййемги формалары

Реже:

1. Әййемги диний сананың тийкарларының қәлиплесиўи.
2. Диннің әййемги формалары:

а) фетишизм

б) тотемизм

в) магия

г) анимизм

д) шаманизм

3. Орта Азияның қәдимги халқы ҳәм олардың диний түсиниклери.

Әдебиятлар:

1. Диншунослик. Маърузалар тўплами. Тошкент, 2000.
2. Диншунослик асослари. Т., «Ўзбекистон», 1995.
3. У.Жураев, Й.Саиджанов. «Дунё динлари тарихи». Т., «Шарқ», 1998.
4. Диншунослик асослари. Тошкент, 1999.
5. Мень А. «История религии». Москва, 1994.
6. Т.Акмуродов. «Дин ва хурфикрлилик». Т., «Ўқитувчи», 1995.

Ҳәзирги заман археологиялық изертлеўлери бойынша адам буннан шама менен 6 миллион жыллар бурын Африка континентинде қәлиплескен. Ең әййемги адамларда еле қандайда бир тәбияттан тыс күшлерге исеним болмаған. Олар тәбият күшлери алдында ҳәлсиз болып ғана қалмастан, олардың мийи еле жақсы раўажланбаған ҳәм абстракт ойлаў уқыбы жоқ еди. Тәбият күшлериниң зыянлы тәсиринен қорғалыў, азық-аўқат табыў, қәўипсиз жасаў ҳәм әўлад қалдырыў ушын гүрестиң оғада узақ даўам еткен барысында адамлардың мийи жетилисе барды, оларда естелик пенен болса да ойлаў уқыбы қәлиплесе баслады. Шама менен 100-40 мың жыллар бурын жасаған соңғы неандертальц адамында абстракт ойлаў уқыбы пайда болды. Онда диний түсиниклер ҳәм тәбияттан тыс күшлерге исеним пайда бола баслады.

Мәселен, сол дәўирге тән болған Өзбекистанның Сурхандәрья ўәлаятындағы Тесиктас үңгиринен табылған өлген адамды жерлеў усылларын анализлеў усындай жуўмақ шығарыўға алып келген. Өли белгили бир тәртипте қапталынан Шығыстан Батысқа қарап жатқарылған, оның қасына азық-аўқатлар ҳәм мийнет қураллары қойылған. Басқаша айтқанда, адамларда бул дәўирде о дүнья ҳаққында пикирлер пайда болған. 40 мың жыллар бурын жасаған кроманьонц Адамы, яғный ҳәзирги түрдеги Адам – «homosapiens»те абстракт ойлаў ҳәм диний фантазия айқын қәлиплескен. Әйемги адамның билим дәрежесиниң оғада пәслиги ҳәм оның оғада қыйыншылық пенен жетилисип барыўы, тәбият күшлери алдында қорқыныш ҳәм оны жеңиў ушын гүрес әсте-ақырынлық пенен тәжирийбениң топланып барыўы ең ақырында усыған алып келди. Адамлар реал өмирге ийкемлесе баслады. Оларда логикалық пикирлеў, образлық ойлаў уқыбы қәлиплести.

Неолит дәўирине келип адамлардың турмыс ҳәм ойлаў тәризинде үлкен өзгерислер жүз берди. Турмыслық өндирислик проблемаларды шешиў ушын Аспан, Жер, Қуяш, Жулдыз, Ай, Шамал, Жамғыр усаған тәбият ҳәдийселерине қызығыў қәлиплести. Адам өмири оның үстинен ҳүкимранлық етиўши күшке ғәрезли, - деген түсиниклер, оларға жалыныў ҳәм қурбанлық бериў үрип-әдетлери, о дүнья, өлгерлердиң тирилер турмысына тәсир етиўи ҳаққында идеялар пайда болды. Естелик пенен диннің көринислери пайда болып, олардың бир пүтин системасы қәлиплесе баслады. Адамзат жәмийети раўажланып жаңа басқышларға көтерилип барған сайын диннің формалары да жетилисип барды.

Инсан ҳәм оның санасының қәлиплесиў мәселеси диний әдебиятларда өзине тән түрде баян етиледи. Олардың барлығында да пүткил әлемди ҳәм адамзатты жаратыўшы жалғыз Қудай деп жүритиледи. Мәселен, Авестода Ахурамазда, Талмудта Яхве, Библияда Әке Қудай, Қураны Кәримде Алланың жаратыўшы екенлиги көрсетиледи. Диний ой-пикирлердиң пайда болыўы да бул мукаддес китапларда тиккелей Қудай менен байланыстырылады. Қудай

инсанды жетик ҳалында дөреткен, оған турмысында орынлаўы керек жол-жорықларды ҳәм көрсетпелерди берген.

Ал, илимий әдебиятларда баян етилген эволюционизм тәлийматы бойынша инсан ҳәм динниң қәлиплесиўи басқышпа-басқыш, избе-излик пенен қәлиплесип барады, – деген идея тийкарғы орынды ийелейди.

Ең әййемги дәўирден ҳәзирги күнге шекемги динлердиң көринислерине баҳа беретуғын болсақ, оларды төмендеги үш топарға бөлиў мүмкин:

1. Урыўлық-қәўимлик динлер – булар анимистлик, фетишистлик, тотемистлик, сыйқырлық сезимлерине тийкарланған көз-қараслар шаманларға ямаса урыў-қәўим баслықларына сыйыныў динлери. Бул әййемги динлердиң көринислери ҳәзирде Австралия, Шығыс Америка ҳәм Африканың айырым қәўимлеринде сақланып қалған, сондай-ақ, бул динлердиң тийкарғы идеялары миллий ҳәм дүньялық динлердиң ишине сиңип кеткен.
2. Миллий мәмлекетлик динлер – булар белгили бир миллетке тән болып, тийкарынан бир мәмлекеттиң шегарасында тарқалған болады, басқа миллеттиң ўәкиллери тийкарынан оны қабыл етпейди, егер қаыл етсе сол миллеттиң айырым этникалық белгилеринде, мәселен, тилин қабыл етиўге мәжбүр болады. Миллий динлердиң қатарына иудаизм, индуизм, конфуцийшилик, даосизм, синтоизм ҳ.т.б. киреди.
3. Дүньялық динлер – булар дүньяда ең көп тарқалған, миллетинен, расасынан, тилинен ҳәм территориясынан ғәрезсиз қәлеген инсан ибадат етиўге болатуғын динлер. Дүньялық динлердиң қатарына буддизм, христианшылық ҳәм ислам динлери киреди. Дүньяда бар болған динлер олардың тәлийматына қарай жеке қудайлық – монотеистлик (мәселен, ислам, христиан, иудаизм ҳ.т.б.) ҳәм көп қудайлық –

политеистлик (мәселен, индуизм, синтоизм ҳ.т.б.) болып та бөлинеди.

Урыўлық-қәўимлик динлер. Олар ең әйемги заман адамының диний көз-қараслары болған ҳәм төмендеги формаларда жүзеге шыққан:

Фетишизм. «Фетиш» сөзи французшадан алынған болып, ол бут, идол, тумар мәнисин билдиреди. Фетишизм – тәбияттағы жансыз предметлерге сыйыныў. Фетиш яғный сыйыныў объектлери болып тас, ағаш, сүйек, қуслардың пәрлери, ал кейинирек адам келбетиндеги фигуралар болған. Оларда қандайда тәбияттан тыс күдиретли бир күш бар деп есапланған. Фетишизмде адамлардың тәбият сырларын билмегенлиги сәўлеленген, инсаннан тыс ҳәм ғәрезсиз болған өли предметлерде адамзаттың ҳәм тәбияттың тәғдирин белгилеўши күдиретли күш бар деп есапланған. Фетишизмниң қәлиплесиўин адамлардың тәбият сырларын билмегенлиги деп ғана емес, ал олардың өз турмысын тәртиплестириў, өзиниң әлемге болған мүнәсибетин билдириў ҳәм бул дүньядағы өзлериниң орнын билиўге умтылыўшылығы деп қараған дурыс болады. Бул динниң ҳәр қыйлы көринистеги қалдықларына Африка халқының 40% тен асламы сыйынады. Сондай-ақ, Австралия ҳәм Жаңа Зеландияның аборигенлериниң, Америкалы индеец ҳәм эскимосларының көпшилиги сыйынады.

Ҳәзирги адамлар пайдаланып жүрген талисман ҳәм амулетлер, тумарлар, көз моншақ ҳ.т.б. фетишизм дининиң қалдықлары болып табылады. Сондай-ақ, бизиң жергиликли халықлар арасында ушырасып туратуғын балалардың бас кийиминде бүркиттиң тырнағын, қараўымбеттиң шақпақ дузын, жыланның бас сүйегин ҳәм бақаншақларды тағыў, күдиретли күшке ийе деп айырым орынлардағы таў-тасларға сыйыныў ҳ.т.б. ерте дәўирлердеги фетешистлик көз-қараслардың қалдықлары болып табылады.

Тотемизм. «Тотем» сөзи – Арқа Америкада жасайтуғын индеецлердиң Ожибва қәўиминиң тилинен алынған болып «оның урыўы» деген мәнисти аңлатады. Тотемизм адамлар менен ҳайўанлар ҳәм өсимликлер арасында тәбияттан тыс туўысқанлық байланыс бар екенлигине исениў болады.

Тотемизм адамлардың белгили бир урыўлық-қәўимлик топарының улыўмалық ата-бабасы сыпатында ҳайўанлардың ямаса өсимликлердиң белгили түрин тән алыў, биз соннан тарқалғанбыз, деп есаплаў болып табылады. Тотем белгили бир адамлар топарының улыўмалық ата-бабалық басламасы сыпатында тәбияттан тыс күдиретли күшке ийе, ол усы адамлардың тәғдирин белгилейди, оларға жәрдем береди, - деген түсиникке тийкарланады. Тотемнен жәрдем алыў ушын адамлар оны ардақлаған, оған сыйынған ҳәм қурбанлық берген.

Тотемизмде әййемги заман адамының ҳайўанлардың ямаса өсимликлердиң белгили бир түрине ғәрезлилиги сәўлеленген. Олардың өмириниң сол ҳайўан ямаса өсимликке ғәрезлилиги оғада көтермеленген, ақыр аяғында, тотем деп жәрияланған, өзлерин сол тотем болған ҳайўан ямаса өсимликтен келип шыққан деп есаплаған.

Буныңдай пикирлер, мәселен, Австралия аборегенлериниң әпсаналарында ҳәзирде сақланған. Тетомизм дининиң идеялары берилген урыў ямаса қәўимниң бирлигин беккемлеўге және өзлерин басқалардан ажыратыўға себепкер болған. Биз бирмиз, өйткени, бир тотемнен келип шыққанбыз, – деген сезим урыў ағзаларының сана сезимине пүткиллей синдирилген. Тотемизм дининде адам өлгеннен кейин өз тотемине айналады ҳәм керисинше тотемнен инсан қайтадан пайда болады, – деген түсиниклер кеңнен орын алған. Тотемизм дининде белгили бир «табу», яғный қадаған етиў дизими қәлиплескен. Олардың ең баслысы, тотемди күнделикли аўқат сыпатында жеў қадаған етиледи. Тек ғана айырым диний байрамларда тотемнен күш-ғайрат алыў ушын руўханийлер ямаса қәўим баслықларына ғана оны жеў рухсат етилген. Тотемизм тарийхта оғада күшли бирлестириўшилик, тәртипке салыўшылық функциясын атқарған. Тотем сыпатында ҳәр қыйлы қәўимлерде ҳайўанлардың ҳәр қыйлы түрлери, мәселен, сыйыр, маймыл, пил, жолбарыс, ат, өгиз, жылан, ийт, қасқыр ҳ.т.б. қабыл етилген. Тотемизмниң қалдықлары ҳәзирги заманда көплеген халықлардың исенимлеринде сақланып келмекте. Мәселен, Ҳиндистанда

сыйыр, Австралияда кенгуру, қырғызларда ақ бөкен ҳ.т.б. Бизиң халықларымыз арасында таралған қара қус, жолбарыс, қарлығаш, қумыры, гүжим терек, байыўлы ҳ.т.б. ҳайўанлар және өсимликлердиң кийели екенлиги ҳаққындағы түсиниклер әййемги дәўирдеги тотемизмниң қалдықлары болып есапланады.

Магия. «Магия» грекше сөз болып, сыйқырлық дегенди аңлатады. Магия адамларды қоршаған дүньяға тәбияттан тыс тәсир етиў мүмкинлигине исениўге байланыслы әмелге асырылатуғын ҳәрекет болады. Тәбият қубылыслары алдында ҳәлсиз болған адамлар ол күшлерге қандайда бир жалыныў, қарғыслар, дуўалар, ритуаллық ойынлар, сүўретлер ҳ.т.б. арқалы тәсир етип, тәбият қубылысларын өзлериниң мақсетинде пайдаланыўға болмаспа екен деген пикирди ортаға қойып, соңынан усындай жол менен тәбиятқа, басқа адамларға, урыў-қәўимлерге тәсир етиўге болады, – деп исенген. Усындай жоллар менен магия дини қәлиплескен. Магияның бир қанша түрлери бар. Өндирислик (аңшылық, балықшылық, жыйнаўшылық ҳ.т.б.) магиясы ҳәр қыйлы сыйқырлық жол менен аңшылық, балықшылық, азық-аўқатқа керек болған өсимликлердиң тамырларын жыйнаўдың сәтли болыўы ушын әмелге асырылатуғын сыйқырлық ҳәрекетлердиң жыйындысы болады. Бул ҳәрекетлердиң көпшилигиниң көриниси әййемги адамлардың салған сүўретлеринде өз сәўлесин тапқан, бизге дейин жетип келген. Магияның басқа да түрлери белгили: мухаббат магиясы, емлеў магиясы, әскерий магия, душпанға зыян келтириў магиясы, метереологиялық магия, қорғаныў магиясы. Магияның элементлери ҳәзирги заманда да сақланып қалған, мәселен, барлық динлердеги қырәәт пенен дуўа оқыў (дуўалар аўызеки ҳәм жазбалар арқалы мухаббатқа ерисиўге умтылыў), диний сыйыныў ис-ҳәрекетлери, емлеў ҳәм тәбият қубылысларына тәсир етиў ушын исленетуғын ырым ҳәрекетлер, ҳәзирги экстрасенслердиң гейпара усыллары ҳ.т.б.

Анимизм. «Анимизм» дегени латынша «жан», «руўх» деген мәнислерди билдиреди. Анимизм адамлардың өзлерин қоршаған объектлердиң ҳәм

процесслердиң тәбияттан тыс руўхый жубайласы бар екенлигине исеним болып есапланады.

Анимизм дини аспан, қуяш, жер, ай, жамғыр, самал, гүлдирмама, көп жыллық ағашларға усаған тәбият қубылысларын илаҳийластырып, оларда жақсылық ямаса жаманлық келтириўи мүмкин болған қудиретли күш бар деп есапланған. Анығырақ айтқанда, бул динде тәбият қубылысларының руўхына сыйыныў кең орын алады.

Адамлардың өлмес қудиретли руўхый жаны бар, ол өлгеннен кейин адам денесинен шығып кетеди деп түсинилген ҳәм адамлар оларға тири, жасаўшы қубылыс сыпатында қараған, оларға тәсир етип, шадландырыў арқалы күнделикли проблемаларды шешиўде мәдет аламыз деп есаплаған.

Усы түсиниклерден келип шыға отырып, бул руўхларға қурбанлықлар берилген, олар ушын дуўалар оқылған ҳәм ҳәр қыйлы мәресимлер өткерилген. Анимизм бүгинги адамлардың күнделикли турмысында ҳәм диний исенимлеринде де жүзеге шығып келмекте. Мәселен, журтымыздағы жергиликли халықларда өлиге садақа ас-абат бериў, ийис шығарыў, өлгерлер туўралы тек ғана жақсы сөзлер айтыў, өлгенлердиң руўхы бәрҳама тири деп есаплаў, тәбият байлықларынан (жер, суў, газ, нефт, металл ҳ.т.б.) ақылға муўапық пайдаланбаўшылық гүнә деп есаплаўлар анимистлик көз-қараслардың көриниси десек болады.

Шаманизм. «Шаман» сөзи тунгуз тилинде сыйқыршы деген мәнисти аңлатады. Ол анимизмниң айрықша көриниси болып есапланады. Шаманлық (порханлық) профессионал руўханийлердиң адамлар менен руўхлар арасында байланыстырыўшылықты әмелге асыратуғын қандай да бир айрықша уқыпларының барлығына исениў тийкарында келип шығатуғын көз-қараслар ҳәм ҳәрекетлер жыйындысы болады. Шаманлық айрықша ритуалларды, ойынларды, қосықларды, дуўаларды айтыў, гипноздан пайдаланыў, оғада күшли психикалық ҳәўижлениўге – экстаз ҳалға келиў арқалы әмелге асады. Усындай жол менен шаманлар руўхлар менен байланысып адамлардың келешегин алдыннан көрип айтады, кеселлерден

қутқарады, аўдың сәтли болыўын тәмийинлейди, – деп исенилген. Шаманизм ҳәзирге шекем Азия, Африка, Америка, Австралия халықларының арасында таралған.

Шаманизм көплеген халықлар арасында таралып, олардың өзине тән өзгешеликлери болған. Шаманизм якутлар, алтайлылар, тувалылар, тунғыслар арасында кең тарқалған. Шаманизмниң өзине тән кийимлери ҳәм ритуаллары болған. Қазақларда олар бақсы деп аталған. Исламға шекем қарақалпақлар арасында кең тарқалған дин шаманизм болған, ол порханшылық деп жүритилген. Порханлар кеселлерди емлеў, туўмаған ҳаялларға перзент бериў, адамлардың тәғдиринен алдыннан айтыў усаған ислер менен шуғылланып, оны зикир салыў арқалы әмелге асырған. Порханшылық Қарақалпақстан аймағында ҳәзирги ўақытларда ушыраспайды.

Ҳәзирги дүньялық динлердиң барлығында шаманизмниң қалдықлары бар. Руўханийлар ритуаллық ҳәрекетлерди орынлағанда анимизм ҳәм шаманизмниң әмеллеринен пайдаланылады.

Урыўлық-қәўимлик динлердиң келип шығыўын адамлардың тек билимсизлигинен ҳәм ҳәлсизлигинен деп қарамаў керек, ал оны әйемги заман адамының өз турмысын белгили бир избе-изликке ҳәм тәртипке салыў, жәмийеттеги өз орнын ашық-айдын белгилеўге умтылыўының нәтийжеси деп қараған дурыс болады. Олар ата-бабаларымыздың турмыс тәризине ҳәм мәнаўиятына үлкен тәсир еткен, сонлықтан олардың қалдығы буннан кейинги динлерде ҳәм ҳәзирги заман турмыс тәризинде де сақланып қалған.

Миллий динлердиң саны баршылық, бирақ биз олардың гейпараларына тоқтап өтемиз.

3. Миллий динлер

Реже:

1. Миллий динлер ҳәм оларға тән белгилер.
2. Миллий динлер:

   а) Иудаизм

   б) Индуизм

   в) Конфуцийшилик

   г) Зардуштийлик

   д) Даосизм

Әдебиятлар:

1. Диншунослик. Маърузалар тўплами. Тошкент, 2000.
2. Диншунослик асослари. Т., «Ўзбекистон», 1995.
3. У.Жураев, Й.Саиджанов. «Дунё динлари тарихи». Т., «Шарқ», 1998.
4. Диншунослик асослари. Тошкент, 1999.
5. Мень А. «История религии». Москва, 1994.
6. Т.Акмуродов. «Дин ва хурфикрлилик». Т., «Ўқитувчи», 1995.

Иудаизм. Иудаизм еврейлердиң миллий дини. Бул дин бир қудайлық болып, оның қудайының аты Яхве. Ол дәслепки дәўирлерде Иуда қәўиминиң бас қудайы болған, соңын ала пүткил еврейлердиң қудайы деп қабыл етилген. Бул дин эрамыздан алдынғы 2000 жыллардың ақырында Палестинада қәлиплескен деп есапланады. Эрамыздан алдынғы X әсирлердиң басында патша турған әййемги еврей мәмлекети пайда болды. Усы дәўирде Яхве аспан патшасы деп жәрияланды ҳәм оның ҳүрметине Иерусалим храмы қурылды. Иерусалим руўханийлары диний идеяларды бес китаптан ибарат болған ҳәм Еврей халқына Яхве тәрепинен Муса пайғамбар арқалы берилген Тора («Нызам») атлы шығарманы жәриялады. Бунда адамлардың өмириниң қағыйда ҳәм нормалары берилген. Кейинирек Тора бир қанша диний шығармалар менен толықтырылған, ол Иудаизмниң

«кәраматлы жазыўы» – «Танах» ямаса «Әйййемги Ўәсият» деп аталды. Ол 39 китаптан турып, булар мифологиялық, философиялық, этикалық, лирикалық тарийхый мазмундағы шығармалар болып табылады. Бул китап эрамыздан алдынғы он үшинши әсирден тап екинши әсирге шекем дерлик мың жыл даўамында жазылған. Эрамыздың биринши әсиринде әйййемги Еврей мәмлекети қулады ҳәм Еврей халқы дүньяның ҳәр қыйлы жерлерде, яғный диаспора жасаўға мәжбүр болды. Ол жерлерде басында раввинлер турған диний уйымлар – синагоглар дүзилди. Мине усы диаспоралар жағдайына сай Тораға түсиндирмелер берилип, ол эрамыздың 3 әсириниң бас гезинде «Мишна» («Нызамның қайталаўы») аты менен жүзеге шықты. Тағы 3 әсирден кейин Мишнаға түсиндирмелер жазылып, ол «Гемара» («Толық түсиндириў») деп аталған. Мишна ҳәм Гемара бириктирилип «Талмуд» («Үйрениў») деп аталады. Еврейлердиң диний тәлийматының тийкары мине усы «Танаха» ҳәм «Талмуд»та баян етилген. Бул бойынша Яхве бирден бир жалғыз қудай болып дүньяны жоқтан дөреткен, ол ҳәзирде тәбият, жәмийет, инсанға тәсир етип турады. Иудейлик диний байрамлар ҳәм дуўалар Яхвеге бағышланады. Басқа қудайды мойынлаў ҳәм оған сыйыныў ең үлкен гүнә деп есапланады. Яхвеге исениўши адамларды қутқарыў ҳәм сақлап қалыў ушын мессияның-қудайдың ўәкилиниң келиўине исеним – бул диндеги айрықша қағыйдалардан бири болып табылады. Еврейлер ушын қутқарыўшы төмендеги ўазыйпаларды орынлайды:

1. Дүньяны реформалаў арқалы қайтадан қурыў.

2. Пүткил еврейлерди Синион (Иерусалим жанындағы төбешик) әтирапында топлаў.

3. Еврейлердиң барлық душпанларын жазалаў.

Иудаизм тәлийматында бейишке, дозаққа, ақырзаманның жақынласып киятырғанлығына, барлық өлгенлердиң қайта тирилетуғынлығына исеним айрықша орын ийелейди. Иудаизм еврейлерди қудайдың таңлаған сайланды халқы, – деп басқалардан жоқары қояды. Иудаизмде дәстүрлер майда-шүйдесине дейин ислеп шығылған. Тора ҳәм Талмудта еврейлерге 613

көрсетпе (365 қадаған етиў ҳәм 248 ўәсият) көрсетилген болып, булар динге исениўшилердиң өмирин, турмыс тәрзин, кийиниў ҳәм ишип-жеў тәртиплерин белгилейди. Иудаизм тәлийматының тийкарғы қағыйдалары Яхвениң Сина таўында пайғамбар Муса менен ушырасқанда оған билдирген мына 10 ўәсиятында жәмленген:

1. Яхведен басқаны қудай деп тән алмаслық.
2. Бут, идол ҳәм сүўретлерге сыйынбаўшылық.
3. Болар-болмасқа қудай аты менен ант ишпеслик.
4. Шемби күнин ҳүрмет етиў, оны қудай ушын арнаў.
5. Ата-ананы ҳүрмет етиў.
6. Гүнәсиз адамды өлтирмеў.
7. Бузықшылық қылмаў, аралас некеге кирмеў.
8. Урлық қылмаў.
9. Өтириктен гуўалық бермеўшилик.
10. Биреўдиң мал-мүлкине көз алайтырмаўшылық.

Иудаизм мәресимлеринде ибадат (сыйыныў), қудайдың өзи дем алған ҳәм еврейлер ушын дем алыс күни деп белгиленген шемби күнин белгилеў, диний ер жетиўди белгилеў ҳәм өлини жерлеў айрықша орын тутады ҳәм өзине тән өзгешеликлерге ийе. Еврейлерде ең тийкарғы байрам деп Песах (Пасха) есапланады. Сондай-ақ, Шабуат, Раш-Ашона, Йам-Кипур, Пурим байрамлары салтанатлы өткериледи.

Еврейлер Орайлық Азияға ерте дәўирлерде Иран арқалы эрамыздан алдынғы VII-V әсирлерде көшип келе баслады. 18 әсир басларында Орта Азияда болған сиясий өзгерислер нәтийжесинде Иран, Аўғаныстан, Хийўа, Қоқанд, Бухара жәмәәтлери болып бөлинип кетти. Ҳәзир Орта Азиядағы еврейлер Бухара еврейлери деп аталады, бирақ олардың көпшилиги Самарқандта жасайды. 1843-жылы олар Самарқандтың шығыс тәрепинен 2,5 га жер ажыратылып, бир пүтин мәҳәлле болып жасаў мүмкиншилигин алған.

Еврейлер қай жерде жасамасын Иудаизм динине, оның кәраматлы китабы Тора ҳәм Талмудқа садық болып қалған.

Индуизм

Ҳиндистан дүнья мәдениятында үлкен орны бар атақлы динлердиң ўатаны, олардың мәнисин дурыс түсиниў ушын дәслеп Ведалар ҳәм Брахманлық дининиң мәнисине тоқтап өтиў лазым. Эрамыздан алдынғы еки мыңыншы жыллардың орталарында Арқа тәрептен Памир таўларының етеклеринен арийлер (ақ сүйеклер) қәўимлери келген. Олар өзлериниң тилинде – санскрите жазылған Ведалар деп аталған муқаддес жазыўларды да алып келген. Ведалар (Санскрит тилинде – муқаддес билим) бир неше китаплардан ибарат болып, оларда исенимге, мәресимлерге байланыслы диний-философиялық ой-пикирлер баян етилген. Ведалар төмендеги төрт топламнан ибарат:

1. Ригведалар – мифологиялық ҳәм космологиялық мазмундағы ритуал қосықлардың жыйындысы.
2. Самаведалар – диний қосықларды айтыў ҳәм ритуалларды орынлаў бойынша көрсетпелер жыйнағы.
3. Яджурведалар – қурбанлық бериў бойынша қағыйдалар жыйнағы.
4. Атхарваведалар – сыйқырлық дуўалары ҳәм қағыйдалары топламы.

Ведаларда оғада көп қудайлардың атлары ҳәм оларға арналған қосықлар берилген. Олардың ең атақлылары Индра, Варуна, Митра, Диаус, Адита, Агню, Вишну, Кришна. Ведалар әсирлер даўамында өзгерместен сақланып, санскрит тилинде консервацияланып келмекте. Ол Ҳиндистанның барлық динлериниң теориялық негизи болып есапланады.

Эрамыздан алдынғы биринши мың жыллыққа келип арий қәўимлери Индияда үстинликке ийе болады. Ведалар тийкарында бурынғы диний тәлийматлар өзгертилип брахманизм динине тийкар салынды. Брахманизм

тәлийматы халықтың төрт кастаға бөлиниўи ҳаққындағы қағыйданы биринши орынға қойды:

1. Брахманлар – ең жоқары каста – руўханийлар, олар қудайдың тилинен жаратылған. Қудайдың атынан сөйлеўге ҳақылары бар.
2. Кшатрийлер – патшалар, князлар, әскербасшылар, олар қудайдың қолынан жаратылған.
3. Вайшьялар – булар саўдагерлер ҳәм өнерментлер, олар қудайдың санынан жаратылған.
4. Шудралар – булар әпиўайы халық, дийқанлар, олар қудайдың аяғынан жаратылған.

Кастаға бөлиниўшилик эрамыздан алдынғы V әсирде жасаған Ҳиндистан ҳүкимдары Ману нызамларында тағы да беккемленеди. Ҳиндистанда эрамыздан алдынғы VI әсирде дүньялық динлердиң бири болған буддизм қәлиплести. Буддизм брахманизмниң көп қағыйдаларын өз ишине алғаны менен, касталық бөлиниўшиликти жоқ етиўди ўазыйпа етип қойды. Усы мәселе бойынша брахманизм менен буддизм арасында кескин гүрес пайда болды. Әсиресе брахманлар өзлериниң жоқары дәрежеде орынларынан ажыралып қалғысы келмеди. Брахманизм динин дәўир талабына масластырыў ушын диний реформа әмелге асырылды. Биринши мың жыллықтың басларында мине усы процессте жаңа дин – Индуизм дини қәлиплести. 500 жыллардан кейин ол мәмлекетлик динге айналды, тағы 500 жыллардан кейин Ҳиндистан халқының миллий динине айналды. Ҳәзир Ҳиндистан халқының 85% усы динге ибадат қылады.

Индуизмниң бас қудайы Брахма болып, ол пүткил әлемди ҳәм инсанларды, өли ҳәм тири тәбиятты, инсанлар жасаў тәризин жаратқан. Бирақ ис жүзинде дерлик ҳеш ким Брахмаға сыйынбаған. Ҳиндулар тийкарынан Вишна ҳәм Шива қудайларына сыйынады. Соған байланыслы Индуизм еки ағымнан – вишнуизм ҳәм шиваизмнен турады. Вишну әлемди басқарады, адамзаттың басына қәўип туўғанда, оны қутқарыў ушын жерге түседи, соның ушын да ол әлемниң қорғаўшысы деген атқа ийе. Вишну

ўақты-ўақты ҳәр қыйлы түрде жерде пайда болып турады. Вишнудың оныншы аватарасы будда деп есапланады.

Шива қыйратыўшылық қудайы, оған бәрҳама жаўыз руўхлар ҳәм дәўлер жолдас болып жүреди. Шиваизм менен тиккелей байланыслы ағым шактизм болып, бунда дөретиўшилик энергияға ийе болған әйел қудайларға (Махашақты, Деви, Парварти ҳ.т.б.) сыйыныў тийкарғы орын алады.

Индуизмде төмендеги идеялар баслы орынды ийелейди:

1. Дихарма ҳаққында тәлиймат. Дихарма диний шаңарақлық, жәмийетлик көрсетпелерди орынлаў деген мәнисти билдирип, адамлардың жасаў тәризиниң баслы нызамы деп есапланады. Бул тәлиймат бойынша кастаға бөлиниўшилик мәңги, ҳәр бир кастаның өзине тән жасаў тәрзи ҳәм оның талаплары бар, оны бузыўға ҳешкимниң ҳаққысы жоқ. Дихарманы орынлаў арқалы инсан Брахма, дүньялық руўх пенен биригеди. Бул ҳәр бир адамның өмириниң мәнис-мақсети болып есапланады.

2. Сансара ҳаққында тәлиймат. Сансара сөзи санскриттен аўдарғанда гезип жүриўши деген мәнисти билдиреди. Бул тәлиймат бойынша жан руўх өлмейди, гезип жүреди, ол қайтадан туўылады. Қандай болып қайта туўылыў сол адамның бул дүньядағы ислеген ислерине, әдеп-икрамлылығына байланыслы болады. Егер ол драхма нызамларын булжытпастан орынлап, жақсы ислерди ислеген болса, енди қайта туўылғанда жоқары басқышқа көтерилиўи мүмкин. Мәселен, шудра болса, ендиги туўылғанда вайшилер ямаса кшатрийлер болып туўылыўы мүмкин. Жаман ислер ислегенлер төменги қатламға өтип кетиўи мүмкин, ҳәтте жеркенишли ҳайўан түринде дүньяға келиўи мүмкин. Бул процесс Карма нызамы бойынша әмелге асады. Турмыстағы барлық қыйыншылықлар драхманы бузғанлықтан болады. Бул динде бейиш ҳәм дузақ түсиниклери бар. Әлем цикллик тәризде қайталанып турады.

Конфуцийшилик

Конфуцийшилик философиялық тәлиймат сыпатында Қытайда эрамыздан алдынғы VI-V әсирлерде пайда болған. Оның тийкарын салыў өз

дәўириниң уллы ойшыл философы ҳәм мәмлекетлик ғайраткери Кун-Цзи болып, кейин ала ол тарийхқа Конфуций (эрамыздан алдынғы 551-479) аты менен кирген. Эрамыздың бас гезинде Конфуций тәлийматы динге айналған, ал Конфуцийдиң өзи тәбияттан тыс күдиретли күш ҳәм қәсийетлерге ийе адам сыпатында илаҳийластырылған.

Конфуцийшилик дининиң тийкарғы идеялары «Лунг-Юй» («Гүрриңлер ҳәм пикирлер») атлы китапта баян етилген. Конфуцийшилик дининиң муқаддес китаплары «Си-Шу» («Төрт китап») ҳәм «У-Цзин» («Бес китап»)лар болып есапланады. «Төрт китап» мыналар: 1. «Да Сюс» (уллы тәлиймат); 2. «Чжун-Юн» (аралық, орталық ҳаққында китап); 3. «Лун-Юн» (ҳикметлер, сөзлер китабы); 4. «Мэн-Цзи» (Конфуцийдиң шәкиртлеринен бири Мэн-Цзидиң тәлийматы); «У-Цзин» өз ишине мына 5 китапты алады: 1. «И-Цзин» (өзгерислер китабы, сыйқырлық, дуўалар китабы); 2. «Шу-Цзин» (әййемги тарийх, әпсаналық императорлық тарийхы); 3. «Ши-Цзин» (қосық айтыў китабы, әййемги поэзия топламы); 4. «Ли-Цзи» (мәресимлер китабы); 5. «Чун-Цю» (Бәҳәр ҳәм гүз китабы).

Конфуцийдиң тәлийматында дүньяға көз-қарас мәселесинде мораллық-этикалық, әдеп-икрамлылыққа тийисли машқалалар тийкарынан биринши орында турады. Бул айрықшалық конфуцийшилик дининде өз көринисин тапқан. Соның ушында айырым алымлар конфуцийшиликти дин емес, ал әдеп-икрамлылық философиясы бойынша тәлиймат деп те есаплайды. Конфуцийшиликте «Аспан – ең уллы бас қудай», – деп есапланады. Аспан усының менен бирге ақыллылықтың ҳәм әдеплиликтиң көриниси. Қытай мәмлекети Аспан астындағы ел, ол дүньялық цивилизацияның шыңы деп, ал Қытай ҳүкимдарлары Аспанның улары деп илаҳийластырылады.

Инсанның тәғдирин Аспан белгилейди. Бул динде инсан, оның мәниси ҳәм келбети мәселеси орайлық орынды ийелейди. Ҳәр бир адам жетикликке, яғный идеал инсан болыўға умтылыўы керек. Идеал инсанның биринши белгиси инсанпәрўарлық болып, оның нызамлары – «Жень» Аспан тәрепинен белгиленип адамлар арасында жиберилген. Адамлар әдеп-икрамлылық

нормаларын («Ли») орынлаўы шәрт. Инсанпәрўарлықтың белгиси адамгершилик, рейим-шәпәәтлылық, әдалатлылық, садықлық, ҳадаллық, басқаларға мийрим-шәпәәтлилик, иззет-ҳүрметлер болып есапланады.

Идеал инсанның екинши белгиси өз миннетин түсиниўи, яғный билимге умтылыўы, өткен әўладлар мийрасына садық болыўы ҳәм оны ҳүрмет етиўи болады.

Конфуцийшиликте жәмийетлик турақлылық идеясы қатаң түрде ортаға қойылған. «Патша – патша болыўы, пуқара – пуқара болыўы, ата – ата болыўы, бала – бала болыўы дәркар», – деген қағыйда Конфуцийдиң өзинен қалған. Конфуцийшиликте мәмлекетти басқарыўда императордың роли, оның қудайдан ўәкалат алып ис жүритетуғынлығы, әмелдарларды тек ғана уқыпларына ҳәм әдеп-икрамлылығына қарап белгилеў кереклиги ҳаққында терең пикирлер айтылған.

Конфуцийшиликте диний мәресимлер ҳәм үрип-әдетлердиң қурамалы системасы бар болып, оларды орынлаў қатаң талап етиледи. Әзелден киятырған дәстүрлер ҳәм мәресимлер бул динде оғада беккемленген ҳәм нызамластырылған. Әсиресе, ата-бабалар руўхына сыйыныў оғада жоқары дәрежеде қойылған.

Конфуцийшиликте айрықша руўханийлер жоқ. Диний үрип-әдетлер ҳәм мәресимлер шаңарақ ҳәм урыў басшылары басшылығында орынланған, жақын ўақытларға шекем бул ўазыйпаны мәмлекетлик әмелдарлар орынлап келген. Соның ушын, әмелдарлар конфуцийшиликтиң тийкарларын тыянақлы билиўи шәрт болған.

Конфуцийшилик тәлийматында адамлар арасындағы қатнаслар 5 топарға бөлинип баян етиледи. Олар мәмлекет баслығы ҳәм әмелдарлар, ата-аналар ҳәм перзентлер, ер менен ҳаял, аға-инилер, дослар арасындағы қатнасықлардан ибарат.

Ата-аналар өз перзентлерине конфуцийшиликти үйретиўлери шәрт, бул ушын ҳәр бир үйде ибадатхананың болыўы талап етилген. Ал, өз гезегинде перзентлердиң ата-аналары алдында ўазыйпаларын орынлаўы, яғный оларды

ҳүрмет етиўи, ең сүйкимли аўқатларды әкелип бериўи, аўырған ўақытлары терең қайғырыўы, егер қайтыс болса шын жүректен аза тутыўы ҳәм ата-аналарының руўхына бағышлап қурбанлықлар берип турыўы лазым.

Мәресимлердиң инсан ҳәм жәмийет өмириндеги әҳмийети туўралы конфуцийшиликтиң муқаддес китабында төмендеги сөзлер жазылған: әййемги жәрия етилген мәресимлер сақланбайтуғын ямаса олар бийкарланатуғын болса, онда ҳәмме нәрсе араласып кетеди, изден шығады. Неке мәресимин жоқ қылып көриң, онда шаңарақ болмайды, буның менен байланыслы үлкен-үлкен жынаятларға жол ашылады. Жерлеў ҳәм қурбанлық қылыў мәресимин жоқ қылып көриң, онда перзентлер дүньядан өткен ата-аналарының қәтийреси туўралы ойламай, тирилерге болса ҳүрмет етпей қояды. Пин-цзин мәресимин жоқ қылып көриң, онда патша менен әмелдарлар ортасындағы парық жоқ болып кетеди. Киши-киши патшасымақлар өз бетиншелик қыла баслайды, нәтийжеде қуўдалаўшылық ҳәм зорлық-зомбылық басланады.

Конфуцийшилик дини Қытай халқының өмиринде үлкен тәрбиялық роль атқарған. Әўладлардың өз-ара избе-изликте раўажланыўына жол ашқан, ҳәзирде конфуцийшилик дини Қытайда кеңнен тарқалған ҳәм жәмийетлик турмыста гиреўли орны бар.

Даосизм

Даосизм философиялық тәлиймат болып, эрамыздан алдынғы VI-V әсирлерде Қытайда қәлиплескен. Соңын ала эрамыздың екинши әсиринде динге айланған. Даосизмниң идеялары оның тийкарын салыўшы Лао-Цзыдиң «Дао-дэ-цзын» атлы китабында баян етилген. Кейиринек ол китап «Лао-Цзы» деп аталған ҳәм ол муқаддес китапқа айналтырылған. Даосизм тәлийматында тийкарғы түсиник «дао» болып, оның сөзлик аўдармасы «жол» дегенди аңлатады. «Дао» дәслеп барлық затлардың анасы, баслы себепшиси деп түсинилген. Бул жол менен пүткил әлем ҳәм ҳәр бир инсан жүриўи лазым деп белгиленген, ол ҳәр бир адамның жасаў усылы ҳәм өмириниң мәниси деп

есапланған. «Дао» түсиниги аспан қудайы түсинигине жақын келеди. Ҳәр бир инсан Даоны билиўге, оның менен биригиўге умтылыўы лазым. Егер Дао дүньясы уллы мәңгилик макрокосмос болса, инсан киши дүнья – микрокосмос болады. Адам өлгеннен кейин инсан руўхы Дао менен биригеди. Инсан тири гезинде биригиўге умтылыўы тийис. Даосизмде үшлик қудай түсиниги бар: Пагну дүньяның дөретиўшиси, Шанди аспан қудайы ҳәм императорлардың әкеси. Даосизмде реаль инсан – Лао-цзы қудай деп жәрияланған. Даосизмде сыйыныў үйлери – ибадатханалар, руўханийлар бар. Руўханийларға шаңарақ қурыўға рухсат етиледи. Сондай-ақ, манахлық өмир сүриў ҳәм аскетизмде нәсиятланады. V әсирге келип даосизм рәсмий мәмлекетлик динге айналған, онда ҳәр түрли секталар пайда болған. Лао-цзыдиң пикиринше, дүньяда 4 уллы нәрсе бар: Дао уллы, Аспан уллы, жер уллы, патша уллы. Демек, патша да уллы, муқаддес. Патшаның әкеси бас қудай Шанди. Соның ушын да, даосизм Қытайдың рәсмий басшылары тәрепинен қоллап-қуўатланған. Инсан бәрҳама өзин жетилистирип барыў, узақ өмир көриў ушын периз тутыўы, дене шыныығыўларды орынлаўы, өзиндеги жаўыз руўхларды руўханийлер жәрдеминде айдап шығарыў лазым.

VII-XVII әсирлерде Қытай императорлары даосизм тәлийматына оғада жоқары дыққат аўдарған, өзлерин Лао-Цзы әўладлары деп есаплаған, өз ата-бабаларын Лао-Цзы храмларында ядқа алған, Лао-Цзыға Уллы дәрежели биринши император ҳүрметли атағын берген. Даосизм ҳәзирде Қытай халқының турмысында мәнаўий-тәрбиялық роль атқармақта.

Синтоизм

Синтоизм япон халқының миллий дини болып VI-VII әсирлерде қәлиплескен. Буддизм японларға тарала баслаған ўақытта, оның еле анық аты болмаған. Буддизмниң кирип келиў дәўирлеринен баслап японлардың миллий дини «Кэми-номитий» деп атала баслаған. Бул атаманың сөзлик мазмуны «қудай жолы» деген мәнисти билдиреди ҳәм японша «синто» деп айтылады. Орта әсирлерге келип Японияда синто-Будда қос ибадатханалар

жүзеге шыға баслады. Японияда буддизм ибадатханалары синтоизм қудайларының сүўретлери менен, ал өз гезегинде синтоизм ибадатханалары Будда қудайларының сүўретлери менен толықтырылған, ҳәтте IX әсирде бул еки динди бириктириў идеясы жүзеге шыққан, бирақ ол әмелге аспаған. 1867-1868 жыллардан кейин Япония мәмлекетиниң турмысында императорлардың ролиниң артыўына байланыслы синтоизм мәмлекетлик дин дәрежесине көтерилген. Бирақ, буддизмди пүткиллей қадаған етиўге урыныўлар әмелге аспады. 1869-жылы Японияда диний исеним еркинлиги жәрияланды. Синтоизмниң тийкарғы идеялары аңызлар тийкарында қәлиплескен. «Кодзики» (Әййемги ислер ҳаққында жазыўлар) атлы китапта баян етилген. Синтоистлер тийкарынан көп қудайлар ҳәм руўхлардың барлығына исенеди ҳәм оларға сыйынады. Синтоистлик қудайлардың пантеонында Қуяш қудайы Аматэрасыў баслы орынды ийелейди, ол патшалық етиўши япон императорларының баслаўшысы, япон миллетиниң ғамхоршысы, - деп есапланады. Бул динге японлардан басқа миллетлердиң сыйыныўына рухсат етилмейди. Японлар синто бойынша императорға қудайға сыйынғандай сыйынады. Соның ушын синтоизм қудайларының пантеонында япон императорларына да орын берилген. Синтоизмде муқаддес орынлардың қатарына император сарайы, императорлардың қәбири, таўлар, бәринен бурын Фудзияма вулканы ҳ.т.б. киргизилген. Синтоизм руўханийлары каннушлар деп аталады. Олар өз лаўазымларын балаларына мийрас етип қалдырады. Каннушлар руўханийлық ислери менен бир қатарда қандайда лаўазымда да ислейди. Синтоизм буддизмнен диний мәресимлерди орынлаўдағы оғада әпиўайылығы менен ажыралып турады. Синтоистлик мәресимлер ҳәр қыйлы дуўаларды оқыў, сондай-ақ, гүриш, балық, палыз егинлериниң жемислерин қурбанлық қылыўдан ибарат. Синтоизмдеги айрықша әпиўайылылықтың көринислеринен бири каннушлар басқа адамлар ушын да диний мәресимлерди орынлай береди. Синтоизмде тазалық мәселесине оғада әҳмийет берилген. Таза болмаған исти ислеген адам пәклениў мәресимин орынлаўы керек, бул мәресим жылына еки

мәртебе 30-июнь ҳәм 31-декабрьде өткериледи. Императорға сыйыныў – синтоизмниң ең баслы талабы болып есапланады. Ҳәзирги дәўирде японлардың ярымынан көбиреги синтоизм менен бир қатарда буддизмге де сыйынады. Турмыслық дәстүрлер – нәрестеге дуўа оқыў, неке ҳ.т.б.лар синтоизм ибадатханасында, ал өлини жерлеў, марҳумды еске түсириў дәстүрлери буддизм ибадатханасында өткериледи. Көбине синтоизм мәресимлери қызықарлы тамаша, кеўил хошлық қуралы сыпатында белгиленеди. Бул динде ол дүньяға қызығыўшылық оғада кем. 1945-жылы синтоизм дини мәмлекеттен ажыратылды. 1946-жылы 1-январьда император өзиниң ҳәкимиятының илаҳий екенлиги ҳәм япон халқының басқалардан үстинлиги ҳаққындағы идеялардан бас тартты.

Синтоизм дини япон халқының өмиринде бүгинги күнде де күшли дүньяға көз-қараслық әҳмийетке ийе болып қалмақта.

Тәкирарлаў ушын сораўлар:

1. Динниң қандай әййемги формаларын билесиз?
2. Фетишизм, тотемизм динниң көринислери қалайынша?
3. Анимизм, магия қандай исенимге тийкарланады?
4. Иудаизм дини қашан пайда болды ҳәм муқаддес китабы не?
5. Брахманизм жәмийетти қандай қатламларға бөлген?
6. Индуизм тәлийматы нелерден ибарат?
7. Конфуцийшилик ҳәм даосизмниң Қытай халқының турмысындағы орны ҳәм тәлийматлары қандай?
8. Синтоизм дининиң япон халқының жәмийетлик турмысындағы орнын түсиндириң.

Таяныш сөзлер:

Шаман, магия, тотем, фетешизм, миф, тора, Талмуд, Песах, синагога, Израил, сионизм, ессейлер, Садукийлер, Веда, Каста, Брахман, Дао, Конфуций.

4-тема. Зардуштийлик дини

Реже:

1. Зардуштийлик дининиң пайда болыўы ҳәм таралыўы.
2. «Авесто» – Зардуштийлик дининиң муқаддес китабы.
3. Зардуштийликтиң диний-философиялық тәлийматы, ондағы инсанның руўхый келбети, тәрбиясы ҳәм үрип-әдетлери ҳаққындағы идеялар.

Әдебиятлар:

1. И.Каримов. «Истиқлол ва маънавият». Т., «Ўзбекистон», 1994.
2. И.Каримов. «Тарихий хотирасиз келажак йўқ». Т., «Ўзбекистон», 1998.
3. И.Каримов. Ургенч.
4. Жураев У., Саиджанов Й. «Дунё динлари тарихи». Т., «Шарқ», 1998.
5. «Диншунослик асослари». Т., «Ўзбекистон», 1995.
6. «Диншунослик». Т., 2000.
7. «Ватан тарихи». Т., «Ўқитувчи», 1997.

Зардуштийлик дини бизиң эрамыздан алдынғы II-I мыңыншы жыллардың бас гезинде Орайлық Азияда пайда болған. Бул урыўлық-қәўимлик қатнасықлар жәмийетлик раўажланыўға тосыққа айланып, жәмийеттиң жаңа басқышқа көтерилиўи зәрүрликке айналған дәўир еди. Анығырақ айтқанда, ҳәр түрли урыў ҳәм қәўимлерди бирлестиретуғын орайласқан мәмлекетшиликке ийе болыў талабы күн тәртибине қойылған еди. Бурынғы көшпенши қәўимлердиң дийқаншылық, шаруўашылық ҳәм өнерментшилик пенен шуғылланып отырықшы жасаў тәризине өте баслаўы,

усыған байланыслы абаданласқан аўыл қалалардың пайда бола баслаўы бул талапты оғада күшейтти. Бир пүтин мәмлекетке қәўим ҳәм халықларды бирлестириўге хызмет ететуғын жаңа идеология зәрүр еди. Бул зәрүрликти ҳәммеден көре жақсырақ түсинген адам бизиң ўатанласымыз Зардушт Спитома болды. Оның ойынша бул ўазыйпаны барлық урыў ҳәм қәўимлер тәрепинен қабыл етилген бир қудайлыққа тийкарланған жаңа дин ғана атқарыўы мүмкин. Усындай динди дөретиўге Зардушт пүткил өмирин жумсаған. Зардушт 40 жасқа толған ўақытлары өзиниң аты менен аталатуғын зардуштийлик динин қәлиплестирди ҳәм оны халық арасында үгит-нәсиятлаў басланды. Бул динниң тийкарғы идеялары Зардушт тәрепинен дөретилген жаңа динниң муқаддес китабы «Авесто»да баянланады. Президентимиз Ислам Каримов бул китапқа баҳа берип былай деген еди: «Бул әжайып китап буннан XXX әсир бурын еки дәрья аралығында мине усы үлкен өмир сүрген ата-бабаларымыздың бизге қалдырған руўхый мийрасы болып есапланады. «Авесто» сол заманда бул үлкеде уллы мәмлекет, уллы руўхыйлық, уллы мәденият болғанлығынан гуўалық бериўши тарийхый ҳүжжет болып, буны ҳеш ким бийкар ете алмайды».

Зардуштийлик дүньядағы биринши дүньялық дин, сыйынатуғын бир қудайы кәраматлы «Авесто» атлы китабы, пайғамбары, сыйыныў үйлери, руўханийлары бар болған ең әййемги диний система деп атасақ дурыс болады. Алымлардың «Авесто» текстин изертлеўлери ҳәм археологиялық мағлыўматлар бойынша бул китап Хорезм журтында жаратылған, оның ҳақыйқат ўатаны Хорезм екенлигине ҳеш қандай гуман жоқ, болыўы да мүмкин емес. «Авесто»да атап көрсетилген Ахурамазда жаратқан 16 мәмлекеттиң тоғызы Орайлық Азияда екенлигин айрықша айтып өтиў де орынлы. Пикиримиздиң тағы бир жарқын дәлили тек Зардуштийликке тән болған марҳумды айрықша ыдыслар – оссуарийларға салыў арқалы көмиў фактлери де археологлардың изертлеўинше тийкарынан Орайлық Азияда таралған. Сондай-ақ, «Авесто»да биринши муқаддес от – Атархурра Эрен-вежде (Хорезмде) жағылды делингенин де ядтан шығармаў керек.

«Авесто»ны китап ҳалында биринши рет баян еткен Зардушт пайғамбар (эрамызға шекемги 589-512) Шығыстың биринши философы, тәбиятты изертлеўшиси, ораторы, шайыры, халықтың данышпан ойшылы болған. Ол көп қудайлық идеясына, отқа, тәбияттың стихиялық қубылысларына илаҳий күш сыпатында сыйыныўға, үрип-әдетлерди орынлаўда көп ысырапкершиликке жол қойыўға наразы болған. Қәўим ҳәм урыўлар арасында урыс жәнжеллерге қарсы шыққан, бул урыс-жәнжеллердиң баслы себеплеринен бири көп қудайлық, оларға орынсыз қурбанлықлар шалыў екенин дурыс түсинген. Аўылма-аўыл, қалама-қала жүрип жалғыз қудай – Ахурамазда идеясын нәсиятлаған ҳәм халықтың исенимине ерискен.

Бирақ, ески жәмийетлик тәртиплердиң ҳәм диний исенимлердиң тәрепдарлары Зардуштке қарсы ашық гүреске өте баслады. Сонлықтан өзиниң өмирине ҳәм семьясына түскен қәўиптен қашып Хорезмнен Иранға кетиўге мәжбүр болды.

Беруний ҳәм Фердаўсийлардың жазып қалдырыўларынша Зардушт өзиниң идеяларын патша Вишстаспқа баян еткен ҳәм оның исенимине ерискен. Вишстасптың пәрманы бойынша 1200 баптан ибарат «Авесто»ны алтын тахташаларға жазған, соңынан бул жазыўлар 12000 қарамалдың терисине алтын ҳәриплер менен көширилген.

«Авесто» сөзи бизиң тилимизге аўдарғанда «қатаң түрде орнатылған нызам-қағыйдалар» дегенди билдиреди. Бул дин бойынша «Авесто» уллы қудай Ахурамазданың Зардушт пайғамбар арқалы адамларға жиберген сөзи. Зардушт пайғамбар 77 жасында көп қудайлылық дининиң ўәкиллери тәрепинен өлтирилген. Кейин ала оның шәкиртлери «Авесто»ны 21 китап түрине келтирген.

Берунийдиң «Өткен әўладлардан қалған естеликлер» атлы мийнетинде көрсетилиўинше Александр Македонский «Авесто»ны өртетип жиберген. Себеби бизиң журтымызда толық өзине ғәрезли етиў ушын ҳәрекетлерде халқымыздың уллы руўхый байлығы болған «Авесто»ның греклерге үлкен қәтер туўғызатуғынлығын түсинген. Греклердиң ҳәкимшилиги

ҳәлсирегеннен кейин эрамыздан алдынғы 250 жыллардан баслап «Авесто»ны қайта тиклеў басланған ҳәм бул ис Сасанийлер үстемлиги дәўиринде эрамыздың III әсиринде ақыран жеткерилген. Араб басқыншылары зардуштийлик динин қатаң қуўдалаған, соның нәтийжесинде бул динге исениўшилердиң бир топары Индияға қашып кеткен. Олардың әўладлары ҳәзирде Индияда жасап, зардуштийликти ҳәм «Авесто»ның ¼ бөлегин аман сақлап қалған. Ол ҳәзир Бомбейдеги Кама Шығыстаныў музейинде сақланбақта. XVIII әсирде Европада «Авесто»ға қызығыўшылық оғада күшейген, англичан, француз алымлары Индияға барып «Авесто»дан нусқалар алып келген. Француз алымы Дюпперон 1771-жылы «Авесто»ның тийкарғы текстин ҳәм онын аўдармасын китап түринде басып шығарған.

«Авесто» қайта тикленгенинде 4 китап ҳалында («Ясна», «Яшт», «Видевдад», «Виспарад») баян етилген, олардың үшеўи әййемги «Авесто» тилинде, ал биреўи Иран халқының пахлавий тилинде жазылған. «Авесто» текстлерин аўдарыўда ҳәм изертлеўде, сөйтип оларды кең жәмәәтшиликке жеткериўде Ф.К.Гельднер, И.М.Стеблинкаменский, И.Искаков, Х.Ҳамидий, А.Маҳкам ҳәм басқалардың мийнети айрықша. Сондай-ақ, Қарақалпақстанлы алымлардан М.Мамбетуллаев ҳәм басқалар Зардуштийлик дини ҳәм «Авесто» дәўирин археологиялық изертлеўлерге салмақлы үлес қосты.

Зардушт өлгеннен кейин шама менен жүз жыллардан кейин «Киши Авесто» дөретилген, онда Иран ҳүкимдарларының идеологиясына муўапық зардуштийлик көп қудайлық ҳәм бир қудайлықтың араласпасына айлантырып жиберилген.

Гейпара әдебиятларда Зардушт пайғамбардың динин «отқа табыныўшылық» ямаса арабша «мәъжусийлик» деп атайды. Әлбетте, от жергиликли халықтың өмири ушын оғада зәрүр болып, онысыз күн көриў қыйын болған. Сол себептен от муқаддеслестирилип, оған әййемги заманда-ақ адамлар сыйынған. Зардуштийликте от тазаланыў, қудайға сыйыныў белгиси, қуралы сыпатында қаралады. Зардуштийликтиң өзине тән өзгешелиги соннан ибарат Қуяш, от, нур жалғыз қудай – Ахурамаздаға

сыйыныўдың қуралы ролин атқарған. «Авесто»да от ҳәм Қуяш – Ахурамазданың перзентлери болып есапланады» деп атап көрсетилген. Китаптың ҳеш бир жеринде «отқа табыныўшылық» сөзи ушыраспайды, «биз маздаға табыныўшылармыз» деген сөз қайта қайта айтылады. Соның ушын да биз белгили алым Х.Ҳамидийдиң «отқа табыныўшылық» ҳәм «мәъжусийлик» терминлеринен бас тартып, Зардушт пайғамбар тийкарланған динди белгилеў ушын «Маздаға табыныўшылық» ҳәм «Зардуштийлик» сөзлерин қолланғанымыз тарийхый-илимий шынлыққа жақынырақ болады деген пикирине қосыламыз.

«Авесто»да Зардуштқа дейин қәлиплескен халықлық мифология ҳәм аңызлар кеңнен орын алған, сол замандағы үрип-әдетлер, исеним, диний қирәәт пенен оқылатуғын аятлар ҳәм диний мәресимлерде атқарылатуғын қосықлар берилген. Халық арасында кеңнен тарқалған мифологиялық образлардан Жамшид, Қаюмарс, Митра, Анахита, Ардивиссура ҳ.т.б. китапта өз сәўлесин тапқан. «Авесто» мифологиясындағы космологиялық пикирлер бойынша дәслеп Жер, Қуяш, планеталар, жулдызлар еле жоқ, ол тек ғана шексиз шегарасыз ўақыт – Зрувана ақарапа еди. Оның ишинде әзелден мәңгилик Ахурамазда бар болып, ол дәслеп усы дүньяда келешекте болатуғын барлық нәрселердиң руўхларын дөретти. Усы мәңгилик ўақыт ишинде қараңғылық дүньясы да болып, онда жаўызлық руўхы болған Ахурамайну (Ахриман) да бар еди. Ол Ахурамазда жаратқан руўхый дүнья менен келисе алмайды, олар арасында кескин гүрес келип шығады. Бул гүрес жақсылық ҳәм жаўызлық, тиришилик ҳәм өлим, жәмийетлик турмыста әдалатлылық ҳәм нызамсызлық ортасында гүрес сыпатында көринеди. Ахурамазда жақсылыққа, ал Ахриман адамларды жаманлыққа баслайды. Бул мәңги гүресте бослық болған аралық жоқ, ҳәр бир инсан я ол, я бул тәрептен турып гүреске қатнасыўға мәжбүр. Ахурамазда басқарған күшлер ақырғы есапта жеңип шығады. Бул ушын адамлар Ахурамазда дөреткен қағыйдаларға, тәртиплерге, ол жиберген үгит-нәсиятларға әмел қылыўлары керек. «Авесто»да әлем қарама-қарсылықлар бирлигинен ҳәм олар

арасындағы гүрестен турады, бул гүресте әдиўли, әдалатлы, инсан сүйгиш күшлер жеңип шығады, - деген терең философиялық, диалектикалық идеяның алға сүрилгенлигин айрықша атап өтиў лазым.

Демек, Зардуштийлик дини бойынша пүткил әлемдеги нәрселердиң, өли ҳәм тири тәбияттың жаратыўшысы бирден бир жалғыз қудай Ахурамазда. Ол дүньядағы барлық ўақыяларды билип ҳәм басқарып турады. Ол мәңги жасайды, оның ҳаялы да, перзентлери де жоқ. Ол әдиўли ҳәм унамлы, әдалатлы ислердиң қорғаўшысы, жаманлықтың душпаны. Ахурамазда мәңги жасайтуғын периштелер-жәрдемшилер арқалы әлемди басқарып отырады. Зардуштийлик бойынша дүнья 12 мың жыллық тарийхқа ийе болып, ол ҳәр қайсысы 3 мың жылдан туратуғын төрт дәўирге бөлинеди. Олардың ***биринши*** ҳеш қандай нәрсе – идеяда болмаған дәўир. Бул дәўирде кейинирек пайда болатуғын нәрселердиң белгилери болған. ***Екинши дәўирде,*** Ахурамазда аспанда аспанды, жулдызларды, айды, Қуяшты, биринши адамды ҳәм биринши өгизди жаратқан. «Авесто» бойынша басқа планета ҳәм косметаларды жаўызлық руўхы Ахриман жаратқан. Соның ушын олар ҳәр қыйлы апатшылықлардың себепкери болады. Биринши адамнан еркек ҳәм ҳаял туўылады, олардан адамзат тарқалады.

Биринши өгизден ҳайўанат дүньясы келип шығады. Қарама-қарсы басламалардың соқлығысыўы нәтийжесинде дүньяның ҳәрекетке келиўи пайда болады, ағын суўлар, таўлар келип шығады.

Үшинши дәўир Ийим (пайғамбар) патшалық еткен дәўирде кеселлик, өлим, қатаң ыссы ямаса суўық болмаған, адамлар бахытлы жасаған. Бирақ, дүньяны суў басыў қәўпи келип шыққан. Ийим айрықша үй қурып ҳайўан ҳәм өсимликлерден ең жақсыларынан бир жуптан сақлап қалған. Бирақ, ол Ахурамазда қадаған еткен қарамал гөшин жеп қояды ҳәм қудайдың қарғысына ушырайды. Усы заманнан баслап адамлар мәңги жасаўдан ажыралады. Енди адамзаттың дәслепки бахытлы заманға қайтыў ушын гүреси басланады. Бул ушын жалғыз жол бар болып, бул жол Зардушт пайғамбар баян еткен Ахурамазда көрсеткен жол еди.

Төртиншиси, бул Зардушт пайғамбардан кейинги дәўир. Дәўирдиң ақырында қыямет-қайым басланады. Зардушт пайғамбардың пикиринше, оннан қорықпаў керек, әдалатлы дүньяның келиўин исеним менен күтиў керек. Нәтийжеде әдиўлилик жеңеди, жаўызлық ҳәм өлим жеңиледи, дүнья қайтадан қурылады, адамлар өзгереди, тынышлық, пәраўанлық заманы басланады. Жаўызлық, жек көриўшилик, алдаўшылық сыяқлы қубылыслар пүткиллей жоқ болады.

Зардуштийликтиң өзине тән өлим, о дүнья, марҳумды жерлеў ҳаққында тәлийматы бар. Бул дин бойынша өлим бул адам денесинен жанның шығып кетиўи болып, адам өлгеннен кейин төртинши күни ол дүньяға - әдалат таўының шыңына барады. Сол жерден жан «Чинбат» деп аталыўшы қыл көпирден өтиўи тийис. Жақсы нийет ҳәм жақсы ислер менен жасаған адам көпирден еркин өтип жәннетке барады ҳәм ҳәзликте өмир өткереди. Олар қыямет-қайымда ақыретте қайтадан тириледи. Ал жаўыз нийетли жаўыз ис қылған адамлар көпирден өте алмай түби жоқ шуқырға түсип кетеди. Бул динде дозақ түсиниги жоқ. Марҳумды жерлеў мәресимине келетуғын болсақ, Зардуштийлик дини бойынша адам өлгеннен кейин оның денеси жаўызлық дүньясына өтеди. Сонлықтан, жерди патасламаў ушын марҳумның денесин туўрыдан туўры жерге көмиўге рухсат етилмейди. Өли қусларға ямаса басқа ҳайўанларға жегизиў ушын айрықша бәлент орынларға қойылады. Соңынан сүйеклер жыйнап алынып арнаўлы ыдысларға – оссуарийларға салынып көмиледи.

«Авесто» бойынша адамзат мына 3 принципти басшылыққа алып жасаўы тийис: **әдиўли пикир (нийет), әдиўли сөз, әдиўли әмел.** Бул қағыйдалардың зардуштийлик идеологиясындағы орны «Ясна»да келтирилген ийманды сақлаў ушын оқылатуғын мына дуўада күтә айқын көринеди: «Әй, әлемниң ҳүкимдары Ахурамазда! Мен барлық гүналарыма ықрарман, оларды қайталамаў ушын саған сөз беремен, ҳәр қандай жаман нийет (пикир)лерден, ҳәр қандай жаман сөзлерден, ҳәр қандай жаман әмеллерден бас тартаман, мен пикир жүргизген ҳәм сөйлеген ямаса әмелге

асырмақшы болған ҳәм әмелге асырған барлық орынсыз ислеримнен бас тартаман, нийетлерим, сөзлерим ҳәм әмелий ислерим арқалы буннан кейин исениминди ақлайман, қылған гүналарымды кеңпейиллигиң менен кешир, денем ҳәм жанымды ол дүнья ҳәм бул дүньяда раўшан ет, әй пәрўардигарым». Демек, зардуштийлик дининде пикирдиң тазалығы, сөздиң ҳақыйқатлығы, әмелий искерликтиң инсаный болыўы талап етиледи. «Авесто» инсанларды бузғыншылық емес, дөретиўшиликке бағдарлайды. Булар ҳәзирги бизиң миллий ғәрезсизлик идея ҳәм идеологиямыздың негизинде туратуғын пикирлер екенлиги өз-өзинен көринип турыпты. «Авесто»да өтирик сөйлеў, алдаўшылық, басқалардың ҳақын жеў, берген ўәдениң үстинен шықпаў, саўда сатықта қыянет, урлық, талаўшылық, басқалардың мал-мүлкине көз алартып қараў усаған унамсыз нормалар қатаң түрде қараланады. Әдалатлылық ҳәм ҳақыйқатлыққа умтылыўшылық ардақланады. «Ясна»да келтирилиўинше «ҳақыйқатлық» ҳәм рас сөйлеў Тәңриниң қағыйдасы ҳәм нызамы. Жалған сөйлеп тири қалғаннан гөре, рас сөйлеп өлген жақсы. Өзиниң нәпсин тийип, жылаўлай алмаған адам ҳеш нәрсе үстинен жеңиске ерисе алмайды.

«Авесто» адамларға бир-бири менен татыў, дослықта, келисимли жасаўды үгитлейди. Басқаны көре алмаўшылық, менменлик, даңқпаразлық, нызамсыз ислерди ислеўди қадаған етеди. «Ясна»да жоқары руўхыйлықты қәлиплестириўде айрықша итибар берилип, уллы қудай Ахурамазда инсанларға қарап «денелеримизге қарағанда қәлбиңиз ҳаққында көбирек қайғырың», яғный алды менен руўхый дүньяңызды тазалаң ҳәм байытың, сонда ғана турмысыңыз пәраўан ҳәм жақсыланып барады дейди. Руўхый пәклик, ўатанпәрўарлық, азадалық ҳәм тәбиятты қорғаў ең жақсы қәдириятлар сыпатында баҳаланады.

Руўхы бай, әдеп-икрамлы, әдалатлы жетик инсанды қәлиплестириў идеясы Зардушт нәсиятларында орайлық орынды ийелейди. «Авесто»да айтылыўынша «тәрбия өмирдиң ең әҳмийетли тиреги болып есапланыўы лазым. Ҳәр бир жасты сондай тәрбиялаў зәрүр, ол бәринен бурын жақсы

оқыўды ҳәм соңынан болса, жазыўды үйрениўи менен ең жоқарғы басқышларға көтерилсин». Зардуштийликте жасларды тәрбиялаўдың ҳәм билим бериўдиң дизими ислеп шығылған.

Зардуштийликте бала тәрбиясы үш бағдарда алып барыўы кереклиги көрсетилген. Биринши диний ҳәм әдеп-икрамлылық тәрбия, екинши дене тәрбиясы, үшинши оқыў ҳәм жазыўға үйретиў. Балалар жети жастан оқыўға берилген. «Муқаддес» көйлек кийгизилип, оқытыўшысы менен бирге Қуяшқа (отқа) қарап турып Ахурамазда қудайға жақсы ойлыў, жақсы сөйлеў ҳәм жақсы ислер қылыўға ант ишкен. Тәрбия процессинде әдиўлилик ҳәм жақсылықтың дөретиўшиси Ахурамаздаға шын берилгенлик сезимлери тәрбияланған. Зардуштийликте балалар сағлам денели, әскерий ислерге таяр болыўға, руўхы пәк, әдеп-икрамлы болыўға тәрбияланған. Усындай жол менен ең жақсы, әдиўли сана-сезим әўладтан әўладқа өтип тәрбияның өзегине айналған.

Зардуштийликте белгили бир мәресимлер ҳәм үрип-әдетлер системасы қәлиплескен. Олардан ҳәр күни Ахурамаздаға арнап бес рет ибадат қылыў (намаз оқыў), марҳумды жерлеў, жаңа жылды белгилеў, муқаддес ишимликлерди ишиў, балалардың жети жасқа шығыўын белгилеў, жаслардың он бес жаста ер жеткенлигин белгилеў, жасларды диний мәресимлерге қатнасыўын белгилеў, неке, баланың туўылыўы, пәклениў ҳ.т.б. айрықша атап көрсетиў мүмкин.

Билим бериў әмелий мақсетлерге бағдарланған. «Балалар жаслық пайытларынан-ақ ағаш нәлин отырғызыў, үй хожалық қуралларын жасаў, жерге ислеў бериў ҳәм шарўа менен шуғылланыўға үйретилиўи шәрт» - деп көрсетиледи «Авесто»да.

«Авесто»ның оғада терең философиялық пикирлеринен бири, инсанларды мийнет қылыўға, өз қоллары менен материаллық байлықлар жаратып, тоқшылықта жасаўға үгитлеўи болып есапланады. «Авесто» тәлийматында мийнет әдеп-икрамлылықтың, саламатлықтың негизи деп есапланады. Китапта мийнет жақпас адамларға қарата мына сөзлер айтылған:

«Мийнет қылмайтуғын адам, сен қатарында жат есиклерге тәзим қылып, мәңги бас ийип туражақсаң. Ҳақыйқатынан да, сениң қасыңнан түрли жемислерди алып өтиседи, бирақ бул ийгиликлердиң барлығы мийнет ислеп атырған, тоқ ҳәм пәраўан жасап атырған шаңарақларға несип қылады. Мәңги усындай болажақ».

Зардуштийликте дийқанлар менен шарўаны материаллық байлықларды дөретиўшилер деп есаплайды. «Авесто»да айтылыўынша жақсылық ҳәм мийрим шәпәәтти дөретиў ушын адам мийнет қылыўы, өз қоллары менен материаллық ийгиликлерди жаратыўы лазым. Инсан шарўаның көбейиўине, жайлаўлардың гүллеп жаснаўына жәрдем бергенде ғана, дийқаншылық ҳәм суўғарыў ислеринде ықлас пенен мийнет еткенде ғана қудай ямаса оның жәрдемшилериниң ҳүрметине ылайық болады.

«Авесто»да дән егилиўи жоқары дәрежеде ардақланған. Китапта шөл ҳәм партаў жерлерди өзлестирип, адамзат ушын керекли өнимлерди жетистирген дийқанлар туўралы оғада унамлы пикирлер айтылады. Кимде ким ҳәм оң қолы менен, ҳәм шеп қолы менен жерге ислеў берсе, ол жерге пайда келтиреди, өз гезегинде жер оннан өзиниң жемислерин, мол-көл ҳасылын аямайды.

Зардуштийлик дини дийқаншылық пенен шуғылланыўды 300 мәрте ибадат қылыўдан ҳәм жүзлеп жаныўарды сойып қурбанлық бериўден абзалырақ деп есаплаған. «Егин егиў – демек, жердеги жаўызлықты жоқ етиў болады, өйткени, дән егилгенде дәўлерди тер басады, дигирман пайда болғанда дәўлер алақлап қалады, ун шыққанда дәўлер албырай баслайды, нан пайда болғанда дәўлер қорыққанларынан бар күши менен бақыра баслайды», - деп көрсетиледи «Авесто»да. Бул китапта экономикалық өмир, география, тәбияттаныў, астрономия, жәмийетлик илимлер, философия, әсиресе, медицина бойынша көп мағлыўматлар берилген. Тәбият ҳәм қоршаған орталықты, мукаддес нәрселер сыпатында от, суў, ҳаўа, жерди патасламаўды талап еткен. Тазалықты сақлаўдың, экологиялық орталықты қорғаўдың илажларын белгилеген. Инсан өз өмири даўамында суўды, топырақты, отты,

улыўма дүньядағы барлық нәрселерди пәк ҳәм пүтин сақлаўға миннетли, жер, суў, ҳаўа, отты бузған адамға 400 қамшы урыў жазасы бериледи, делинген «Авесто»да. Егер суў сақлайтуғын орынлар патасланса, оларды тазалаў талап етилген, тазалаўдың усыллары да көрсетилген. Инсан ҳәм ҳайўанның өлигин сол түринде жерге көмиў қадаған етилген. Адамлардың сүйеклери етлеринен тазаланғаннан кейин айрықша ыдысларға – оссуарийлерге салып көмилген. Қойымгершиликлерди абаданластырыў, қоршаў, оларға арша, сандал, зайтун ағашларын егиў белгиленген.

«Авесто»да аўыл ҳәм қалаларды абат қылыў, турақ жайларды көбейтиў, турмыс тәризин мәдениятлы қылыў, шаңарақты беккемлеў мәселесине айрықша дыққат бериледи. Зардушт пүткил әлемниң пәрўардигери Ахурамаздадан жер жүзиниң көрки ҳәм шадлығы болған мәкан қай жерде деп сорағанда, жаратыўшы төмендегише жуўап береди: «Ол сондай журт, ол жерде бенделери өзлерине мәкан, ибадат үйлери (аташқадаларды), ҳайўанларға қоралар қурып, шаңарақлы, бала-шағалы, күшли қураллы болады. Әне сол жағдайда олардың журтында ҳайўанлар көбейеди, қайыр-берекет артады, жайлаўлар көбейеди, шаңарақ пайда болады, түрли туман жемислер мол болады».

«Авесто»да санитария, гигиена, медицинаға тән билимлер ҳәм қағыйдалар көплеп ушырасады. Бул фактың медициналық билимлер журтымызда оғада ерте заманларда, ҳәтте грек ҳәм Рим медицинасынан да бурынырақ пайда болғанлығы дәлиллейди. «Видевдад»та анатомия, физиологияға тән билимлер, кеселлик ҳәм оның алдын алыў ҳаққында мағлыўматлар, кеселлерди емлеў, тәўиплердиң өзлериниң әдеп-икрамлылығы, емлеўдиң қағыйдалары туўралы көплеген баҳалы пикирлер берилген. Онда инсанның ағзалары, сүйек, тери, мий, нерв, денедеги жүн, тамыр ҳәм қан туўралы терең пикирлер, олардың классификациясы келтирилген. «Баўыр қанның дереги болып, ол оң тәрепте жайласқан» - делинген «Авесто»да.

Зардуштийликте саламатлық инсанға қудай тәрепинен саўға етилген уллы ийгилик, оның қәдирине жетиў ҳәм асыраў ең әдиўли ўазыйпа деп көрсетилген. Бул ушын тазалық, бузылмаған нәрселерди жеў, гиябентликтен қашыў талап етиледи. Зардушт нәсиятларында экологиялық орталықты таза сақлаў ҳәм кеселлердиң алдын алыў ушын патаслықларды топырақ, тас ҳәм күл менен көмиў белгиленип, бул ҳәзирги тил менен айтқанда кеселлик тарқатыўшы микробларды жоқ етиў усылы еди. Бул исте оттан пайдаланыў, ҳәтте кийим-кеншеклерди де от арқалы тазалаў белгиленген. Сондай-ақ күл, сирке, шарап, түрли өсимликлерди (мәселен, әдираспан) тутетиў усаған химиялық жоллар да усынылған. Кеселлик тарқатыўшы ҳайўан, қуслар, пеше-шыбын, жаман ҳаўа болыў мүмкинлиги ҳәм усындай болған жағдайда оны жоқ етиў зәрүрлиги айтылған. Оларды Ахриман жиберген, өйткени 9999 кеселликти де сол жаўыз дөреткен. Усының менен бирге «Авесто» өсимлик ҳәм ҳайўанатлар дүньясын көздиң қарашығындай аман сақлаўды талап еткен, бул талапты бузғанларға қатаң жазалаў белгиленген. Мәселен, биз «Авесто»да «Ким ийтти урса, өмири қыйыншылықта өтеди… Баласы болған ийтти урған адам аўыр жазаға ылайық. Ийтти урган ҳәм азап берген адамлар мәңги бахытсызлыққа дуўшар болады. Ийтлер ең садық қорықшылар», «суўян (ав) ийтин өлтирген адам 10000 барсум, 10000 руўхты тетиклестиретуғын өсимлик жапырағын бериўи лазым. Сондай-ақ, ол 1000 ешки емер, 1000 суў қоңызын, кеселлик тарқатыўшы пешшени өлтирип гүнәсин жуўыўы лазым».

«Авесто»да ҳәр қыйлы кеселликлерди режим, аўқатларды жеў, дуўа, дәри-дәрман менен емлеў жоллары айтылады, операцияны әмелге асырыў усыллары көрсетиледи, дәри-дәрман таярлайтуғын өсимликлердиң атлары келтирилген. Тәўиплердиң айрықша антының, медицинаның эмблемасы болған жылан зәҳәрин шашып атырған ыдыстың сүўретиниң биринши мәрте «Авесто»да берилгенлигин айрықша атап өтиў орынлы.

«Авесто»да жақын ағайинлер арасында неке қадаған етилген, бул илаж руў ҳәм қәўимлердиң қанын таза сақлаў, келешек әўладтың кемиссиз дүньяға

келиўин тәмийинлеў ушын исленген. Дени саў бола турып үйленбеген жигитлер жазаланған, оларға айрықша тамға басылған ямаса белине шынжыр байлап жүриўге мәжбүр етилген. Көп балалы шаңарақларға напақа ҳәм сыйлық бериў белгиленген.

«Авесто» денен тәрбиясы менен шуғылланыўды, шаш ҳәм тырнақларды тазалап турыўды усынған. Китапта көрсетилиўинше ҳәр бир инсан (зардушт) күнине бес мәртебе жуўынып, пәкленип Қуяшты алғыслап сыйыныўы шәрт. Адам жақсы аўқатланыўы, әсиресе гөшти көбирек пайдаланыўы лазым есапланған. «Жаман аўқатланған халық жақсы, күшли жумыс ислеўшилерге ҳәм сағлам, қуўатлы балаларға ийе бола алмайды… Жаман аўқатланыўдан әдеп-икрамлылық бузылып кетеди. Егер нан мол болса, муқаддес сөзлерде жақсы қабыл етиледи», - дейди Зардушт пайғамбар елдиң ҳүкимдарларына.

Зардуштийлик дини, оның «Авесто» атлы кәраматлы китабы дүньялық мәнаўий-руўхый ҳәм мәдений раўажланыўға күшли тәсир еткен. Соңғы 2,5-

1,5 мың жыл даўамында қәлиплескен, жетилискен, раўажланған динлер Зардушт пайғамбар тийкар салған жеке қудайлық дининен нәр алған, Зардушт баян еткен әлем, әлемниң жаратылыўы, ол дүнья ҳәм бул дүнья, жәннет ҳәм жәҳәннем (қыямет қайым), ақыретте адамның денеси ҳәм руўхының бирлесип қайта тирилиўи, гүнә ҳәм саўап ислердиң жазып барылыўлары, қыл көпир, жихат, еркин ҳәм азат турмысқа тийкарланған турақлы тәртиплерди орнатыў, жеке қудай менен адамлар ортасында туратуғын пайғамбарлар туўралы идеялар басқа динлерге, соның ишинде исламда өз сәўлесин тапқанлығын айрықша атап өтиў орынлы. Соның ушында, алымлар зардуштийлик ҳәм «Авесто»ға жоқары баҳалар берген. Зардуштийлик бойынша белгили қәниге, англичан илимпазы Мэри Боис былай деп жазады: «Зардуштийликтиң уллы ҳәм оригинал тәлийматлары пүткил Жақын Шығыс аймағына тәсир етип, оның тийкарында иудаизм раўажланған, христианшылық ҳәм ислам пайда болған». (бул туўралы толығырақ қараң: «Динтаныў тийкарлары». Т., «Ўзбекистон», 1995, 45-46-бетлер).

«Авесто» Әййемги Греция, соңынан Европадағы философиялық тәлийматлардың қәлиплесиўине үлкен тәсир еткен. Соның ушында әййемги грек ойшылы Гераклит Туран журтын «философиялық ой-пикирдиң бесиги» деп атап жәриялаған болса, XX әсир Европа философиясын теориялық тийкарлаўшысы Фридрих Ницше зардуштийликке жоқары баҳа берген, инсан философиясын баянлаўда Зардушт идеяларын кеңнен пайдаланған, Зардушт ҳаққындағы шығарма жазған. «Зардушт – пүткил болмыстың ең жоқары дәрежеде жүзеге шығыўы» - деген Фридрих Ницше.

Зардуштийликте ана Ўатанға, халыққа, туўылған жерге мухаббат идеясы орайлық орынды ийелейди. «Ҳәр бир инсан өзи өсип ержеткен жерди, мәмлекетти ең жақсы ҳәм гөззал мәмлекет деп түсиниўи керек» - делинген «Авесто»да. Зардуштийликтиң барлық дәстүр ҳәм үрип-әдетлеринде, әсиресе Наўрыз байрамы салтанатларында ана жерге болған әдиўли сезим айрықша жүзеге шығады. «Авесто» тәлийматы бойынша инсан жақын адамына мийирман болыўы, мүтәжлик ҳәм қәўип қәтер астында қалғанларға көмеклесиўге таяр турыўы, жаўызлыққа қарсы, адамлар бахты ҳәм ийгилиги ушын жедел гүреске таяр турыўы, ҳәмме менен аўызбиршиликте ҳәм татыўлықта болыўы, өзиниң идеялық бирликтеги бирадарлары менен дослық ҳәм өз-ара жәрдемлесиў руўхындағы нийетлер менен жасаўы лазым. Мине усы ҳәм басқада жоқарыда сөз етилген «Авесто»дағы мийнет сүйгишлик, тынышлық, инсаныйлық, жақсылық ҳаққындағы идеялар бүгинги күнимиз ушын, наданлық ҳәм жаўызлық батпағына батқан диний ақидапарастларды әшкаралаў, халқымызды, әсиресе, жасларымызды тәрбиялаў ушын хызмет етпекте. «Авесто» мәнаўиятымыз сырқылмас булағы, миллий идея ҳәм идеологиямыздың қудиретли тарийхый философиялық негизи болып есапланады.

Таяныш сөзлер:

Зардушт, Зардуштийлик, Авесто, Ахурамазда, Ахриман, Атархурра, Эран-веш, Яшт, Ийем, Чинбат, Оссуарий, Виштасп.

5-тема. Буддизм

Реже:

1. Буддизмниң пайда болыўы ҳәм оның дүньялық динге айналыўы.
2. Буддизмниң тәлийматы, үрип-әдетлери ҳәм байрамлары.
3. Буддизмниң Орайлық Азияға таралыўы.
4. Буддизм ҳәм ҳәзирги заман.

Буддизм бизиң эрамыздан алдынғы VI әсирлерде солтүслик шығыс Ҳиндистанда пайда болған. Буддизм қәлиплесиўи зардуштийлик дининиң тәсиринде ҳәм оның менен бир қатар дәўирде әмелге асқан. Бул әсирлерде Ҳиндистан халқының тарийхындағы үлкен өзгерислер әмелге асырылып атырған еди. Ҳиндлердиң урыўлық-қәўимлик жәмәәтлери ҳәм тәртиплери қыйрап, дәслепки қул ийелеўшилик мәмлекетлердиң пайда бола баслаған дәўири еди. Бул заманда Ҳиндистанда халықтың касталық қатламға бөлиниўшилиги оғада күшейген, социал теңсизлик ҳәўижде еди.

Жәмийетте болып атырған өзгерислер төменги қатламлардағы пуқаралардың турмыс дәрежесин бурынғыдан да бетер қыйынластырды. Олардың реал өмириндеги социал-экономикалық теңсизликлерди тағы да тереңлестирди. Брахманизм дининиң бир мәртебе туўылғанлар деп есапланған шудра ҳәм шандалларды диний исеним мәселесинде де кемситиўлери буған қосымша болды. Брахманизм, ҳәтте, бул төменги қатлам ўәкиллерине монахлық жәмәәтке ағза болыўға да рухсат етпейтуғын еди. Буныңдай рухсат еки мәрте туўылғанлар деп есапланған брахманларға, сондай-ақ кшатрий ҳәм вайшияларға берилген. Сонлықтан, әпиўайы пуқара халық адамларға теңлик, әдалатлылық беретуғын, азап уқыбетлерден қутқарыў жолын көрсететуғын қүдиретли күшти әрман етти. Мине усындай жағдайда келип шыққан буддизм ҳинд халқының кең қатламының мәплерине сай келди, түрли қатламлар буддизмде өзлериниң мәпин қорғайтуғын уллы күшти көрди. Мәселен, буддизм монахлық жәмәәсине ағза болыўға ҳәммеге

рухсат етти. Буның менен ол төмендеги ҳуқықсыз каста ағзаларында инсан сыпатында қарап, оларға белгили ҳуқықлар берди. Әсиресе, диний мәресимлердиң орынлаўының әпиўайыластырылыўы, бурынғыдай көп шығынлар менен қурбанлық бериўди талап етпеў де әпиўайы халықтың мәпине сай келди. Сондай-ақ, бул жаңа дин жәмийеттеги ҳәкимшилик етиўши династия қатламларының талапларына да сай келди. Мәселен, олар бул жаңа диндеги «күш ислетпеўшилик» идеяларында өзлерин қоллап-қуўатлайтуғын тәлийматты көрди. Мине усындай себеплерге байланыслы буддизм ҳинд халқының ҳәр қыйлы қатламларының, әсиресе, жарлылардың арасында кеңнен тарала баслады.

«Будда» сөзи санскрит тилинен алынған болып «Нурланған», «Уллы шынлыққа ерискен», «Билим менен жарқыраған» деген мәнислерди билдиреди. Буддизмде Будда көп мәрте қайта туўылыўлар нәтийжесинде абсолют, пүткиллей жетикликке ерискен ҳәм басқаларға да қутылыў жолын көрсете алатуғын адам болып есапланады.

Диний уламалардың айтыўынша, Будда түрли көринислерге енеди, мәселен, ол падашы, ойыншы, қурылысшы, патша, ҳәтте қудай формасында да өтиўи мүмкин.

Буддизмниң тийкарын салыўшы шахзада Сиддхарта Шаутама деп есапланады. Ол гаутама урыўынан шакья қәўиминен болған патшаның баласы, 563-жылы туўылған, шахзадаларға ылайық тәлим-тәрбия алған. Әкеси талантлы баласына дүньялық билимлерди бериўге ҳәрекет қылған, бирақ бир күни көшеге қашып шығып, бир қартайған ғаррыны, кеселленип жатқан адамды ҳәм өлип жатқан адамды көрген. Бул ҳәдийселер оған қатты тәсир еткен. Ол өмирдиң мазмуны, мақсети, кеселлик ҳәм өлим ҳаққында терең ойлана баслаған. Жасаў мәниссиз деген жуўмаққа келеди. Гаутама сарайдан жасырын шығып кетип 7 жыл даўамында муқаддес китапларды терең үйренеди ҳәм өзинше адамзатты қутқарыў жолын излейди. Сиддхарта 29 жасында шаңарағын, ҳаялы ҳәм баласын таслап, ел арасында дәрўиш болып гезеди. 7 жылдан кейин оны шынлық қаплайды ҳәм ол буддаға

айналады. Будда Гаутама өз жолын «төрт уллы шынлық» деп атайды. Буддизм дининиң теориялық негизи болған бул тәлийматты 40 жылдан аслам халық арасында нәсиятлайды. Ол тәрепинен дүзилген монахлық жәмәәти жаңа динниң идеяларын халық санасына жеткериў бойынша үлкен ис алып барған. Гаутама Будда 80 жасында дүньядан өткен ҳәм адамзатқа өзиниң аты менен аталатуғын буддизм динин қалдырды. Будда дининиң китапларында Гаутама туўралы ҳәр қыйлы аңызлар ҳәм оның кәраматлары туўралы әпсаналар бериледи. Оларда айтылыўынша, Сиддхарт кәрамат көрсетиўди жақтырмайтуғын болған, соған қарамастан адамлардың көз алдында дәрьядан ушып өте алатуғын, оттың ишинен аман-есен шығатуғын, ибадат ўақтында жерден көтерилип қалқып туратуғын болған, ол әлемнен өткенде оның денеси жарқырап турған. Марҳумның үстинде турған тереклер бирден гүллеп, өлини өзлериниң гүллериниң сүйкимли, ийисли жапырақлары менен қапланған, сол ўақытлары гүлдирмама гүлдирлеген, жер силкиниў болған.

Әййемги Ҳиндистандағы Магатха империясының Маурья династиясынан шыққан ҳүкимдарлардан болған патша Ашока (эрамыздан алдынғы 269-232 жыллар) дәўиринде буддизм мәмлекетлик динге айналған. Буддизм соңын ала Индо-Қытай ярым аралығындағы ҳәм дүньяның басқа жерлериндеги мәмлекетлерге тарқалған. Соның ишинде, Кушанлар династиясы дәўиринде Орайлық Азияға келген. Буддизм Ҳиндистанда эрамыздан алдынғы 250-жылдан эрамыздың 650-жыллары аралығында, яғный 900 жылдан аслам дәўир даўамында тийкарғы дин сыпатында ибадат етилген, бирақ кейин ала оның жәмийеттеги роли пәсленип XII әсир ақыры XIII әсирдиң бас гезинде оны индуизм ҳәм ислам динлери қысып шығарған.

Буддизм тийкарынан Ҳиндистан менен қоңсылас Шри-Ланка, Бирма, Таиланд, Лаос, Монголия, Комбоджа, Въетнам, Бутан, Непал, Япония ҳәм Корея мәмлекетлерине тараған. Россия территориясында бурятлар, тувалар ҳәм қалмықлар усы динге ибадат етеди. XIX ҳәм XX әсирлерде Америка ҳәм Европа еллеринде де буддалық жәмәәтлер пайда болған. Солай етип, буддизм

абырайлы дүньялық динге айналған, оған бүгинги күнде дүнья халқының 800-900 миллионнан асламы ибадат етеди.

1950-жылы Шри-Ланкада буддизм дини тәрепдарларының «дүнья буддашыларының аўқамы» шөлкеми дүзилди.

Кушанлар империясы өз ишине Орайлық Азияның үлкен бир бөлегин Аўғанстан, Пакистан, сол түслик Ҳиндистанды алған, эрамыздан алдынғы I әсирде ҳәм эрамыздың IV-V әсирлеринде раўажланған күшли мәмлекет болған. Усы дәўирде буддизм Ҳиндистаннан Орайлық Азияға, оннан Қытай ҳәм Узақ Шығысқа таралған. Буддизмниң таралыўында «Уллы Жипек жолы» айрықша роль атқарған. Буддизм бул дәўирлерде халқымыздың мәнаўий раўажланыўында оғада әҳмийетли орын тутқан. Патша сарайларында да, әпиўайы пуқаралардың шаңарақларында да буддизм дини ибадат етилген. Ғалаба түрде қала ҳәм аўылларда сыйыныў үйлери-ибадатханалар қурылған, ол орынларға будданың статуялары орнатылған. Эрамыздан алдынғы 78-жылы Кушанлар династиясының тийкарын салыўшы, уллы патша Канишка Кадпис Пэнджабтың Жаландхар қаласында буддашылардың пүткил дүньялық мәжилисин өткерген, буддизмди мәмлекетлик дин ҳәм идеология деп жәрияланған. Канишка ушын буддизм оның империясындағы усы ўақытқа шекем ҳәр қыйлы динлерге исенип киятырған халықларды бирлестиретуғын диний идеология сыпатында оғада зәрүр еди. Канишка, Вима, Кадфиз ҳәм басқа императорлар буддизмди кеңнен таратыў мақсетинде Балх, Марв, Термиз, Самарқанд, Бухара, Шаш, Туркистан, Сайрам, Кува, Касан, Ош, Узган, Баласуган, Қашғар ҳәм басқа қалаларда оғада көп ибадатханалар қурдырған, китаплар бастырып шығарған. Кушанлардың дәслепки пайтахтларынан бири болған Каттақорған қаласы әтирапында үлкен диний сыйыныў орайлары болған. Туран журтынан шыққан буддашылық дининиң уллы руўханийлары буддизмди Қытай ҳәм Узақ Шығысқа таратыўда шешиўши роль атқарған. Буддизмниң муқаддес шығармаларын сол жердеги халықлардың миллий тиллерине аўдарып үлкен нәсиятлаўшылық ислерди алып барған. Буддизмге байланыслы қурылыслар

ҳәм ибадатханалар археологиялық изертлеўлер нәтийжесинде Өзбекистаннан ғана емес, қоңсылас Шығыс Түркменстан, Тәжикстан ҳәм Шығыс Қазақстан жерлеринен де табылған. Мәселен, Термиздеги Қара тепа атлы жерде 20-25 ибадатханадан ибарат буддизм динине байланыслы қурылыслар табылған. Археологиялық изертлеўлерде Уратепа, Далвирзинтепа, Кува, Зартепа, Қараўыл тепа, Айиртам деген орынларда Будда Шакья-Муни статуялары ҳәм сыйыныўға байланыслы әсбап-үскенелер (рәмзий дөңгелеклер, ступа қалдықлары, ҳайўан статуяшалары) табылған. Буддизм дининиң тийкарғы дереги, муқаддес китабы «Трипитака» деп аталады, ол санскрит тилинен аўдарғанда үш себет данышпанлық деген мәнисти билдиреди. Бундай деў менен муқаддес китаптың үш бөлиминен туратуғынлығы айтылған. Буддизм уламаларының билдириўинше, бул муқаддес шығарма Гаутама Шакья Мунидиң тәлийматының оның шәкиртлери тәрепинен баянланыўы болып есапланады. Улыўма алғанда бул муқаддес китап 100 томнан аслам болып, узақ жыллар даўамында белгисиз авторлар тәрепинен дөретилген аўызша әўладтан әўладқа өткен, шама менен эрамыздан алдынғы 80-жылы Цейлонда Будда монахлары тәрепинен жазба түрге келтирилген. «Трипитака»ның биринши бөлими Винаяпитака болып, онда монахлық жәмәәтин шөлкемлестириў қағыйдалары, әдеп-икрамлық нормалар ҳәм нәсиятлар берилген. Екинши бөлими Суттапитака деп аталып, онда дуўалар, дәстанлар, әпсаналар баянланған. Үшинши бөлим Абхидаммапитака деп аталып, онда диний философиялық идеялар баянланады.

Буддизм тәлийматы «Дхарма» деп аталады. Бул тәлийматтың негизинде Гаутама Шакья Муни тәрепинен ашылған «Төрт кәраматлы шынлық» турады. Олар төмендегилерден ибарат:

1. Жасаў – бул азап-уқыбеттен ибарат. Бул шынлық бойынша дүньядағы барлық нәрсе өз басынан азап-уқыбетлерди избе-из өткерип турады. Туўылыў, жасаў, кеселлик, өлим ҳәммеси азаптың, қайғы ҳәсиреттиң көринислеринен ибарат. Бул шынлықты азап-уқыбет ҳаққында тәлиймат десек болады.

2. Азап-уқыбеттиң себеби нәписте. Бул шынлық азап-уқыбетлердиң себеплери бар екенлиги ҳаққында тәлиймат болып, ол бойынша адамлардың тилеклери ҳәм нәпислери азапланыўдың келип шығыўына себеп болады. Адамлар жасаўға, бахытқа, ҳәзликке умтылады, усындай нәпис белгилеринен азап-уқыбет, яғный бахытсызлық, қайғы, ҳәсирет, қорлық, үмитсизлик, кеселлик, өлим келип шығады.

3. Азап-уқыбетлерден қутылыў ушын нәписти тыйыў керек. Буддизмниң азап-уқыбетлерден қутылыў ҳаққында тәлийматы деп аталатуғын бул шынлық бойынша адам ҳәр қандай тилеклерден бас тартыў, нәписин тыйыўы талап етиледи. Адам ашкөзлик, сықмарлық, нәписқаўлық, мақтаншақлық, ҳәмелпаразлық усаған унамсыз умтылыўлардан ғана емес, усының менен бирге реал өмирде тәбийғый зәрүрлик болған унамлы тилек ҳәм ләззетлерден бас тартыўы лазым. Мәселен, ҳәтте, аналық қуўанышы, туўысқанлық сезимлери, турмыста алға қойған мақсетлерге ерисиўден рахатланыў усаған сезимлерден де бас тартыў талап етиледи.

4. Нәпистен қутылыўдың жолы – бул тек ғана Будданың тәлийматы бойынша жасаў болып табылады. Демек, бул шынлық бойынша азап-уқыбетлерден қутылыўдың жолы бар – бул Будда көрсеткен жол менен жүриў. Бул талапты әмелге асырыў ушын «Жоқары дәрежели орталық сегиз қырлы жол» талапларын орынлаў зәрүр. Олар төмендегилерден ибарат:

1. Туўры көз-қарас. Буның мәниси – «төрт кәраматлы шынлықты» түсиниўге мүмкиншилик беретуғын данышпанлық.

2. Туўры нийет. Буның мәниси – басқаларға досларша қатнаста болыў, дәртине дәрман болыў, биреўдиң табысларын күнлемеў, бәрҳәма руўхый жетик болыў.

3. Туўры сөз. Буның мәниси - өтирик сөйлеўден узақ жүриў, басқалар туўралы өсек сөйлемеў, тохмет қылмаў, сыпсыңлар таратпаў.

4. Туўры минез-қулық. Буның – мәниси урлық қылмаў, ҳайўан ҳәм адамларды өлтирмеў, нызамсыз некеде болмаў, өтирик сөйлемеў ҳәм адамды мәс қылатуғын ишимликлерди ишпеў.

5. Туўры турмыс. Буның мәниси – қурал-жарақ, мәс қылыўшы ишимликлерди сатыўдан, ҳайўанларды өлтириўшиликтен, бузықшылықлардан жырақ болыў.

6. Туўры тәлийват. Буның мәниси – адамзат өз санасын зыянлы ой-пикирлерден қутқарыўы ҳәм пайдалы ой-пикирлер менен толтырып жасаўы лазым.

7. Туўры сезим. Буның мәниси – инсан өзиниң денесиниң, сана-сезимлериниң, руўхый келбетиниң бир өлшемде искерлик жасаўына итибар бериўи зәрүр.

8. Туўры ой-пикирге берилиў. Буның мәниси – усы талапты орынлаў Будда тәлийматының қағыйдаларынан шетлемеўге алып келеди. Бул жол көбине медитация (санскрит тилинде айтқанда «дхьмна») деп аталады. Медитация сөзи латынша болып дыққатлы, терең ой-пикир жүргизиўди аңлатады.

Буддизм тәлийматы бойынша усы талапларды орынлаў азап-уқыбетлерден қутылыўға алып келеди. Қутылыўдың «жоқары дәрежели орталық сегиз қырлы жол»ына монахлық турмыс тәризин қабыл еткенлер ғана ерисе алады.

Буддизмде монахлық жәмәәси «сангха» деп аталады. Монахлар дүнья ийгиликлеринен безип жасаған.

Будданың издаслары болған монах (рахиб)лар дүзген биринши жәмәә санха деп аталады. Бул жәмәәға кириўшилер төмендеги 10 талапты орынлаўға ант ишеди:

1. Ҳеш кимди, ҳеш нәрсени тиришиликтен айырмаў.

2. Өтирик сөйлемеў, биймәни-мылжың гәп айтпаў.

3. Урлық етпеў ҳәм биреўдиң ҳақына қыянет қылмаў.

4. Жынысый байланыс жасамаў, үйленбеў.

5. Мәс қылыўшы ишимликлерди ишпеў.

6. Күнниң екинши ярмынан баслап ертеңги сәҳерге шекем аўқатланбаў.

7. Үш кийимнен артық ҳеш нәрсе менен безенбеў.

8. Көпшилик болып өткерилетуғын көңил көтериўшилик илажларға қатнаспаў.

9. Бәлент ҳәм жумсақ орында жатпаў.

10. Пул ислетпеслик.

Қутылыўдың «жоқары дәрежели орталық сегиз қырлы жол» менен жүрген адамлар жоқары дәрежедеги жетикликке ериседи. Булар буддизмде архат деп аталатуғын Будда белгилеген «төрт кәраматлы шынлық»ты билиўге ҳәм орынлаўға ерискен монах-әўлийелер болып есапланады. Дәл усындай монахлар ғана бейишке жетеди, нирванаға ерисиўге үмит ете алады.

Буддизмниң өзине тән айрықша әлем ҳаққында тәлийматы бар. Бул дин әлемди 3 басқышлы деп есаплайды. Бул әлемниң биринши Нирвана яғный абсолют тынышлық әлеми. «Нирвана» сөзи санскрит тилинен аўдарғанда сөниў деген мәнисти аңлатады. Нирванада адам қайта туўылыў ҳәм жасаў азапларынан қутылады. Қудай менен биригеди. Өмирдиң тәшўишлеринен, нәпис бәлесинен пүткиллей безеди. Адам руўхының көшип жүриўи тоқтайды. Яғный анығырақ айтқанда адам қайта туўылыў шеңберинен қутылады.

Екинши әлем – бейиш болып табылады. Бул әлемде жоқары дәрежедеги жетикликке ерискен, Нирванаға өтиўге толық мүмкиншилиги бар, бирақ басқа инсанлардың қутылыў жолына кириўине жәрдем бериў мақсетинде Нирванаға өтпеген ямаса өтиўден бас тартқанлар жасайды. Олар буддизмде бодхисатвалар деп аталады. Бул екинши әлемде гүнәлардан азат болған, бирақ ең жоқары әлемге көтериле алмаған әўлийелер жасайды. Әлемниң усы бөлегинен адамзатқа туўры жол көрсетиў ушын Будда тәлийматы жибериледи.

Үшинши әлем – жер жүзи әлеми, яғный өсимликлер, ҳайўанлар, адамлар әлеми. Бул әлемде руўх қәпесте жасайды. Ол буннан қутылыў ушын жоқары әлемге қарай умтылады. Инсан Будда жолы менен жүрип саўаплы ислер қылса ғана, көплеген қайта туўылыўлардан соң жоқарырақ әлемге

көтерилиўи, жоқарырақ кастаға өтиўи, жоқарырақ лаўазымларға ийе болыўы, ҳәтте, патша ҳәм қудай дәрежесине келиўи мүмкин.

Егер адам унамлы ислер ислемесе сол ҳалында қәпесте қала береди. Егер нәпис бәлесине ушырап унамсыз ислер ислей берсе қайта туўылыў нәтийжесинде ол төменирек кастаға, ҳәтте, ең жеркенишли ҳайўан түрине өтиўи, ақырында дозаққа түсип кетиўи мүмкин.

Буддизм тәлийматы бойынша, инсан туўылады, жасайды, өледи, тағы қайта туўылады, сөйтип мәңги азап уқыбетти бастан кеширип турады. Бул процесс «өмир дөңгелеги» деп аталады. «Өмир дөңгелеги» бәрҳәма айланып турады, усы процессте қайта туўылыўлар әмелге асып турады. Бул буддизмде (улыўма Ҳиндистан динлеринде) «сансара» деп аталады.

Буддизм бойынша барлық материаллық ҳәм руўхый нәрселер оғада киши элементлерден – дхармалардан турады, олар бәрҳәма үзликсиз қозғалыста болады. Дхармалар белгили бир комплекс бирликти дүзип турады. Өлим усы берилген конкрет бирликтиң бузылыўы. Қайта туўылыў дхармалардың жаңа тәртипте, жаңа комбинацияда бириккен комплексиниң жүзеге шығыўы. Усылайынша болмыс дөңгелеги айланып турады, оның қалай әмелге асыўын Карма белгилейди.

Эрамыздың I әсиринде буддизм еки бағдарға бөлинди:

Хинаяна («қутқарыўдың тар жолы») ҳәм Махаяна («қутқарыўдың кең жолы»).

Хинаяна дәслепки буддизмдеги тийкарғы көз-қарас болып, ол бойынша ҳәр бир адам жеке қутылыў жолына кириўи мүмкин, бул ушын ол турмыстың машқалаларынан бас тартып монахлықты қабыл етиўи керек. Хинаяна Ҳиндистанның өзиндеги ҳәм шет еллердеги ҳиндлер арасында тарқалған.

Махаяна бойынша тек монахлар ғана емес, ал әпиўайы адамлардың қутылыўы, яғный нирванаға ерисиўи мүмкин. Махаяна динге исениўшилерге жәмийетшилик ҳәм мәмлекетлик ислерге араласыўға рухсат етти, басқаларды да қутқарыў ҳәм динди нәсиятлаў менен шуғылланыўды қоллап-қуўатлады.

Махаяна Будданы қудай деп жәриялады, оған арнап храмлар қурдырылды, үрип-әдетлер әмелге асырылды. Махаянада бейиш түсиниги пайда болды. Ол қарапайым халыққа абстракт Нирвана түсинигине қарағанда түсиниклирек еди. Бейиш Нирванаға өтиўдиң алды, онда бодхисатвалар жасайды. Хинаянада бирден Будда тек Гаутама деп есапланса, Махаянада бодисаватларда қудайластырылады. Мине усы ҳәм басқа да махаянаның өзгешеликлери оның кеңнен таралыўына алып келди. Әсиресе, Ҳиндистаннан тысқарыдағы халықлар арасында махаяна кеңнен орын алған. Оның басла себеби махаяна жергиликли динлерге, қудайларға, үрип-әдетлерге ҳүрмет пенен қараған, ҳәтте жергиликли патшалардың қудайластырылыўына жол қойған. Орайлық Азияға келген, оннан басқа Шығыс еллерине тарқалған буддизмниң махаяна бағдары екенлигин атап өтиў орынлы.

XIV-XV әсирлерде махаянаның диний тәлийматы негизинде Тибетте буддизмниң айрықша көриниси болған ламаиз (Тибетше «лама» - жоқары аспанлық дегенди аңлатады) қәлиплести. Ламаизмде буддизмниң тийкарғы қағыйдалары қабыл етилген, усының менен бирге оның өзине тән өзгешеликлери де бар. Мәселен, ламаизмде Будданың қайта сәўлелениўи болған тири қудайлар-хубилганларға сыйыныў бар. Олардың қатарына Тибет ламайшыларының басшысы далайлама да (Тибетше «далай» - уллы дегенди билдиреди) киргизилген. Ламаизмде монахлық оғада кеңнен орын алған, ҳәтте ҳәр бир шаңарақта лама, яғный монах болыўы керек деп есапланады. Ламаизмде сыйыныў тәртиплери оғада әпиўайыластырылған. Мәселен, исениўши адамның дуўаларды билиўи шәрт емес. Дуўа жазылған қағаз бар барабанды бир айналдырыў – бир мәртебе сол дуўаны оқыған менен барабар болады. Ламаизм Қытайдың Тибет аймағында Монголияда, сондай-ақ бурятлар, қалмықлар, тувалылар арасында таралған.

Буддизмде инсанның әдеп-икрамлылығы мәселесине айрықша итибар бериледи. Будданың инсанлар ушын бес нәсияты – «Панча Шила» төмендеги әдеп-икрамлылық нормаларын орынлаўды талап етеди:

1. Адам өлтириўден сақланыў.

2. Урлық етиўден сақланыў.

3. Адасыўлардан, қәтелесиўлерден сақланыў.

4. Өтирик, алдамшы нәрселерден сақланыў.

5. Мәс қылыўшы нәрселерден сақланыў.

Буддизм адамларға ақыллы, дана болыўды, басқалар мүлкине көз алайтырмаўды, ҳақыйқатлықты, ой-пикирде ҳәм әмеллерде таза болыўды, қайырқомлықты, тири мақлуқты өлтирмеўди нәсиятлайды.

Буддизмде диний мәресимлер, үрип-әдет ҳәм дәстүр системасы қәлиплескен. Мәресимлерден азанғы ҳәм кешки ибадат, монахларға аўқат әкелиў, «тыйылыў күни», перзенттиң туўылыўы, оның ержетиўи, неке, жаңа үйге кириў, ата-бабаларды еске түсириў, марҳумды жерлеў, кәраматлы орынларға сыйыныў, буддизмге тийисли баҳалы затлар бар болған муқаддес қурылыслар – ступаларға сыйыныўды, сондай-ақ буддизмниң байрамларынан жаңа жыл байрамын, Будданың туўылған, нурланған күни байрамларын атап өтиў мүмкин. Буддизм адамзаттың мәнаўий-мәдений дүньясының қәлиплесиўинде оғада үлкен роль атқарған дин болып, дүньялық философиялық ой-пикирдиң раўажланыўында, улыўмаинсаный әдеп-икрамның нормалардың қәлиплесиўинде ҳәм беккемлениўинде ҳәзирде үлкен орынға ийе болып қалмақта.

Таяныш сөзлер:

Трипитака, Типитака, Винаяпитака, Сутта-питака, Сиддхартха, Будда, Махаяна, Хинаяна, Карма, Нирвана, Медитация.

6-тема. Христианшылық

Реже:

1. Христиан дининиң пайда болыўы ҳәм оның дереклери.
2. Христианшылықтың диний-философиялық тәлийматы.
3. Православшылық: қәлиплесиўи, тәлийматы, мәресимлери.
4. Католикшилик: тәлийматы, үрип-әдетлери, байрамлары.
5. Протестантшылық: қәлиплесиўи, тәлийматы, секталары.
6. Христиан дининиң Орайлық Азия халықларының тарийхындағы орны.

Әдебиятлар:

1. Мень А. «История религии». М., 1994.
2. Мифы народов мира. В 2-х томах. М., 1973.
3. Васильев А.С. История религии Востока. М., 1997.
4. Диншунослик асослари. Т., «Ўзбекистон», 1995.
5. Диншунослик. Маърузалар матни. Т., 2000.
6. Жураев У., Саиджонов Й.С. «Дунё динлари тарихи». Т., «Шарқ», 2000.

Христиан дини бизиң эрамыздың биринши әсиринде Рим империясының Шығыс ўәлаятында, анығырақ айтқанда, Палестинада пайда болды. Христианшылықтың муқаддес китапларының хабар бериўинше, Иисус Христос буннан шама менен 2000 жыл бурын Палестинадағы Вифлеем деп аталыўшы иудейлердиң қаласында дүньяға келген. Ҳәзирги жыл есабы сол күннен басланады. Христианлық деген атама Иисус Христостың атынан алынған. Иисус Христос ислам дүньясында Иса Масих деп жүритиледи. Грекше «христос» сөзи ески еврей тилиндеги «машиах» сөзиниң аўдармасы болып, ол мессия, яғный қутқарыўшы деген мәнисти аңлатады. Сондай-ақ, христианлық дини Иса Масихтың туўылған аўылы «Назарет» атамасы мененде байланыстырылып назрания, насрания, насранийшилик деп те аталады. Христиан дини пайда болған дәўирде Рим империясында ишки қарама-қарсылықлар күшейип, мәмлекеттиң сиясий ҳәм экономикалық

дүзими кризислик жағдайға кели тур еди. Рим империясындағы қуллар, империяға бағындырылған басқада халықлардың наризалығы оғада күшейген, тез-тез көтерилислер болып турған дәўир еди. Мийнеткеш халық массасының ҳәм империяның провинцияларындағы халықлардың көтерилислери аяўсыз бастырылар еди. Мине усындай жағдайда қорланған халық массасының өз күшине ҳәм социал әдилсизликти жоқ ете алыўына исеними жоғала баслады. Адамларда қандайда бир қудиретли, иләҳий күштиң – қудайлық қутқарыўшының келиўине үмит етиўинен басқа жол қалмады.

Ҳәр қыйлы халықлардан туратуғын мийнеткешлердиң руўхый-идеологиялық талапларына сол ўақытлары бар болған миллий динлер ҳәм жергиликли исенимлер жуўап бере алмады. Мине усындай жағдайда христиан дини жүзеге келди. Иса Масих Палестинадағы еврейлер арасында жаңа динниң идеяларын нәсиятлап шыққаны ушын 33 жасында атанақ ағашқа қоллары керилген ҳалда өлтириледи (Христианшылықтағы атанақ символы соннан алынған). Диний аңызлар бойынша ол қайтадан тирилип, аспанға қудай әкесиниң қасына ушып кетеди. Христиан динине исениўшилер ақырзаманда оның жерге қайтып келиўине ҳәм адамзатты азап-уқыбеттен қутқарыўына исенеди. Христиан дининиң қәлиплесиўинде сол заманда жасаған философ ойшыллардың көз-қараслары да үлкен роль ойнаған. Мәселен, Мысырдағы Искендериялы ойшыл-философ Филон (эрамыздан алдынғы 25 – эрамыздың 50-жыллары) адам тәбияты бойынша гүнәлы, сол себептен жәмийетте ҳәр қыйлы унамсыз жағдайлар жүзеге келип турады, адамлар шыдамлы ҳәм қанаатлы болып жасаўлары лазым деген идеяны нәсиятлаған, Рим философы Сенека (эрамызға шекемги 5 – эрамыздың 60-жыллары) бул дүнья адамларға үзликсиз ҳәм қутылып болмас азап-уқыбетлер берип турады, ал тек ол дүньяда ғана олар бахыт ҳәм теңликке ериседи, - деп есаплаған.

1947-жылы Өли теңизиниң жағалаўларынан табылған Қумран қол жазбаларында баянланған қудайлық қутқарыўшы ҳаққындағы идеялар

христиан дининиң келип шығыўына тәсир еткенлиги сөзсиз. Сондай-ақ, Шығыс динлериндеги ол дүнья, адамлардың туўылыўы, өлиўи ҳәм қайтадан тирилиўлери ҳаққындағы идеялар христианшылықтың тәлийматының келип шығыўына өз үлесин қосқан.

Христианшылықтың мийнеткеш халықтың азатлық, теңлик идеяларының сәўлелениўи сыпатында жүзеге шыққанлығы анық. Дәўирлер өтиўи менен бул дин жәмийеттеги басқа қатламлардың, ҳәтте, императорлардың да мәпине сай келетуғын динге айлана баслады. Тек ғана христиан дини көп миллетли Рим империясын бирлестиретуғын идеология ўазыйпасын атқара алатуғын еди. Император Константин 324-жылы христианшылықты Рим империясының мәмлекетлик дини деп жәриялайды. Оның көрсетпеси менен 325-жылы дүнья христианларының биринши Соборы (әнжуманы) – Никей соборы шақырылды. Соборда христианшылықтың тийкарғы догмалары тастыйқланды, христиан ширкеўиниң ҳәрекет етиўиниң нызам-қағыйдалары қабылланды, Библия нызамластырылды, христиан ширкеўи мәмлекеттиң рәсмий ширкеўи деп жәрияланды, ал ширкеў императорды өзиниң баслығы ҳәм өз гезегинде қудайдың жердеги ўәкили сыпатында тән алды. Буныңдай соборлар христиан дининиң тарийхындағы 7 рет шақырылған.

Христиан дини оған исениўшилердиң саны бойынша дүньялық динлер арасында биринши орында турады. Соңғы мағлыўматлар бойынша дүнья халқының 33,7 % и яғный, 1 млрд. 955 миллионнан аслам адам христиан динине ибадат қылады. Христианшылық тийкарынан Европа, Солтүслик ҳәм Оңтүслик Америка, Австралия материклеринде кеңнен таралған. Сондай-ақ, Африканың ең түслик бөлегинде ҳәм Азияның бир қанша мәмлекетлеринде де таралған.

Христиан дининиң муқаддес китабы Библия («Библия» сөзи грекше китаплар деген мәнисти билдиреди). Бул шығарма бизиң эрамызға шекемги XIII әсирлерден баслап эрамыздың екинши әсирине дейинги аралықта узақ жыллар даўамында дөретилген. Библия еки бөлимнен ибарат: биринши

«Ески ўәсият», ол «Танах» деп аталатуғын иудаизм дининиң муқаддес китабы, ол 39 китаптан турады. Екинши бөлими «Жаңа ўәсият», ол «Инжил» деп аталып, I-II әсирлерде грек тилинде жазылған, 27 китаптан турады. Олар төмендегилер: Апокалипсис ямаса Иоанн Богословтың ўақыянамасы, апстоллардың 21 хатлары, 4 Евангелия (грекшеден аўдарғанда жақсы хабар) апстоллардың әмеллери китапларынан турады. Жаңа ўәсият тийкарынан Иисус Христостың шәкиртлери 12 апостоллар тәрепинен жазылған деп есапланады. Жаңа ўәсият Иусус Христостың өмири, туўылыўы, өлими, қайта тирилиўи, көрсеткен кәраматлары, аспанға ушып кетиўи ҳаққында сөз етиледи.

«Жаңа ўәсият» 27 китаптан турады, ол «Евангелия» бизиңше Инжил деп аталып грекше хош хабар мәнисин билдиреди. Оны Иса Масихты көрген, жақыннан билген, оның тәлийматын тереңнен үйренген авторлар қудайдың буйрығы менен жазған деп есапланады. Инжил төмендеги төрт бөлимнен ибарат:

– Биринши бөлим 4 китапшадан турып, оларда Иса Масихтың пазыйлетлери, искерлиги, жолы, өлими ҳәм қайта тирилиўи баян етиледи. Усы бөлим Инжилдиң ең тийкарғы идеясы деп тән алынады.

– Екинши бөлимде кәраматлы апостоллардың искерлиги деп аталып, онда Иса Масихтың шәкиртлери болған апостоллардың дин жолындағы искерлиги, пикирлери, көрген азап-уқыбетлери, христианлық уйымларын дүзиўлери баян етиледи.

– Үшинши бөлимде апостоллардың басқа мәмлекетлерге христианлықтың мәнис-мазмунын баян етип жоллаған хатлары келтириледи.

– Төртинши бөлим ўахый-кәраматлы сөз деп аталып қудайдың әўлийе Иоаннаға жиберген, келешекти баянлаған сөзлери болады. Онда Иса Масихтың дуньяға келиўи, жәннет ҳәм дозақ, ақырзаман ҳәм қыямет-қайым сүўретленеди.

«Ески ўәсият» Иудейлер ҳәм христианлар муқаддес китап сыпатында мойынлайды, ал «Жаңа ўәсият»ты тек ғана христианлар мойынлайды, ал

иудейлер оны пүткиллей бийкарлайды. Демек, Библия дерлик 15 әсир даўамында белгили һәм белгисиз авторлар тәрепинен жазылған дүньялық мәдений раўажланыўға күшли тәсир еткен уллы тарийхый естелик болып табылады.

Христиан дининиң тәлийматының (догматларының) тийкарғы мазмуны дәслепки христианлардың дүнья жүзлик еки соборында, яғный эрамыздың 325-жылы болған Никей һәм 381-жылы болған Константинополь соборларында қабыл етилген 12 пункттен ибарат исеним символларында баян етилген. Олардың ең тийкарғыларына қысқаша тоқтап өтемиз:

– муқаддес үшлик ҳаққында догмат. Бул бойынша Қудай бир, жалғыз, бирақ ол үш көринисте (ипостацияда) жүзеге шығады: Қудай - әке, қудай – бала ҳәм кәраматлы қудай – руўх. Қудай - әке көзге көринетуғын тәбият ҳәм адамзаттың, көзге көринбейтуғын периштелер дүньясының дөретиўшиси. Қудай – бала дегенде Иисус Христос түсиниледи. Қудай – муқаддес руўх, қудай - әкеден шығып турады. Қудай - әке мәңги, Қудай – бала туўылған ҳәм өлген, Қудай – муқаддес руўх, Қудай әкеден дөретилген.

– Қудайлық мәнис ҳаққында догмат. Бул бойынша Иисус Христос ҳәм Қудай, ҳәм адам, ол муқаддес руўхан жүкли болған Биби Марьям атлы қыздан туўылған.

– Гүнәни өтеў ҳаққында догмат. Бул бойынша Қудай – бала, яғный Иса Масих өзиниң көрген азап-уқыбетлери ҳәм атанаққа шегеленген ҳалда өлими арқалы адамларды әзелий гүнәларынан қутқарыў ушын өзин Қудай - әкеге қурбанлық етти, солай етип адамзаттың гүнәсин жуўыўға өзин бағышлады.

– Мессия ҳаққында догмат. Бул бойынша Қудай-бала қутқарыўшы, ол Қудайдың ўәкили сыпатында адамзатты қутқарыў ушын екинши мәртебе Жерге қайтып келеди, адамзатты азап-уқыбетлерден қутқарады.

– Қайта тирилиў ҳаққында догмат. Бул догмат христиан тәлийматында орайлық идеялардан бири болып, ол бойынша Иса Масих өлгеннен кейин қайтадан тирилген. Бул ўақыя пүткил адамзаттың ақырзаманда қайта тирилиўиниң гиреўи болып есапланады.

– Аспанға ушып кетиў ҳаққында догмат. Бул бойынша Иса Масих қайта тирилгеннен кейин пүткил денеси менен аспанға Қудай-әкеге ушып кетеди. Бул догматта ол дүньяның мәңгилиги ҳәм жердеги тиришиликтиң ўақтынша екенлиги ҳаққында пикир сәўлеленеди.

– Қудай ҳәмме нәрседен үстин турады ҳәм ол мәңги, оны ҳеш ким жаратқан емес, ол дүньяның дөретиўшиси, ол дүньяны 6 күнде жаратқан.

– Адамзаттың гүнәли екенлиги ҳаққында догмат. Бул бойынша Қудай инсанды өзине уқсас етип жаратқан. Адамларға ақыллылық, ерк ҳәм мәңги, өлмей жасаўды инам еткен. Бирақ, бейиште жасап атырған дәслепки адамлар Адам ҳәм Ева Қудай тәрепинен қадаған етилген «данышпанлық» ағашының мийўесин жегенлери ҳәм ерли-зайыплы болып кеткенлиги ушын гүнәли болған, сөйтип бейиштен қуўылған ҳәм ҳәр қыйлы азап-уқыбетлерге және өлимге гириптар етилген.

Буннан кейинги догматларды Қудайдың шоқынтырыў жолы менен адамларды қутқарғанлығы, христиан ширкеўине сыйынған адамларды Қудайдың кеширетуғынлығы ҳаққында, ақырзаманнан кейин христианлыққа исениўшилердиң мәңгилик ҳәзликке ерисетуғынлығы, жәннет ҳәм дозақтың бар екенлиги, жанның өлмеслиги, Иса жолы менен жүргенлердиң ол дүньяда бейишке баратуғынлығы ҳаққында сөз етиледи.

Христиан догматларының қатарына ширкеў ҳаққында догмат та киреди. Бул бойынша адам гүнәлардан қутылып бейишке түсиў ушын белгили бир ширкеўге тийисли болыўы керек.

Христианшылықта Қудай түсиниги менен бир қатарда адамларға ғамқорлық етиўши ҳәм қоллап-қуўатлаўшы периштелер (денесиз мийирман руўхлар), Қудайдың анасы (Иса Масихты туўған Марьям атлы қыз), әўлийелер (айрықша кәраматқа ийе болған руўханийлардың руўхлары), сондай-ақ, адамға душпан болған жинлер (жаўыз руўхлар) ҳәм олардың баслаўшысы шайтан (сатана) ҳаққында түсиниклер де бар.

Христиан диний тәлийматының қәлиплесиўи менен бир қатарда оның үрип-әдетлери, сыйыныў тәртиплери жүзеге келди. Христианлық сыйыныў

(культ) динге исениўшилердиң сана-сезимлерине тәсир етип олардың исенимлерин беккемлеп отырды. Христианлық сыйыныўдың тийкарын дүзетуғын сырлылық (таинство) бул диндеги үрип-әдетлердиң ең әҳмийетли көринислери болып есапланады. Оларға төмендеги 7 сырлықлар мәресимлери киреди:

– Шоқынтырыў, яғный суўға батырып шомылдырыў ямаса үстине суў қуйыў арқалы христианшылықтың қатарына тартыў.

– Диний пәклениў (причащение), ямаса Евхаристия. Бунда динге исениўши нан ҳәм виноны татып көриў арқалы Иса Масихтың денеси ҳәм қанынан татып көрдик, енди Қудайға жақынырақ қаналас болдық деп есаплайды.

– Тәўбе етиў. Динге исениўшиниң руўханийға өз гүнәларын ашық айтыўы, сөйтип, тәўбеге келиўи ҳәм ол арқалы Қудайдан өз гүнәларына кеширим алыўы.

– Мира сүртиў (миропомазание). Буның мәниси соннан ибарат, бала шоқынтырылғаннан кейин оның денесине сүйкимли ийисли май (мира) сүртиледи ҳәм сол арқалы муқаддес руўх балаға енгизиледи.

– Неке, яғный храмларда салтанатлы түрли ерли-зайыптың шаңарақ дүзилгенин рәсмийлестириў, басқаша айтқанда неке қыйыў.

– Руўханийлар атағын бериў (священство). Бул руўханийлық лаўазымына көтерилиўге байланыслы мәресимлер болып, Епископ руўханий олмақшы адамның басына қолын тийгизип оған муқаддес руўхтың айрықша ҳүрметин билдиреди. Қудай менен адамлар ортасында байланыстырыўшы ўазыйпасын атқаратуғын руўханийлар (дьякон, пресвитер ҳәм епископ) усылай лаўазымға енгизиледи.

– Муқаддес зейтун (оливке) майын сүртиў (елеосвящение). Бул кеселдиң маңлайына, жағына, ләбине, көкирегине муқаддес зайтун майын сүртиў менен емлеўгк байланыслы болған мәресим.

Усы сырлылықлар 1279-жылы христианшылықтың мәресимлери деп алынған.

Христианлықта буннан басқа да марҳумды көмиў, атанаққа (бутқа), әўлийелерге, кәраматлы адамлардың сақланған денесине (мощ) сәжде қылыў мәресимлери бар.

Христиан дининде Қудайға сыйыныўдың ең баслысы литургия деп аталып, ол храмда дуўалар оқыў, музыка тыңлаў, диний қосықларды айтыў, шам ҳәм лампаларды жағыў арқалы әмелге асырылады. Бундағы баслы мақсет адамлардың сана сезимлерин беккемлеў болып табылады.

Христианшылықтың тарийхындағы ең үлкен из қалдырған ўақыялардан бири, оның XI әсирде православ ҳәм католик ширкеўлери болып екиге бөлиниўи болды, 395-жылы ишки социаллық-сиясий қарсылықлардың күшейиўи ҳәм сыртқы душпан күшлердиң тәсири нәтийжесинде Рим империясы екиге бөлинеди. Батыс империя Рим, Шығыс империясы Византия деп аталатуғын бир-бирине бағынышсыз мәмлекетлерге айланды, олар сиясий ҳәм экономикалық раўажланыўларда өзлерине тән жоллар менен кетти.

476-жыл Рим империясы пүткиллей қулады, оның орнына ғәрезсиз миллий мәмлекетлер пайда болды, бирақ олар еле ҳәлсиз еди. Бул дәўирлердеги сиясий-экономикалық ҳәм диний жағдай нәтийжесинде Рим ширкеўиниң, оның баслығы папаның роли оғада артты. Ол Қудайдың жердеги ўәкили, дин ҳәм әдеп-икрамлылық мәресимлеринде гүнәси жоқ, оның ҳәкимиятты христианлардың дүньялық соборларынан да короллары да папаның воссалары болған.

Византияда болса күшли императордың ҳәкимияты сақланып қалды, ширкеў мәмлекетлик мекемелердиң бир көриниси сыпатында ҳәрекет етти, дүнья жүзлик христиан соборларының қарарлары император тастыйықлағаннан кейин ғана күшке киретуғын болған. Мине усы жағдайда Византия ширкеўи Рим ширкеўинен ғәрезсиз ҳәрекет ететуғын еди. Еки ширкеў арасындағы диний ҳәкимият бойынша таласлар өз-ара қарсылықларды тағы да күшейтти. 1054-жылы бул жағдай христианларды екиге бөлиниўине алып келди, ол жылы Рим папасы Лев IX ҳәм

Константинопол патриархи Кирув бирин-бири ширкеўден қуўыўы ҳаққында ҳүжжетлер қабыл етти ҳәм бир-бирине нәлетнама (анафема) жоллады. Мине усыннан баслап Рим ширкеўи католик (пүткил дүньялық), ал Константинопол ширкеўи ортодоксал (грекшеден аўдарғанда ҳақыйқый исеним) деп аталатуғын болды. Рус тилинде шығыслық ширкеў православие деп аталады. Рус мәмлекети 988-жылы православиени қабыл етти. Мине усы заманлардан баслап христиан дининиң батыс бөлеги Рим католик ямаса католик ширкеўи, Шығыс бөлеги грек-католикалық ямаса православия ширкеўи деп аталатуғын болды. XVI әсирде реформация – антикатоликалық ҳәрекет нәтийжесинде Европада бир қанша ширкеўлер католицизмнен бөлинип протестаншылық ағымын пайда етти. Солай етип, ҳәзирги күнде христианшылық 3 бағдар – православие, католицизм ҳәм протестаншылық ағымлары бар. Биз олардың ҳәр қайсысына қысқаша тоқтап өтемиз.

Православие. Православиены тийкарынан Шығыс Европа, Жақын Шығыс ҳәм Балкан мәмлекетлериниң халықлары ибадат етеди. Россияда православие 988-жылы княз Владимир Святославич дәўиринде қабылланған ҳәм Киев Русының мәмлекетлик динен айналған. Киев русының православияны қабыл етиўиниң себеплерине оның Византия менен шегараласлығы, оның менен тығыз экономикалық сиясий ҳәм мәдений байланысларда болғанлығы ҳәмде православияның монахлардың ҳәкимиятын ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлағанда болды. XVI әсирдиң ақырында өз алдына рус православия ширкеўи қәлиплести, 1589-жылдан баслап оны Москва ҳәм пүткил Рус патриархы басқаратуғын болды. XVII әсирде Патриарх Никон ширкеў реформасын өткереди. Бул бойынша диний китаплардағы айырым анықсызлықлар дүзетилди, гейпара үрип-әдетлерди орынлаў тәртибине өзгерислер енгизилди. Мәселен, ширкеўде хызмет ислеў ўақты қысқарды. Басы жерге тийгенше ийилиў бийкарланды, 8 қырлы крест пенен бир қатарда 6 ҳәм 4 қырлы крестлерден пайдаланыўға рухсат етилди, 2 бармақ пенен шоқынтырыўдың орнына 3 бармақ пенен шоқыныў әмелиятқа енгизилди. Бурынлары Иисус делинетуғын болса, енди Иисус деп

айтылатуғын болды, бирақ бул өзгерислер менен келиспейтуғынлар «ески дәстүршилик» ағымы пайда болды. Бул ағым ағзалары мәмлекет ҳәм ширкеў тәрепинен қатаң қуўдаланды, олар Урал дәрьясы әтирапына ҳәм Дон дәрьясы бойынша қашты. Олардың бир бөлеги XIX әсирдиң екинши ярымында Қарақалпақстанға да көшип келди, оларды урал казаклары деп атайды.

Дәслептен-ақ, Византияда бир пүтин ширкеўлик дизим болмаған. Ол ўақытта 4 епископ болып, олар Константинопол, Александрия, Антиохия ҳәм Иерусалим ширкеўлери еди. Соңынан, Византияның ҳәм ондағы император ҳәкимиятының ҳәлсиреўи менен олар өз алдына, өзин-өзи басқаратуғын (автокефальлық) православлық ширкеўлерге айналған. Ҳәзирги ўақытта буныңдай автокефальлық православлық ширкеўлердиң саны 15 ке жетти: Константинополь (Турция), Александрия (Египет), Антиохия (Сирия-Ливан), Иерусалим, Рус, Грузин, Серб (Югославия), Румын, Болгар, Кипр, Эллада (Греция), Албания, Польша, Чехословакия, Америка ширкеўлери, 3 православ ширкеўи (Синай, Финландия ҳәм Япония) автоном ширкеў статусына ийе. Булардың бириншиси Иерусалим, екиншиси Константинополь ҳәм үшиншиси Рус автокефальлық ширкеўлерине белгили дәрежеде ғәрезли болып есапланады. 1964-жылдан баслап улыўма православиялық кеңеслер өткерилип турмақта. Православияда сыйыныў әмеллери миллий тиллерде алып барылды. Православия диний тәлийматында Қудай – муқаддес руўх тек ғана Қудай-әкеден бөлинип шығады делинеди. Православияда инсанның 3 туўылған күни болып деп есапланады: бириншиси, оның әмелге келген күни, екиншиси, шоқынтырылған күни, үшиншиси, оның өлген күни. Булардың үшеўи де әҳмийетли, бирақ ең баслысы өлген күн. Өйткени, усы күни оның тәғдири – бейиш ямаса дозаққа барыўы анықланады. Православияда да христианлыққа тән болған мәресимлер орынланады, бирақ өзине тән өзгешеликлер менен әмелге асырылады. Мәселен, 7 сырлылық мәресими орынлағанда – католик дининде бала шоқынтырылған ўақытта суўға батырылмайды, ал оның үстине суў қуйылады. Ал православияда бала 3 мәртебе суўға батырылып алынады ҳәм

оған зейтун майы сүртиледи. Католикшиликте зейтун майы нәресте дәўиринде емес, ал ержеткеннен кейин сүртиледи. Православияда причащение нан ҳәм вино менен исленсе, ал католикшиликте тек ғана нан менен исленеди. Атанақ (крест)қа сыйыныў католиктегидей 5 бармақ пенен емес, ал православияда 3 бармақ пенен орынланады.

Православияда диний байрамларға айрықша итибар бериледи. Олардың саны оғада көп, бирақ олардан төмендегилерди айрықша атап өтсе болады:

Пасха (атанаққа қағылған Иисустың кәраматлы қайта тирилиўине байланыслы байрам);

Иисустың туўылыў байрамы (рождество Христово, 25-декабрь);

Иисусты шоқынтырыў байрамы (январь);

Илаҳий хош хабар байрамы (жебраил периштениң Биби Марьямға келешекте кәраматлы перзентли болатуғынлығы ҳаққында хабардың келиўине байланыслы байрам, 25-март);

Иисустың Иерусалимге кириў байрамы (пасха алдындағы ақырғы екшемби күни белгиленеди);

Иисустың аспанға көтерилип кетиўи байрамы (пасхадан кейинги 40-күни байрамланады);

Иисустың келбетин өзгертиў байрамы (6-август);

Биби Марьямның туўылыў байрамы (8-сентябрь);

Исаны атанаққа тиклеў байрамы (14-сентябрь);

Биби Марьямды ибадатханаға кириў байрамы;

Биби Марьямды қәдирлеў байрамы (15-август).

Католикшилик. Католикшилик ширкеўи бирден-бир орайға ийе, оның жайласқан жери Ватикан деп аталады. Ватикан 1929-жылдан берли Рим қаласының ишиндеги 44 га жерди алып турған қала-мәмлекет. Ол жерде католикшиликтиң Петр Соборы ҳәм басқада муқаддес орынлары жайласқан. Рим папасы абсолют монархиялық ҳәкимиятқа ийе, ол бир өмирге

сайланады. Ҳәзирги Рим папасы Польшадан шыққан руўханий болып, Павел Иоанн II аты менен ис жүргизеди.

Католикшилик бойынша Қудай-муқаддес руўх ҳәм Қудай-әкеден, ҳәм Қудай баладан шығып турады.

Муқаддес аңызлардың қатарына Рим папасының қатарлары да киргизиледи. Демек, ол муқаддес көрсетпелер сыпатында сөзсиз орынланыўы шәрт. Папа католик ширкеўиниң баслығы, Иисустың жердеги ўәкили, соның ушын оның ҳәкимияты Соборлары менен жоқары турады.

Католикшиликте Иисус Христостың хызметлери тийкарында топланған «қайырлы ҳәм саўаплы ислердиң захирасы» бар, оның есабынан инсанлардың гүнәсын жуўыў мүмкин деп есапланады. Бул _____, яғный саўаплы ислердиң топламынан пайдаланыў, оны мүтәжлерге бөлистирип бериў ҳуқықы католик ширкеўиниң ҳәм Рим папасының қолында. Папа адамларға өз гүнәларын жуўыў ушын бул ғәзийнениң бир бөлегин бериўи мүмкин. Бул әмел индульгенция деп аталады, оны әмелге асырғанда пил алынады, яғный ширкеў алдындағы хызметлери есабына алынады.

Католикшиликте Биби Марьямның илаҳийлигине, сондай-ақ, руўханийлердиң адамлар менен Қудай ортасындағы байланыстырыўшылық ролине айрықша итибар бериледи. Католикшиликте латын тилинде жазылған Библия тән алынады. Диний ибадатлар тийкарынан, латын тилинде орынланады, усының менен бирге 1960-жылдан баслап миллий тиллерде де орынлаўға рухсат етилген.

Католикшиликте руўханийлерге үйлениўге рухсат етилмейди, диний мәртебеден бас тартыў мүмкин емес, кардинал лаўазымы енгизилген болып, олар папаның тек жәрдемшиси ғана емес, ал олардың коллегиясы – Папаның өзинде сайлайды. Православияда христианлық тарийхындағы дәслепки 7 собор тән алынады, ал Католикшиликте 21 собор тән алынады. Католикшилик бойынша Библияны тек ғана диний руўханийлер ғана талқылаўы мүмкин. Сондай-ақ, католикшиликте некени бийкарлаў мүмкин емес.

Католикшилик тийкарынан Европада, Латын Америкасында, Африкада ҳәм Азияда, Филиппинде таралған, оған 800 миллионнан аслам адам ибадат етеди.

Протестантизм. Протестантизм XVI әсирде Германияда қәлиплескен. 1517-жылы Германияда католик ширкеўин реформа ислеў ҳәрекети басланды. Бул ҳәрекет тарийхқа Реформация деген ат пенен кирди, бул ҳәрекеттиң басшыларынан бири Мартин Лютер (1483-1546) биринши болып католик ширкеўи менен ҳәр қандай байланыслардан бас тартты ҳәм протестант ширкеўиниң тийкарғы қағыйдаларын ислеп шықты. Ол Папаның индульгенцияларды сатыўын кескин қаралады. Германиядағы ширкеўдиң Рим Папасынан ғәрезсиз болыўын талап етти. Лютер идеяларын халық қоллап-қуўатлады, бирақ Германиядағы князлар, руўханийлер бирлесип халық ҳәрекетин бастырды. Деген менен, бул халықтың ҳәрекетин ақыр ақыбетинде 1555-жылы Рим менен битим дүзилип, ҳәр княз өз пуқараларына қәлеген динин таңлап алыўға ҳуқық алды. Христиан дининде тийкарғы идеялары М.Лютер тәрепинен баянланған лютершилик ямаса протестантшылық ағымы пайда болды. Протестантшылықтың өзине тән төмендеги 4 қағыйдасы бар:

1. Ҳәр бир инсан өзиниң жеке диний исениими менен гүнәларынан қутылыўы мүмкин, сөйтип ол бейишке бара алады.
2. Динге исениўши ҳәр бир адам руўханий болыўы мүмкин. Ҳәр бир шоқынтырылған инсан руўханийларсыз-ақ ибадат қылыўға ҳақысы бар. Руўханийлар адамларды гүнәсынан азат қылыў ҳуқықына ийе емес.
3. Протестантшылық католик ширкеўинде «Рим папасы жалғыз ҳәм гүнәсыз», «саўаплы ислер ғәзийнеси», «хызметлер ғәзийнеси» деген идеяларды пүткиллей бийкар етти.

Католикшиликте диний мәресимлер оғада дәбдебели өтетуғын болса, протестантшылық әпиўайы орынлаў зәрүр деп есапланады. 7 сырлылықтағы

шоқынтырыў, нан ҳәм виноны татып көриўди қалдырып, ал қалғанларын бийкарлайды. Монастрлар ҳәм монахлық бийкарланды. Руўханийлерге шаңарақ қурыўға рухсат етилди. Протестантшылық Батыс Европа, Солтүслик Америка, Оңтүслик Африка ҳәм Автралияға кеңнен таралған. Лютеранлық ширкеўлер Латвия, Эстонияда да ҳәрекет етеди. Протестантшылық ширкеўиниң ишинде тийкарынан 3 бағдар болып, олар лютераншылық, кальвинизм, англичаншылық деп аталады. Сондай-ақ, протестантшылықта көплеген секталар бар. Олардан баптистлер, адвентистлер, елиўликлер, иеговалары секталарын айрықша атап өтиў мүмкин.

Христианлық Орайлық Азияға эрамыздың III әсиринде кирип келе баслаған. Сол дәўирде Самарқанд, Тараз, Марв, Хират, Хорезм аймақларында ҳәм Орайлық Азияның басқа қалаларында епископлықлар дүзилген.

Диний жәмәәтлер пайда болған. VII әсирде Патриарх Иешунб II дәўиринде (628-643) аймағымызда насранийлер жәмәәтларының саны көбейген. Усы жыллары Самарқандта митрополия ислеп турған. Дәслепки әсирлерде Согдиана, Усрушана, Шаш, Хорезмде несториан крестьлериниң сүўретлери түсирилген теңгелер шығарылған. Ҳәтте, Беруний жасаған дәўирде де (973-1056) Марвда православ митрополиясы болған.

XX әсирдиң бас гезине келип, Түркистанда 306 ширкеў болып, 391 000 адам православие динине сыйынған. Буннан басқа да аймақта 10,1 мың православияға киретуғын «старообряд»шылар, 8,2 мың лютераншылар, 7,8 мың католикшилер ҳәм 17,1 мыңға жақын басқа ағымларға тийисли болған христианлар болған.

Бүгинги күнге келип Өзбекистанда православиеге тийисли болған 31 ширкеў, 3 монострь, 1 семинария, 1 орай, католикке тийисли 4 Рим католик ширкеўи, 1 орай, протестантлыққа тийисли 124 ширкеў, 2 орай ҳәм 1 семинария ислеп тур.

1871-жылы 4-майда Рус императоры тәрепинен ашылған Түркистан Епархиясы 1996-жылы 20-июльдан баслап Орта Азия Епархиясы деп атала

баслады. Оған архиепископ Владимир басшылық етип келмекте. Ол Өзбекистанда 2 аймақлық дүзилмесине, ибадатханаларына ҳәм диний оқыў журтына ийе.

7-тема. Ислам – дүньялық дин, оның турмыс тәрзи ҳәм мәдениятындағы орны

1. Ислам дини пайда болған социаллық-экономикалық, тарийхый ҳәм идеялық орталық.

2. Ханифалық ҳәрекети. Муҳаммед ибн Абдуллаҳ – ислам дининиң үгитшиси ҳәм мәмлекетлик ғайраткери.

3. Исламлық турмыс тәрзи ҳәм мәдениятта ғы тутқан орны.

Ислам кең тарқалған дүньялық динлерден бири болып табылады. Ҳәзирги заманда дүньяның 120 мәмлекетинде мусылман жәмәәтлери бар болып, олар 1 миллиард 600 миллионға шамалас адамларды бирлестиреди. Ислам 28 мәмлекетте, мәселен Мысыр, Кувейт, Иран, Ирак, Марокаш, Пакистан, Сауд Арабстаны сыяқлы мәмлекетлерде мәмлекет ямаса рәсмий дин деп жәрияланған. Исламға ибадат сыйыныўшылар 35 мәмлекетлердиң халқының тийкарғы бөлегин қурайды. Мусылманлар жақын ҳәм Орта Шығыста (Туркия, Сирия, Иордания, Судан, Аўғаныстан, Бангладеш), солтүслик Орайлық ҳәм Батыс Африкада (Марокаш, Алжир, Тунис, Ливия, Эфиопия, Гвинея, Судан, Самали) оңтүслик-шығыс Азияда, Европада, Европа ҳәм Америкада жасайды. Мәселен, АҚШта 6 миллион, Францияда 2 миллионнан асламырақ, Канада да 0,5 миллионға жақын мусылманлар жасайды. Орайлық Азия ҳәм Әзербайжан халқының тийкарғы бөлеги исламға ибадат етеди. Россияның солтүслик Кавказ, Волга бойы республикаларында, бир қатар үлке ҳәм областларында мусылманлар жасайды.

«Ислам» сөзи арабша болып «бағыныў», «мойынсыныў», «мүсәпир», «мөмин», «келисим ҳәм аманлық» дегенди аңлатады.

Исламға сыйыныўшылар мусылман деп жүритиледи. Ол арабша «муслим» - садық сөзинен алынған.

Ислам дини VII әсирдиң бас гезинде Арабстан ярым атаўында, анығырағы оның батыс тәрепинде жасаўшы араб қәўимлери арасында пайда болды. Оның пайда болыўында VI әсир ақыры – VII әсир бас гезлериндеги араб халқының турмысындағы социал-экономикалық ҳәм мәдений процесслер тийкарғы роль атқарды. Бул дәўирде Арабстан халқының тийкарғы өндириси шарўашылық еди. Ярым атаўдың климаты бир қанша жақсы болған Йемен районы әзелден аўыл хожалығы раўажланған үлке болып, бул жер мәденият орайларынан бири еди. Усының менен бирге Арабстанда саўда-сатық раўажланды. Батыс Арабстан (Хижаз) арқалы өткен кәрўан жолы аймақты Эфиопия, Ҳиндистан, Сирия, Мысыр, Византия, Ирак мәмлекетлери менен байланыстырып турды. Жолдың бойында Таиф, Ясрип, Мекке усаған қалалар пайда болды. Әсиресе, Мекке саўда ҳәм өнерментшилик раўажланған сиясий орайға айналды, онда ярмарка өткерилип турған. VI әсирдиң шерегинде Йемен территориясын Иран басып алды. Буның нәтийжесинде бурынғы саўда жолы тоқтап, саўда кәрўанлары Иран арқалы өтетуғын болды. Бул өз гезегинде бурынғы саўда менен шуғылланып отырған араб қәўимлеринде экономикалық дағдарысты келтирип шығарды. Халықтың турмыс дәрежеси төменлеп ишки қарама-қарсылықлар оғада күшейди. Келип шыққан сиясий ҳәм экономикалық жағдай бир пүтин араб мәмлекетин қәлиплестириўди күн тәртибине қойды. Орайласқан бир пүтин мәмлекеттиң идеологиясы бола алатуғын, барлық халықты бирлестиретуғын бир қудайлық жаңа динди талап етти. Мине усы талапқа жуўап ретинде ислам дини жарыққа шықты.

Араб халқының турмыс тәрзи ҳәм дүньяға көз-қарасының раўажланыў дәрежеси де жаңа бир қудайлық динге өтиўи зәрүрлик етип қойған еди. Ислам дини қәлиплескенге шекемги дәўир араб тарийхшылары тәрепинен «Жахилия» деп жүргизиледи. Буның мәниси билимсизлик, наданлық, садалық дегенди билдиреди. Әлбетте, бул тийкарынан туўры пикирди араб

халқын кемситиў деп қарамаў керек, өйткени жоқарыда айтқанымыздай Арабстанның айырым районлары (мәселен, Йемен) мәденияты раўажланған жерлер болған. Исламға шекемги араб қәўимлериниң арасында мәдениятсызлықты, наданлықты, артта қалыўшылықты көрсететуғын қубылыслар баршылық болған. Мәселен, олар арасында «Қанға қан» алыў дәстүри болған, ең болмағанда жүз түйеге шекем қун алыўшылық кеңнен таралған. Жәмийетлик турмыста пәсткешлик, мәскүнемшилик, қумар ойнаў, бузықшылық ен жайған. Сүтқорлық арқалы адамларды қулға айландырыў әпиўайы иске айналған еди. Зулымшылық, алдаўшылық ҳәўиж алған болып, уятсызлық, әдепсизлик кеңнен орын алды. Көпшилик адамларға басқа еллерден келген жаман әдетлер де унамсыз тәсир еткен, ҳаялларға ҳайўанларша қатнас жасалған, қумар ойынларында ерлер ҳаялларын да, ҳәтте, өзлериниң еркин де уттырып жиберетуғын болған. Араблар арасында полигамия, яғный көп ҳаял алыўшылықта кеңнен таралған. Меккели бай саўдагерлердиң кәрўанлары иркилетуғын елатларда көплеген ўақытша ҳаяллары болған. Егер шаңарақта биринши перзент қыз туўылса араблар буны аўыр бахытсызлық деп қабыл еткен, ал айырым қәўимлерде оларды тирилей жерге көмиў әдети болған. Әййемги араблардың дини фетишизм еди. Ҳәр бир араб қәўиминиң өз қудайы бар болып, олардың тастан жонылған белгилери (бутлар) Меккедеги сыйыныў орайы болған Каабаға орнатылған. Олардың саны 360 қа жеткен, ҳәр жылы қәўим ағзалары өз қудайларына қурбанлық берип, оларды зияратлап турған. Ол қудайлардың арасында Меккеде ҳүкимранлық еткен күшли араб қәўими – Курейиш қәўиминиң Әл-Иләҳ (кейиншелик Аллаҳ) атлы қудайы да болған. Бул әлбетте көп қудайлықтың көриниси болып қәўимлер арасында аўызбиршиликтиң бузылыўына алып келетуғын еди. Усының менен бирге араблардың диний исенимлеринде тотемизм, анимизм динлери де болған. Сондай-ақ, араб қәўимлери арасында Қуяш ҳәм Айға табыныў, планета ҳәм жулдызлардың жағдайына қарап келешегин айтып бериўге болады деген түсиниклери (астрология – Шығыста «Илминужым») болған. Сондай-ақ, Арабстан ярым

атаўында иудаизм, христианшылық, отқа табыныўшылық динлери де таралған. Ҳәтте, VI әсирдиң басларында Йемен арабларының Химьярийлер патшалығының мәмлекетлик дини иудаизм болған.

VI әсирдиң ақырына келип шыққан жағдай көп қудайлықтан бас тартып бир қудайлық идеясына өтиўди талап еткен еди. Бул зәрүрликти түсинген араб халқының апатшылық жағдайынан шығыўының бирден-бир жолы бир қудайлыққа өтиў екенлигине шын кеўилден исенген ҳәм басқаларды да исендире алатуғын, елим, журтым деп жасайтуғын инсанлар жетилисип шықты. Олар ханиф, яғный ҳақыйқатты, бир қудайды излеўшилер деп аталған. Буныңдай нәсият жүргизиўшилер пайғамбарлар делинген. VII әсирдиң басында Муслима, Асват, Тулайых, Сажжат усаған ханифлер халық арасында үлкен абыройға ийе болған. Муҳаммед пайғамбар да усы ханифлердиң бири сыпатында тарийхый сахнаға шықты. Ханифлер араблардағы көп қудайлыққа (Мүшрикийликке) бир қудайлық, яғный ваҳданият идеясын қарсы қойған ҳәм соны нәсиятлаған.

Муҳаммед 570-жылы Мекке қаласында араблардың Курейиш қәўиминиң Хашим урыўынан болған Абдулланың шаңарағында дүньяға келген. Әке Абдуллаҳ саўдагершилик ислери менен шуғылланып жүрген сапарларының биринде әлемнен өткенде Муҳаммед еки айлық ғана нәресте еди. Алты жасында анасы Әмийна да қайтыс болады. Сөйтип, Муҳаммед бабасы Абдил Муталлиптиң тәрбиясында болады. Ол Курейиш қәўиминиң абыройлы адамларынан бири еди, бирақ олда еки жылдан кейин қайтыс болады. Енди аталас ағасы Абу Талибтиң қолында тәрбия ала баслайды. Абу Талиб саўда, алып-сатыў ислери менен шуғылланған, урыўласлары арасында үлкен абыройға ийе болып, өз урыўының басшысы болған. Муҳаммед жас ўақтынан мийнет сүйгиш, зейинли еди, саўда кәрўанларына қатнасып басқа еллерди көрген, айырым урыўлар арасындағы урысларғада қатнасқан, шопан да болған. Муҳаммед жаслығынан ақыллы, әдеп-икрамлы бала болып, бәрҳәма оны адамның мәниси, инсан өмириндеги қудайдың орны ҳаққындағы мәселелер терең ойландыратуғын еди. Муҳаммед 24 жасында

садық, таза деген лақапларға ийе болған. Усы гезлери бай саўдагер тул ҳаял Хатийшаның қараўына ис басқарыўшы болып хызметке өтеди. Жумыстың көзин жақсы билиўи, ҳалаллығы, адамгершиликлиги менен танылған Муҳаммед 25 жасында өз дәўириниң оқымыслы ҳаялларынан бири болған Хатийшаға үйленеди. Муҳаммед оның менен 24 жыл бахытлы өмир сүрген, еки ул, төрт қызлары болып, бул жыллары басқа ҳеш кимге үйленбеген. Перзентлеринен тек Фатийма ғана өнип өскен, ал қалғанлары жас ўақытларында өлип кеткен.

Муҳаммед бир өзи, жалғызлықта Мекке әтирапындағы таўларда жүрип, ой-пикир жүргизиўди жақсы көретуғын болған. Иудаизм ҳәм христианлықтың негизлерин жақсы билген, басқа өзинен бурынғы өткен ҳәм заманлас ханифлердиң көз-қараслары менен де жақсы таныс болған.

Ислам тарийхшыларының көрсетиўинше 610-жылдан баслап Муҳаммедке Вахый келген. Вахый дегенниң мәниси, Қудай инсанлар арасында биреўди өзиниң елшиси – пайғамбары етип белгилеп, өзиниң сөзин периштелер арқалы оған билдириўи болады. Ең дәслепки Вахый – 40 жасар Муҳаммед пайғамбарға периште Жабраил арқалы 610-жылы Рамазан айының 26 нан 27 не өтер түни берилген. Бул «Лайла тул-қәдир» (Қәдир түни) деп аталады. Вахый Алланың расулы (елшиси) Муҳаммедке ол қайтыс болғанға шекем 23 жыл даўамында келип турған, ал Муҳаммед оларды халыққа жеткерген. Муҳаммед Алланың сөзин жоқары көтериңкилик пенен Меккедеги адамларға баян еткен, бирақ дәслепки ўақытлары көпшилик адамлар, әсиресе бай саўдагерлер Муҳаммедтиң идеяларын қабыл етпеген. Аз муғдарда болса да Муҳаммед нәсиятлап жүрген Алланың жалғыз қудай ҳәм оның өзиниң пайғамбар екенлиги ҳаққындағы идеяларға исениўшилер болған, мөмин-мусылманлар деп аталған, ал исенбеўшилер мушриклер болған. Мушриклер Муҳаммедке жан-тәни менен қарсы шыққан, буның себеплери әлбетте түсиникли. Муҳаммед идеялары Аллаҳтан басқа қудайларды бийкарлайтуғын, Жаҳилия деп аталған Мекке байлары арасында кеңнен орын алған әдепсизликлерди пүткиллей қадаған ететуғын, ҳәмменің

Алла алдында теңлигин дәлиллейтуғын пикирлер болды. Ал, бул тәлиймат мушриклерге жақпайтуғын еди. Соның ушында олар мусылманларды қуўдалаў жолына түсти. Мусылманлар сол себепли 3 жыл таўларда ярым ашлықта жасаўға мәжбүр болған. 619-жылы Муҳаммедти қоллаўшы еки уллы адам – Абу Талиб ҳәм Хатийше әлемнен өтти. Мушриклердиң пайғамбар ҳәм оның тәрепдарларына топылысы оғада күшейип, шыдап болмас дәрежеге келеди. Муҳаммед пайғамбардың жеке өмирине қәўип туўа баслайды. Муҳаммед ҳәм оның тәрепдарлары 622-жылы Меккеден Мадинаға көшиўге мәжбүр болды. Бул жыл мусылман тарийхында ҳижрат деп аталады. Мадинаға көшип барған Муҳаммед пайғамбардың тәрепдарлары мухажирлер деп аталады. Пайғамбар Мадина әтирапындағы қәўимлердиң арасындағы келиспеўшиликлерди сапластырыўға ерискен. Сол қәўимлердиң ҳәм мухажирлердиң қатнасында Умма (жәмәә) дүзген, жәмәәға кирген жергиликли халық ўәкиллери ансарлар деп аталған. Жәмәә ағзалары Муҳаммед пайғамбарға толық исенген. Оның басшылығында қаланы қорғаў ҳәм қалада тынышлықты, татыўлықты тәмийинлеў ислери алып барылған. Тез ўақытлардың ишинде Умма диний, административлик ҳәм әскерий ҳәкимият Муҳаммед пайғамбардың қолында болған күшли басқарыў орайына айналған. Бурынлары Ясриб деп аталған бул қала, енди Мадина, яғный пайғамбардың қаласы деп жүргизиле басланады. Муҳаммедтиң ең жақын мәсләҳәтгөйлери болған мухажирлер ҳәм ансарлардың бир топары ислам тарийхында «саҳаўалар» ямаса «әсҳаўалар» деп аталады.

Мадина ҳәм Мекке қалалары арасындағы мүнәсибетлер оғада шийеленискен ҳалда болды. Мадина мусылманлары ҳәм Мекке мушриклери арасында бир қанша урыслар да болып өтти. Мәселен, 624-жылы 13 ямаса 15-мартта болған Бадр урысында мадиналылардың тәрепинен 80 мухажир ҳәм 230 ансар, олардан үшеўи атлы, 70 и түйеде болған, ал Абу Жаҳл басшылық еткен 850 адамнан ибарат әскердиң 100 и атлы ҳәм 700 и түйели болған. Усыған қарамастан бул теңсиз урыста Муҳаммед тәрепдарлары оғада күшли жеңиске ерискен. Бул өз гезегинде мусылман жәмәәсиниң

абыройының кескин артыўына алып келген. Ухуд урысы 625-жылдың июль-август айларында болған. Меккениң бай саўдагерлери бул урысқа үлкен таярлық пенен келген. Бай саўдагерлердиң басшысы Абу Суфьян басшылығында 3000 түйе ҳәм 200 атқа минген Мекке әскерлери өш алыў ушын Мадинаға жақынласып келген. 1000 адамлық әскери болған Муҳаммед пайғамбар қаладан узақ емес жердеги Ухуд төбелигинде мушрик әскерлерин күтип алған. Бул урыста мусылманлар көп шығынға ушырайды. Бәрибир меккелилер мадиналыларды өзлерине бағындыра алмай қайтып кетти. Ислам тарийхында 627-жылғы март-апрель айларында болған Хандек урысы үлкен роль ойнайды. Усы урыста Мадинадағы Умманың келешеги унамлы тәрепке қарай шешилди деўге болады. Абу Сафьян мадиналылар жәмәәсин биротола жоқ етиў мақсетинде тек Меккеден 4000 әскер, ал басқа қәўимлерден топланғанларды қосып есаплағанда 10000 нан аслам әскер менен Мадинаға қарай жүрис баслады. Мадиналылар 3000 дай әскер топлап қаланы қорғаў илажларына киристи. Саҳаба Салман ал-Фарсийдиң усынысы менен қала әтирапына узынлығы 7 км, ени 4 метрлик қәндек қазылды. 627-жылы 31-мартта Абу Сафьян әскерлери Мадинаға келди, бирақ олар қәндекте турған қала қорғаўшыларын жарып өте алмады. Әскер ишинде пайда болған ашлық, суўсызлық, кеселлик, наразылылықлар себепли меккелиликлер шегиниўге мәжүр болды. Мадиналы мусылманлар урыссыз жеңиске еристи. Қәндек урысындағы жеңис Мадинадағы ишки тәртипти беккемледи, сырттағы қәўимлердиң исламға болған исенимин арттырды. Буннан кейинги бир жыл даўамында көплеген бәдәўий қәўимлерин исламластырыў әмелге асты.

628-жылы март айында Ҳаж қылыў мақсетинде Муҳаммед пайғамбар 1000 адамлық кәрўан менен Меккеге қарай жүрис қылды. Оларда урыс қылыў нийети болмағанлықтан, тек ғана қылышлары бар еди. Соған қарамастан Мекке ўәкиллери оларға қалаға кириўге рухсат ете алмайтуғынлығын билдирди. Меккедеги бай саўдагерлер Муҳаммед пайғамбардың абыройының артып баратуғынлығы ҳәм ишки алааўызлықтың нәтийжесинде пайғамбар менен сөйлесиў жүргизиўге мәжбүр болды. Бул

сөйлесиўге пайғамбар разылық берди ҳәм тарийхта Худайбия шәртнамасы деп аталған келисимге разы болды. Бул бойынша еки тәреп 10 жыл даўамында урыс қылмайды. Мусылманлар кейин қайтады. Келеси жылдан баслап Ҳаж қылыўға рухсат бериледи.

629-жыл март айында өткен жылғы келисимге муўапық Муҳаммед пайғамбар 2000 адам менен Ҳажға келди. Муҳаммед пайғамбардың абыройын көрген көплеген адамлар мусылманшылықты қабыл етти. Мәселен, биринши болып атақлы әскер басшы Ҳалид Ибн Валид, оннан кейин Әмир ибн әл-Ас ҳәм тағы басқалар исламды қабыл етти. Абу Сафьян жекеленип қала баслады. Мусылманлардың табысларын, көплеп араб қәўимлериниң мусылманшылыққа өткенин көрип Меккедеги бай саўдагерлер Муҳаммед пенен келисиў жолларын изледи. 629-жылы Абу Сафьянның өзи жасырын түрде Мадинаға келип Муҳаммед пенен сөйлесиўлер алып барды, егер Мекке диний орай сыпатында тән алынатуғын болса, онда ол қаланы ҳеш қандай урыссыз-ақ тапсырыўға разы болды. Бул шәртнаманың гаранты сыпатында Муҳаммед Абу Сафьяның қызына үйленди. Муҳаммед басшылығындағы 10 000 адамлық ләшкер менен 630-жылда Меккеге келеди. Дерлик ҳеш қандай урыссыз ҳәм қарсылықсыз Мадина әскерлери қалаға киреди. Меккели саўдагер байлар мусылманшылықты қабыл етеди, Муҳаммедтиң жәрдемшилерине айланады ҳәм үлкен лаўазымларға да ийе болды.

Муҳаммед 632-жылы 3-февралда Ҳаж қылыў ушын Меккеге барды, бул ислам тарийхында ең ақырғы «Хошласыў ҳажы» деп аталады. Ҳаж он күн даўам еткен. Қурбанлыққа 100 түйе алып келинди, Каабаға жабыў ушын Мадинада тиктирилген «Кисва» (арабша усылай айтылады) алып келтирилди. Ҳәзирги Каабаға «Кисва» жабыў усыннан қалған. 632-жылы 8-мартта Муҳаммед пайғамбар түйениң үстинде турып 124000 мусылманларға қарата Хутба (сөз сөйлеген) айтқан. Пайғамбарымыз өз сөзинде адамлардың жанларының ҳәм малларының муқаддеслиги, оған ҳеш кимниң қол қатыўына, биреўдиң биреўди өлтириўге ҳақысы жоқ екенлигин, Жахилия

дәўиринен қалған қанға-қан дәстүриниң бийкар етилетуғынлығын, аманатты ийесине қайтарып бериў зәрүрлигин, ҳаял-қызларға мийрим-шәпәәтли болыў кереклигин, ҳеш бир адамның басқалардан үстинлиги жоқ екенлигин, үстинлик тек ғана пазыйлетте ғана болыў мүмкиншилигин, басқаның ҳақын жемеў кереклигин, жынаят ушын тек ғана жынаятшының өзи жуўап беретуғынлығын, Алланың китабы – Қуран жолы менен жүриў зәрүрлигин баян етти. Муҳаммед пайғамбар усы Ҳаж сапарынан қайтқаннан кейин 632-жылы 27-майда 63 жасында әлемнен өтти.

Муҳаммед дәўиринде-ақ мусылманшылық Арабстанның көпшилик жерине жайылған ҳәм күшли беккем араб мәмлекети қәлиплескен еди. Муҳаммед пайғамбар өлгеннен кейин оның орнына халифлер, яғный Муҳаммедтиң орынбасарлары отырды. Соның ушында мәмлекеттиң аты араб халифатлығы деп жүргизилди. Муҳаммедтиң қайын атасы Абу Бакир (632-634), оннан кейин Омар (634-644), Осман (644-656), оннан кейин пайғамбардың аталас иниси ҳәм күйеўи Али (656-661) халиф болды. Мине усы 30 жылға шамалас ўақыт ишинде араб халифаты дүньядағы ең уллы империяға айналды. Византияның көпшилик жерлери исламластырылды, Сасанийлер империясы пүткиллей жоқ етилди. Ислам VIII әсирдиң бас гезинен баслап Орайлық Азияға таралды.

Халифалық тарийхында 661-750 жылларда Уммавийлер династиясы ҳүкимранлық етти. Патшалық әўладтан-әўладқа берилди. Халифалық дәслепки III әсирде көп миллетли бир пүтин мәмлекет болған болса, IX әсирдиң ортасынан баслап бир нешше ғәрезсиз мәмлекетлерге бөлинип кетти, халифалықтың аты ғана қалды. 1258-жылы Шыңғысханның ақлығы Хулагухан Бағдатты басып алып халифалықты сапластырды. Түрк султанлары 1571-жылы Мысырды басып алып, Усманийлер халифалығын дағазалаған ҳәм өзлерин мусылман әлемениң басшысы, пайғамбардың даўамшысы деп жәриялаған. Ол 1918-жылға дейин даўам еткен.

Ислам тәлийматы оның муқаддес китабы Қураны Кәримде баян етилген. Ислам тәлийматы Қуран менен бир қатарда Ҳәдис ҳәм басқада диний

дереклер негизинде мусылман руўханийлери тәрепинен ислеп шығылған. Ислам тәлийматының тийкарын Ийман, Ислам ҳәм Эҳсан қурайды. Ийман деген бул инаным, ишки исеним болып, ол төмендеги 7 ақида, қатаң қағыйдаға тийкарланады:

1. Қудайға исениў. Бул исламның тийкарғы ақидасы болып, дүнья ҳәм ондағы барлық нәрселер Алланың қәлеўи менен дөретилген, ҳәзир жасап турыпты ҳәм Алланың ерки менен раўажланады. Алла жалғыз, оны ҳеш ким дөреткен емес, ол бар ҳәм жасай береди, оның ата-анасы, шериги, зайыбы, қатар-қурбысы, туўысқанлары жоқ. Исламда монотеизм принципи басқа динлерге қарағанда избе-из ҳәм терең жүргизиледи. Христиан дониндеги үш қудайлық идеясына қарама-қарсы, Алла биреў деп тастыйықланады. Жалғыз Қудайдың ҳәмме нәрсеге қүдирети жетеди, ол билиўши, дүньяда ол билмейтуғын ҳеш нәрсе жоқ. Ол ҳәр қандай исти әмелге асыра алады, ол ҳәмме нәрсени билиўши, көриўши, еситиўши, тәрбиялаўшы, әдалатлылық, туўрылық қылыўшы, онда айып ямаса кемшилик жоқ, оның туратуғын анық жайы жоқ, ол ҳәмме жерде, ол шексиз, Алла өлмейди, уйықламайды, жемейди.

2. Периштелер ҳәм шайтанлардың бар екенлигине исениў. Олар Алланың еркин әмелге асырыўшылар. Периштелер – адамлардың көзине көринбейтуғын Аллаға пүткиллей бағынған, оның буйрықларын булжытпай орынлайтуғын, хеш қандай гүнәси жоқ, нурдан жаратылған қудайдың бенделери болып есапланады. Оларда да ерли-зайыплылық, ишип-жеўшилик усаған қәсийетлер жоқ. Периштелердиң ең атақлылары Жабраил, Микаил, Исрафил, Әзраиллер болып есапланады. Мункар ҳәм Нәкир әжел периштелери, Ридван жәннеттиң қорықлаўшысы, Малик дозақтың қорықлаўшысы. Периштелер адамларға ҳәр қыйлы көринисте көриниўи мүмкин. Ислам тәлийматы бойынша ҳәр бир мусылман жасаў дәўиринде еки периштеге ийе болып, олардың биреўи саўап ислерди, биреўи гүнә ислерди есапқа алып барады. Сол тийкарда адам ол дүньяда я жәннет, я дозаққа барады.

3. Қуранның муқаддеслигине исениў. Қуран қудайдың камалы, сөзи. Алла таала тәрепинен Муҳаммед пайғамбарға Вахый қылынған, яғный Алланың өз пайғамбарына жиберген көрсетпелери, Аспаннан түсирилген муқаддес китаплардың ең ақырғысы. Мусылман уламаларының айтыўынша, Қуран жаратылған емес, керисинше, ол мәңги бар деген қағыйда ақида сыпатында қабыл етилиўи шәрт.

4. Пайғамбарларға ҳәм Муҳаммедтиң Расул, яғный Қудайдың елшиси қылып жиберилгенине исениў. Пайғамбарлар бенделерге дин қағыйдаларын үйретиў ушын елши қылып жибериледи. Олар ақыллы, зийрек, туўры сөзли, итаатлы бенделерден болады. Олар Алла әмири менен жасайды, олар гүнә қылмайды, бирақ олар инсан. Олардың басқалардан парқы Алланың ҳәмирин бенделерге жеткизеди, адамларды жақсылыққа шақырады ҳәм тәрбиялайды. Қураны Кәримде 28 пайғамбардың аты атап өтилген, олардың 8-не айрықша китап жиберилген. Олар Адам, Идрис, Шис, Ибрайым, Муўса, Давут, Иса ҳәм Муҳаммед.

Пайғамбарлар екиге бөлинеди: биринши, Расуллар деп аталып, оларға тиккелей Алла тәрепинен китап ҳәм шариат берилген болады. Екинши, Нәбийлер деп аталып, ол басқа Расуллерге берилген китап ҳәм шариат тийкарында нәсият алып барады, соның ушын олар Расул емес. Муҳаммед пайғамбарлардың ең абзалы, ең ақырғысы, енди пайғамбар дүньяға келмейди. Исламда Муҳаммед пайғамбарға биринши дәрежели орын бериледи.

5. Дозақ ҳәм жәннетке исениў. Жәннетке тек ғана ийманлы адамлар барады, ол бул дүньяда гүнә ислеген адамлар, жолдан азғанлар бармайды. Мусылманлар жәннетке барлық ийгиликлерге, яғный мазалы азық-аўқатларға, оғада таза суўға, сүт, пал ҳәм шарапқа ийе болады. Жәннет ҳәзликте дем алатуғын гөззал орын сыпатында сүўретленеди. Дозақта гүнә қылған адамларды есап саны жоқ азап ҳәм уқыбетлер күтеди.

6. Тәғдирге исениў. Дүньяда ҳеш бир нәрсе Алланың қәлеўимиз болыўы мүмкин емес. Ҳәмме нәрсе тек ғана Алланың ҳәмири менен, әзелден белгилеўи арқалы жүзеге шығады.

7. Қыямет күни өлгенлердиң қайта тирилетуғынына исениў. Ҳәр қандай диний система өз-ара ажыралмас еки қурам бөлектен (элементтен) турады: ақидалар (диний принциплер) ҳәм мәресимлер. Исламлық мәресимлерде таза диний талаплар ҳәм үрп-әдетлер менен бир қатарда улыўмаинсаный, күнделикли турмыслық үрп-әдетлер бәрқулла араласып жүреди. Исламда таза диний исенимниң негизи ямаса үстини (руўхы) болған төмендеги 5 талап ямаса шәрт жатады. Олар исламда «арқан әд-дин» деп жүритиледи.

1. Калимаи шаҳодат – арабша «Ашхаду анла илоҳа илаоллаху ва ашхаду анна Мухаммадан абдиху ва расулиилоҳ» деп айтылып, буның мәниси Алладан басқа иллаҳ – Қудай жоқ ҳәм Муҳаммед Алланың жердеги Расули, ўәкили, пайғамбары дегенди аңлатады. Ҳәр бир исламға киретуғын адамнан бул қағыйданы тили менен айтыўы ҳәм көңлинде толық исениўи талап етиледи.

2. Бес ўақыт намаз оқыў. Булар таң, песин, әсир, шам ҳәм қуптан намазлары болып, оларда қуран аятлары оқылады. Аланы уллылайтуғын, оған шүкирлик қылатуғын сөзлер айтылады. Балағат жасына жеткен ҳәр бир мусылман ушын намаз оқыў шәр деп есапланады.

3. Рамазан айында ерте таңнан күн батқанға шекем ораза тутыў, жеў-ишиўден өзин тыйыў. Ораза тутыўдың тийкарғы шәрти адам өзиниң қәлби менен нийет етиўи талап етиледи. Аўырыў (кесел), жол сапарында жүриўшилер, оғада қартайған адамлар оразаны ўақтынша тутпаўы мүмкин. Бул айда оғада мүтәж ҳәм жарлы адамларға бериў ушын питир деп аталатуғын садақа да белгиленип, оны бай ҳәм қурғын мусылманлар бериўи лазым.

4. Закат сөзи арабша тазаланыў ямаса садақа бериў деген мәнисти аңлатады. Мусылманлардың өз табысынан ҳәм мал-мүлкинен беретуғын қайыр садақасы. Шариат бойынша оның муғдары жыллық табыстың $^{1}/_{40}$

бөлеги (2,5%) етип белгиленген. Закат исламдағы ықтыярый садақадан басқа болып, ол мәжбүрий садақаның қатарына киреди. Закат исламда тек садақа ғана емес, ал соның менен бирге ибадат (сыйыныў) деп те аталады. Закат жетим-жесирлерге, оғада камбағалларға, ҳеш кими жоқ тул ҳаялларға, сондай-ақ, мешит-медреселерди қурыўшыға, басқаларды динге тартыў ушын хызмет қылыўшыларға ҳәм тағы басқа да сол сыяқлыларға бериледи. Басқа диндегилерге, ағайын-туўысқанларға берилмейди.

5. Меккедеги Каабаны зыяратлаўы. Бул мәресим 629-жылы Муҳаммед пайғамбардың бир топар мусылманлар менен Каабаны зыярат, яғный Ҳаж қылыўынан басланған. Бул мәресимди орынлаў тек мусылман ушын ғана рухсат етиледи, ал басқа диндегилер Каабаға киритилмейди. Ҳажыға балағат жасына жеткен, ден саўлығы көтеретуғын, барып келиўге ҳәм барып келемен дегенше шаңарақ ағзаларына қәрежетлери толық жететуғын адамлар ғана барады. Ҳаяллар ҳаж сапарына өз ерлери ямаса әкеси, аға-инилери, қайната, қайнаға усаған ең жақын адамлар ғамхорлығында барыўы мүмкин.

Қураны Кәримде көрсетилген исламның тийкарғы байрамлары: Ораза Ҳайт ҳәм Қурбан Ҳайт болып табылады. Қураны Кәримде тилге алынбаған, бирақ диний дәстүрлер, ҳәдис, шариат ҳәм басқада дереклер бойынша қәлиплескен мәресимлер қатарына сүннет етиў, мавлуд (Муҳаммед пайғамбардың туўылған күнин белгилеў), пайғамбардың меъраж қылған күни, ражаб, диний некеден өткериў, марҳумды жерлеў ҳәм тағы басқалар киреди. Сондай-ақ, ҳаслы мәниси исламый емес, бирақ мусылманлардың турмысына кирген мәресимлерден суқ шығарыў, оттан атлатыў ҳәм тағы басқаларды атап көрсетиў мүмкин.

Басқа дүньялық динлер сыяқлы ислам да өз раўажланыўының белгили басқышларына келип ҳәр қыйлы ағымларға, мазҳабларға ҳәм секталарға бөлинген. VII әсирдиң екинши ярымында харижийлер, соңын ала суннийлик ҳәм шиалық ағымлар пайда болды, кейинирек, олардың ҳәр қайсысында түрли мазхаблар, секталар қәлиплести. Олардың пайда болыўының баслы себеби исламый ақидаларды түсиндириўде келип шыққан бир бирине

қарсылықлы идеялар, тәлийматлар, сондай-ақ, исламды ибадат етиўшилер арасындағы ҳәр қыйлы экономикалық ҳәм сиясий мәплер, халықлардың кең мәнистеги руўхый-мәдений раўажланыў дәрежелери болып есапланады.

Харижийлер ағымының аты арабша «қарсы болыў», «көтерилисши» («харжа») деген сөзден алынған. VII әсирдиң екинши ярымында Али ҳәм Муавия ортасында халифалық ушын гүрес дәўиринде пайда болған. Халифа Осман өлгеннен кейин, Али халиф етип сайланды, бирақ буған көпшилик бай саўдагерлер келискиси келмеди. Олар Сирияның ҳәкими Муавия әтирапында топланып, Алиди Османның өлиминде қолы бар деп есаплап, оған қарсы гүрес баслады. Ашығын айтқанда, Али бул гүресте жигерлилик ҳәм қатаңлылық көрсете алмады, керисинше Муавия менен келисиўдиң жолын таңлады. Бул сиясатқа қарсы болған 12000 ға жақын Али тәрепиндеги адамлар бөлинип кетти, Алиге де, Муавияға да қарсы кескин гүрес жүргизиўдиң жолын таңлады. Мине усы топар ислам тарийхында харижийлер деп аталады. Олар 661-жылы Алиди өлтириўге ерискен. Муавия ҳүкимдарлық еткен 661-680 жыллары бирқанша көтерилислер жасаған. X әсирде Солтүслик Африкада Рустемийлер династиясының мәмлекетин дүзиўге де ерискен. Соңын ала олар майда топарларға бөлинип кетти. VII-IX әсирлерде Уммавийлер ҳәм аббасийлер харижийлерге қарсы гүрес жүргизди, оларды жоқ етти ҳәм қырып таслады. Ҳәзир олардың айырым секталары ғана сақланып қалған. Мәселен, ибадийлер, аскарийлер Солтүслик Африка еллеринде сақланған.

Ҳәзирги заманда исламда тийкарынан еки бағдар – **суннийлик** ҳәм **шиалық** бар. Суннизм атамасы арабша «ас сунна», «өрнек», «үлги», «көрсетпе» сөзлеринен алынған болып, ҳақыйқый ислам дәстүрлериниң тәрепдарлары деген мәнисти билдиреди. Олар өзлерин Муҳаммед пайғамбардың көрсеткен жолы менен жүриўшилеримиз деп есаплайды. «Сунна» сөзи Муҳаммед пайғамбардың ҳәрқыйлы мәселелерди шешиў бойынша пикирлери, айтқан сөзлери, көрсетпелери, пикирлери, болжаўлары, жеке ислери дегенди аңлатады. Суннийлер Муҳаммед пайғамбардың тири

ўақтында қәлиплескен ислам идеяларын толық қабыллайды. Пайғамбарымыз Ҳәдислерин (суннаны) Қураннан кейинги исламның дереги деп есаплайды. Төрт халиф – Абу Бакир, Омар, Осман ҳәм Алиди исламның ҳақыйқый жанкүйерлери, пайғамбардың шәкиртлери, туўры жолдан жүрген шариярлары деп мойынлайды. Диний әдебиятта суннийлерди «әҳли Сунна вәл жәмәә» жолынан жүриўшилер деп атайды. Ҳәзирги дәўирде суннийлер мусылманлардың 92% тин қурайды.

Шиалық атамасы арабша «шиа» - «топар», «партия», «тәрепдарлар» деген сөзден алынған болып, Али ҳәм оның әўладын Муҳаммед пайғамбардың бирден-бир мийрасхоры деп тән алыўшылар ағымын белгилеў ушын қолланылады. Муҳаммед пайғамбар қайтыс болғаннан кейин саҳабалардың бир топары, мәселен, Салман әл-Фарсий, Абузар әл-Гипари, әл-Миқдат ҳәм басқалар жоқары ҳәкимият пайғамбардың шаңарағына тийисли болыўы керек, яғный Али Халиф болыўы тийис еди, ал Абу Бакир нызамсыз ҳәкимиятқа ийе болды деп ашық түрде айтқан. Бул топар ақыр аяғында исламдағы пүтинликтиң бузылыўына ҳәм исламның суннизм және шиаизм болып еки бағдарға бөлиниўине алып келген. Олар Али өлгеннен кейин ҳәкимият (имамат) тек ғана Али әўладына тийисли болыўы керек деп есаплаған. Олардың айтыўынша, өзи тири ўақтында-ақ Муҳаммед пайғамбар Алиди өзиниң руўхый мийрасхоры деп жәриялады, соның ушын Али тәрепдарларының ҳәкимияты илаҳий болады. Ҳәзирги дәўирде шиалықлар мусылманлардың 8% қурайды, олар Иран, Ирак, Аўғаныстан, Ҳиндистан, Пакистан, Әзербайжан, Тәжикстан, Ливан ҳәм басқа да мәмлекетлерге тарқалған.

Шиалық пенен суннийлердиң ислам тәлийматын түсиниўде ҳәм орынлаўда бир-биринен өзгешеликлери бар. Суннизм ҳәм шиаизм баслы ажралыўы имамат, яғный мәмлекетти басқарыў ҳуқықы мәселесинен басланады. Суннизм бойынша қәлеген ҳақыйқый мусылман имам болып сайланыўы мүмкин, шиаизм тек ғана Муҳаммед пайғамбар әўлады, анығырағы оның күйеўи Али ҳәм қызы Фатимадан таралған әўладлар ғана

бул лаўазымға сайланыўы мүмкин. Қала берсе, шиаизм бойынша имамлық «Алланың инаяты», ол бир имамнан екиншисине өтип отырыўы тийис. Шиалықлар халифлер Абу Бакир, Омар, Осман ҳәкимиятты зорлық жолы менен нызамсыз ийелеген адамлар деп оларды тән алмайды. Шиалықлар Али әўладынан болған 12 имамның ҳәкимиятын нызамлы деп есаплайды. Шиалықта он екинши имам Муҳаммед әл-Махдий ҳаққында аңызлар үлкен орын ийелейди. Әл-Махдий жаслайынан (7-9 жасларында) жоғалып кеткен, ол қайтып келип, әдилсизликлерди, теңсизликти, жәмийеттеги басқа унамсыз нәрселерди жоқ етеди, дүньяда әдалатлы дүзим орнатады деп есаплап, оны зор үмит пенен күтеди.

Жоқарыда биз исламда 7 ақиданың бар екенлигин айтқан едик, оларды суннитлер толық қабыл етеди, ал шиалықлар 5 ақиданы (Алланың бирлиги, әдалат, ақырет ҳәм өлгенлердиң тирилиўи, пайғамбарлық ҳәм имаматты) тән алады. Шиалықлар суннитлердей Қураны Кәримди тән алады, бирақ Ҳәдислерден Муҳаммед, Али ҳәм оның әўладлары менен байланысларын ғана мойынлайды. Олар усындай Ҳәдислерден «Ахбар» деп аталған топлам дүзген ҳәм Қураннан кейинги муқаддес дерек деп жәриялаған. Олар муқаддес орынлар деп Мекке ҳәм Мадинаны мойынлаў менен бирге, Кербала ҳәм Наджиб қалаларындағы шиалық имамлардың қәбирлерин зыярат қылыўды да дәстүрге айландырған. Шиалықларда Ашшура деген қайғылы мәресим болып, ол Хусейнниң (Алидиң баласы, мухаррам айының оны күни Кербалада урыста өлген) өлимине байланыслы мухаррам айының дәслепки 10 күни матам тутыў менен өткериледи. Шиалықлар «шахсей-вахсей» үрп-әдетлерин өткергенде өзлерине өзлери азап береди, денесинен қан шығарады.

Исламда шиалықлардағы бир қанша секталар да бар. Олардан шиалықта харижийлер, исламийлер, зайдийлер, друзлар, назарийлер, кәрматлар ҳ.т.б. бар екенин, ал суннийликте ахмадий, алавий, ибадий, идирисий, қадирий-мудиридий, рашидий, салихий, бадавий ҳәм басқада көплеген секталардың бар екенин айтсақ болады.

8-тема. Исламның тийкарғы дереклери

Реже:

1. Қураны Кәрим – исламның тийкарғы дереги, оның жаратылыўы, ишки структурасы, китап ҳалына келтирилиўи.
2. Ҳәдислер – ислам дининиң Қураны Кәримнен кейинги дереги.
3. Ҳәдислерди жыйнаў ҳәм топлаў. Имам әл-Бухарий – уллы мухаддис.
4. Шариат – ислам дини ҳуқықый нормаларының системасы.
5. Ханифийлик – баўрыкең мазҳаб.

Қураны Кәрим мусылман халықлары турмысында айрықша орын тутатуғын муқаддес китап. Ол усы халықлардың илим, әдебият, турмыс тәрзи, нызам-қағыйдалары, үрп-әдетлери, дүньяға көз-қарасының қәлиплесиўинде шешиўши орын тутқан. Қуран ислам дининиң тийкарғы ҳәм биринши дереги. Жәмийет ҳәм инсанлар турмысындағы барлық мәселелер биринши гезекте Қуран арқалы шешилип отырылған.

«Қуран» сөзи арабша «кәрәъә», яғный «кирәәт», «оқыў» деген сөзден алынған. Көпшилик динлерде муқаддес китапларды «жазыў» ямаса «жазыўлар» деп айтыў қабыл етилген. Бул жерде баслы себеп, арабларда халық аўызеки әдебиятының күшли болыўы, ал жазба әдебиятының дерлик болмаўы, соның ушын әдебий шығармалардың әўладтан әўладқа аўызеки өтип турыў дәстүри, деп айтыўға болады. Қуранның да дәслепки текстлери аўызеки айтылған ҳәм сол арқалы таралған.

Уламалардың айтыўынша, Қуран Алланың сөзи, оның ишинде Муҳаммедтиң өзиниң бирде сөзи жоқ, Муҳаммед пайғамбар тек ғана Алланың сөзин адамларға жеткерген. Соның ушында, ол пайғамбар, Расул, елши. Қуран Муҳаммед пайғамбарға бөлек-бөлек болып вахый қылып жиберилген, ол туўралы жоқарыда биз сөз еттик. Муҳаммед әлемнен өткеннен кейинги 20-25 жыл даўамында Қуран текстлерин жыйнаў, редакциялаў ҳәм бир пүтин китап түрине келтириў иси әмелге асырылған.

Қуран аятларын ядтан билетуғын адамлардың ҳәрқыйлы себеплер, әсиресе урыслар нәтийжесинде кемейип баратуғынлығын есапқа алынып, Омардың усынысы менен Абу Бакир халифалық еткен дәўирде Қуран текстлерин китап түрине келтириў иси қолға алынды. Бул иске басшылық етиў 633-жылы Муҳаммедтиң кәтиби Заит ибн Сабитке тапсырылған. Ол өзи ядтан билген сүрелерди хатқа түсириў менен бирге, бурынлары ҳәрқыйлы материалларға жазылған текстлерди қайта көширген. Сондай-ақ, Қуранды ядтан билетуғын адамларды жыйнап олардан да сүрелер жазып алынған ҳәм салыстырып көрилген. Солай етип, Қуран сүрелериниң ең дәслепки Абу Бакир нусқасы 109 сүреден ибарат болған «Сухуф» («Сахыфалар») деп аталатуғын варианты пайда болды. Бул нусқа бизге жетип келмеген, оның дүзилиси ҳәм көлеми туўралы анық мағлыўмат жоқ.

Осман заманында халифалықтың шегаралары оғада кеңейди, ислам идеяларын анық түрде нәсиятлаў иси оғада қыйынласқан. Әсиресе, ҳәрқыйлы орынларда Қуран аятларының түрлише айтылыўы, сондай-ақ, Қуранның ҳәр түрли вариантларының жүзеге шыға баслаўы ислам нәсиятшыларының ҳәм сыйыныўшыларының арасында қарсылықлар келтирип шығара баслады. Буның ислам жәмийети ушын оғада қәўипли екенлигин сезген халифа Осман 651-жылы бар болған вариантларды топлап, оларды салыстырып шығыўды тапсырады. Бул ис Заит ибн Сабит басшы болған төрт адамнан ибарат топарға тапсырылады. Солай етип, 661-жылы Қуранның нусқасы таярланады, қалған нусқалары жоқ етиледи. Жаңадан таярланған Қуранның нусқасы тарийхта «Мусҳаф» ямаса анығырағы «Халифа Осман мазҳабы» деп аталады. Мине усы вариант ҳәзирги күнге шекем ҳеш өзгериссиз жасап келмекте. «Мусҳаб» сөзи әййемги араб тилинде «орама қағаз», «пергамент» дегенди аңлатып, Қуранның дәслепки қолжазбасы усылай аталып кеткен. «Осман масҳабы»ның тийкарғы нусқасы Мадинада халифа Осман сарайында қалдырылып, ол «ийман» деп аталған. Тийкарғы нусқадан, алымлардың соңғы мағлыўматлары бойынша 6 нусқадан көширилип, Басра, Дамашқ,

Куфа усаған ири қалаларға жиберилген ҳәм олар «Осман масҳабы» деп аталған. Қуранның мине усы нусқасын басшылыққа алыўға буйрық берилген.

Тарийхшылардың айтыўынша, халифа Осман Қуран оқып отырған ўақытта өлтирилген ҳәм оның қаны Қуранға шашыраған. Халифа Османның қаны төгилген Қуранның ҳақыйқый нусқасы Ислам дүньясында айрықша қәдирленеди. Ҳәзир Ташкентте сақланып атырған Қуранда қанның излери бар, соның ушында көпшилик алым-уламалар Османға тийисли нусқа усы деп есаплайды. Оның қалайынша Орайлық Азияға келиўи ҳаққында түрли пикирлер бар. Айырым дереклерде көрсетилиўинше, Мысыр патшасы Захир Байбарыс монғоллар ишинде биринши болып исламды қабыл қылған Самарқанд хүкимдары Барақатханға дослық байланысларды беккемлеў мақсетинде саўға ретинде жиберген. Тағы бир дереклерде айтылыўынша, Әмир Темур Иракты басып алғаннан кейин Қуран қолжазбасын Куфадан өз Ўатаны Самарқандқа алып келген. Ең соңғы исенимли мағлыўмат бойынша, Мысыр патшасы Байбарыс «Осман топламы»ның бир нусқасын Алтын Орда ханы Беркеханға саўға қылған, ал Әмир Темур Тоқтамыс ханды жеңип, Алтын Орданы басып алғаннан кейин, Қуранды Самарқандқа алып келип, оны Хожа Ахрар мешитинде 400 жыл сақланған. 1869-жылы Рус басқыншылары оны Петербургқа алып кеткен, ал 1923-жылы Ташкентке қайтарылған. 1989-жылы 14-мартта Орта Азия ҳәм Қазақстан мусылманларының IV қурылтайында мусылманларға берилди. Ҳәзир ол Өзбекистан мусылманлары мекемесиниң китапханасында сақланбақта. Ол 353 беттен ибарат болып, ҳәр бетиниң өлшеми 65х53 см^2, бул бетлер кийик терисинен исленген, ҳәр бири он еки қатардан сулыў етип куфый жазыўында жазылған. Ҳәзирги ўақытта Осман Қуранның бес данасы белгили. Олар Каирда, Меккеде, Мадинада, Туркияда ҳәм Ташкент қалаларында сақланбақта.

Қуран 114 сүреден, 6236, 6232, 6204 ямаса 6666 аяттан турады. Аятлар санының ҳәр түрли болыўы Қуранның мазмунының ҳәм көлеминиң бир-биринен парық қылатуғынлығынан емес, ал сүредеги аятлардың ҳәр түрли

жол менен бөлистирилиўинен келип шыққан. Айырым авторлар Қурандағы сүрелерди бап деп атайды. Бирақ буған келисиўге болмайды. Сүрелер бап емес, муқаддес Қуранға тән болған айрықша бөлиниўди аңлатады. Сүре сөзи арабша «дизбек», «қатар», «қорған», «мәнзил», «даңқ» мәнислерин билдиреди. Сондай-ақ, ол дәўирлерде сүре деп дийўалға өрилген гербиш яки тастың қатарында түсирилген. Олай болса, сүрени «аятлар дизбеги», «аятлар топламы», «аятлар жыйындысы» деп түсинилген дурыс болады. Усының менен бизге уламалар сүрени аятлардың басланыўын ҳәм тамамланыўын белгилеп туратуғын қорғанға уқсас мәнисте де түсинеди. Ият сөзи Қуранның өзине тән түсиник, ол кәрамат, илаҳий белгил мәнислерине туўры келеди.

Ислам бойынша Алланың өз елшиси Муҳаммедке ўахий (назил) қылып, адамларға қолланба сыпатында араб тилинде жиберилген буйрық. Сүрелер көлеми бойынша түрлише. Мәселен, ең кишкене «Кавкар» сүреси 3 аяттан, ал ең узын «Бақара» сүреси 286 аяттан ибарат. Сүрелер пайда болыў ўақтына ҳәм орнына қарай екиге бөлинеди: 1) Мекке сүрелери (610-622 жыллар), 90 сүре; 2) Мадина сүрелери (622-632 жыллар), 24 сүрелер.

Өз гезегинде олардың ҳәр қайсысы алымлар тәрепинен тағы да бир нешше дәўирлерге бөлинип изертленеди.

Қуран тексти сүре ҳәм аятлар менен бир қатарда және 30 «жуз» («пара»)ға бөлинеди. Параға бөлиўшилик оқыўға қолай болсын деп Қуранды теңдей бөлеклерге бөлиўден келип шыққан.

Қураны Кәрим өзинен бурынғы қудай тәрепинен жиберилген жазыўларды бийкарламайды, керисинше оларды тастыйықлаў ҳәм ондағы диний көрсетпелерди ақырына дейин жеткериў ушын түсирилген муқаддес китап. Ал, Муҳаммед пайғамбарлардың искерлигин жуўмақлаўшы ҳәм ақырына жеткериўши қудайдың елшиси, ақырғы пайғамбары.

Қуранның орайлық идеясы тавхид, яғный жеке қудай – Алла ҳаққындағы тәлийматдур. Қуранның сүре ҳәм аятларында Алланың сыпатлары, оның бирлиги, жаратыўшы қудиретли күш екенлиги көрсетилген. Мәселен,

Қуранның 112 «ықлас» сүреси бул пикирди төмендегише баянлайды. «Мийирбан ҳәм рейимли Алланың аты менен баслайман».

1. Әй Муҳаммед, айтың: «Ол – Алла бирдур (яғный оның ҳеш қандай шериги жоқдур. Ол жеке, жалғыздур)».
2. Алла барлық (қәжетлер менен) көзлениўшидур (яғный барлық қәжетлер оннан соралады, бирақ ол ҳеш кимге мүтәж емесдур).
3. Ол туўмаған ҳәм туўылмағандур (яғный Алланың ул-қызы да, ата-анасы да жоқдур. Ол әзелий ҳәм мәңги затдур).
4. Ҳәм ҳеш ким ол затқа теңемесдур (Қураны Кәрим, 112-ықлас сүреси).

Қураны Кәримниң 1-сүреси «Фатиха сүреси»ниң дәслепки аятлары Алланы пүткил әлемниң ийеси, қыямет күнниң патшасы деп сыпатлайды.

Алла сөзи арабша «Әл-илаҳ» - иләҳий күш деген сөзден алынған. Ол түркий халықларда атап айтқанда, қарақалпақларда «тәңри», форсша «қудай» деп айтылады. Қураны Кәримде оның Рахман, Рахим, Малик, Худдус сыяқлы 99 аты келтирилген. Ислам бойынша Алла пүткил әлемди жаратқан иләҳий күш.

Қураны Кәрим бойынша Алла бәрше нәрселерди ҳәм болатуғын қубылысларды билиўши, дүньядағы барлық ислерди өз қәлеўи менен әмелге асырыўшы, барлық нәрсени көриўши, барлық даўысларды еситиўши, барлық нәрселерди болдырыўшы, барлық жансыз ҳәм жанлы нәрселерди тәрбиялаўшы, туўры ҳүким шығарыўшы, мийирбан ҳәм кеширимли зат болып табылады. Ол жерге өзиниң Расулы сыпатында пайғамбарларды жибереди ҳәм өзиниң сөзи болған муқаддес китапларды (Қуран, сондай-ақ, Таврат, Инжил, Забур) түсиреди.

Қураны Кәрим адамзат мәденияты тарийхында үлкен из қалдырған философиялық, әдеп-икрамлылық, әдебий, тарийхый, илимий бийбаҳа мийрас болып табылады. Онда әдеп-икрамлылық, инсап, ҳүждан, ҳалаллық, әдиллик, сабыр-тақаатлылық, адамлар арасында дослық, ҳәр түрли халықлар

ортасында татыўлық, динлер арасында толерантлыққа усаған улыўмаинсаний әҳмийетке ийе болған жол-жорықлар ҳәм көрсетпелер берилген.

Қураны Кәримде ата-аналарға жақсылық етиў идеясы оғада кескин түрде қойылған. Буны биз төмендеги аятлардан көремиз:

«Раббиңиз, оның өзине ғана ибадат қылыўыңызды ҳәм де ата-анаға жақсылық қылыўды әмир етти (Әй инсан!). Егер олардың биреўи яки екеўи де кекселик жасына жетсе, оларға «уф» деме ҳәм олардан жеркенбе! Оларға (бәрҳәма) жағымлы сөз айт!» (17, әл-Исра сүреси, 23).

Биз инсанға ата-анасын (разы қылыўды) буйырдық. Анасы оны ҳәлсизлик үстине ҳәлсизлик пенен (қарнында) көтерип жүрди. Оны (көкиректен) ажыратыў (мүддети) еки жылда (питеди).

(Биз инсанға буйырдық:) «Сен маған ҳәм ата-анаңа шүкир қыл! Қайтыў мениң қасымадур» (Луҳман сүреси, 14). Жақсылық ислеў ҳәр бир перзенттиң қарызы ҳәм парызы дәрежесине көтерилген.

Адамларға жақсылық етиў, гүнәсиз адамларды жазаламаў яки өлтирмеў ҳаққындағы төмендеги сүрелерди көрсетиў мүмкин:

«Егер мөминлерден еки топар өз-ара урысып қалса дәрҳал оларды жарастырыў» (Хужурат сүреси, 9).

«…Мөминлер аға-инилердур. Аға-инилериңизди келистирип қойыңлар…» (Хужурат сүреси, 10).

«Әлбетте жақсылықлар жаманлықларды жоққа шығарады» (Ниса сүреси, 114). Буның мәниси биреўге жақсылық қылсаң Алла таала сениң жаманлықларыңды өширеди дегенди аңлатады. «…Қандайда бир тири жанды өлтирмеген яки жерде (бузғыншылық ҳәм қарақшылық усаған) жаўыз ислерди қылмаған инсанды өлтирген адам ҳәмме адамды өлтиргендей болады. Оған тиришилик инәм еткен (өлимнен қутқарып қалған) адам болса, бәрше адамларды тирилткенге уқсайдур…» (Манда сүреси, 32). Демек, исламда гүнәсиз адамды қастан өлтириў оғада үлкен жынаят. Ондай адам жәҳәннемде мәңги қалады ҳәм ләнетке дуўшар болады.

Қураны Кәримде инсан тәрбиясы мәселесине айрықша итибар бериледи. Ислам адамларды билимлиликке, илим үйретиўге шақырады. Қуранда «илим» сөзи 754 рет тилге алынған. Қуранда перзентлеримиздиң мәрипатлы ҳәм мәнаўиятлы болыўына айрықша әҳмийетли ўазыйпа сыпатында қаралады. Бул туўралы Алланың муқаддес китабында былай делинеди:

«… Айтың (Әй Муҳаммед) … Билетуғын затлар менен билмейтуғын кимселер барабар боларма?». Расында да, тек ақыл ийелери ғана үгит-нәсият аладурлар (Зумар, 9). Бул жерде Алла таала «билетуғын затларды», яғный илимли кәмил инсанларды тәрбиялаўды баслы тәрбиялық көрсетпе сыпатында ортаға қояды, билимсиз адамның саўатлы, ақыллы, тәрбияланған инсан менен турмыс машқалаларын шешиўде тең бола алмаслығын көрсетеди.

Алла «Ал-Имран» сүресинде илим ийелерин периштелер менен қатар қояды. «Юсуп» сүресинде илимниң шегарасының жоқ екенлигин көрсетип, «Ҳәр бир илимлиниң үстинен оннанда илимлирек бар» (сол сүре, 76) екенлигин көрсетеди.

Қураны Кәримде тәбият қубылыслары, онда болатуғын өзгерислер, бизди қоршаған орталықтың раўажланыў нызамлылықлары ҳәм сырлары ҳаққында ҳәзирги заман илими тастыйықлап турған пикирлер келтириледи. Ислам дүньясында жасап өткен уллы алымлар өзлериниң тәбийий илимий жуўмақларында оннан нәр алған.

Жер орта теңизи менен Атлантикалық океан тутасатуғын Гибралтар буғазында ашшы ҳәм душшы суў бир-бирине араласпай ағатуғынлығын атақлы француз алымы, капитан Кусто бул қубылысқа таң қалған ҳәм оны мен биринши болып аштым деп ойлаған, сонда алымлар бул қубылыстың Қураны Кәримниң «Әр-Рахман» ҳәм «Фурхан» сүрелеринде әлле қашан – 14 әсир бурын көрсетилгенлигин айтысқан. Қураны Кәримдеги бул ҳақ сөзди көрген капитан Кусто ислам динин қабыл еткенлигин жәриялаған.

Қураны Кәрим дүньядағы халықлардың тиллерине аўдарылған. XII әсирлерде Европа халықларының тиллерине, XVIII әсирде рус тилине

аўдарылған. Атақлы рус шайыры А.С.Пушкин «Қуранға еликлеў» атлы шығарма жазғанлығы да мәлим. Қураны Кәримниң рус тилине ең кейинги аўдармаларынан Г.С.Саблуковтың (1878, 1894, 1907), И.Ю.Крачковскийдиң (1913, 1968) аўдармаларын айтыў мүмкин.

Ғәрезсизлик алғаннан кейин Қураны Кәримди өзбек тилине аўдарыў иси қолға алынды. Өзбекистан мусылманлары диний мекемесиниң басламасы менен өзбек тилине аўдарылды ҳәм еки мәрте (Алавутдин Мансур аўдармасы, Т., 1992; Абдулазиз Мансур аўдармасы, Т., 2001) басып шығарылды.

Қураны Кәрим ислам дүньясында идеологиялық, дүньяға көз-қараслық, әдеп-икрамлылық, ҳуқықый машқалалардың шешими баянланған муқаддес китап сыпатында уллы роль атқарған ҳәм атқармақта. Қуранда баян етилген идеялар ислам дининиң дереги сыпатында басшылыққа алынады, сол тийкарда барлық диний, руўхый, мәнаўий ҳәм турмыслық мәселелер шешиледи. Мәселен, Қуранда 20 сүреде шаңарақ ҳәм оның менен байланыслы мәселелер тилге алынған, бул мәселелердиң дурыс шешими берилген. Қуранда диний философиялық ой-пикирлер, адамлардың өмиринде ҳәрекет етиўши дәстүрлер, үрп-әдетлер, адамлар арасындағы қатнасықларды тәртипке салыўшы ҳуқықый ҳәм әдеп-икрамлылық норма, қағыйдалар, соның ишинде шаңарақ, неке, ата-аналарға ҳәм балаларға, ағайин-туўысқанларға қатнас, меншик ҳәм мийрас, саўда-сатық, қарыз ҳәм парыз және басқа мәселелер бойынша көрсетпелер өз көринисин тапқан. Қурандағы әдеп-икрамлылық, инсап, ҳүждан, ҳадаллық ҳ.т.б. улыўмаинсанлық әҳмийетке ийе болған көрсетпелер ҳәзирде адамлар ушын хызмет етип атыр, мәнаўиятымызды жетилистириўге үлес қоспақта.

Ҳәдислер

Исламның Қураны Кәримнен кейинги дереги, ислам илаҳиятының ҳәм шариатының екинши тийкары сунна болып табылады. “Сунна” сөзи арабшадан аўдарғанда “жол”, “бағдар” ямаса “әўладлардан қалған үрп-

әдетлер” деген мәнисти билдиреди. Исламға дейинги дәўирде арабларда “сунна” деп әдетке айланған әдеп-икрамлылық ҳәм ҳуқықый көрсетпелер системасы түсинилген. Исламда “сунна” дегенде пайғамбарымызға тийисли болған ҳәдислер түсиниледи. “Ҳәдис” сөзиниң мәниси “хабар”, “әңгиме”, “билдириў” дегенди аңлатады. Исламдағы рәсмий мәниси бойынша ҳәдис дегенимиз, Муҳаммед пайғамбардың сөзлери ҳәм әмелий ислери ҳаққындағы аңыз-әңгимелер. Басқаша айтқанда, Сунна (ҳәдислер) дегенимиз, биринширден, Муҳаммед пайғамбарымыздың өзиниң тиккелей айтқан сөзлери, екиншиден, оның ислеген ислери ҳаққындағы аңыз-әңгимелер, үшиншиден, саҳабалар тәрепинен исленген ис-ҳәрекетлер болады. Олардың ҳәр бири суннет деп аталады.

Ҳәдислерге пайғамбарымыздың шет ел ҳүкимдарларына жазған жолланбалары, өзине келген хатларға жуўаплары да киреди.

Ҳәдислердиң пайда болыўының баслы себеби, Қураны Кәрим қаншелли тийкарлы болмасын, ол гейпара жағдайларда әмелий ҳуқықый ҳәм әдеп-икрамлылық мәселелерин шешиўге толық жуўап бере алмаған.

Араб халифалығының дүньялық уллы империяға айналып барыў процессинде бул жағдай айқын жүзеге шыға баслаған. Мине усы себептен, VII әсир ақыры VIII әсир басларында ҳәдислерди жазыў ҳәм топлаў иси басланған. Усы ҳәдислер топламы Сунна яки Суннат, ал ҳәдислерди топлаўшы, түсиндириўши, нәсиятлаўшы адамлар муҳаддислер деп аталған.

Ҳәдислер тийкарынан мусылманлар ушын зәрүр болған ҳуқықый ҳәм әдеп-икрамлылық өлшемлерди, мәресим ҳәм үрп-әдетлер бойынша жол-жорықларды баян еткен.

Олар Муҳаммед пайғамбарға тиккелей байланыслы болыўы менен бирге саҳабалардың ис-ҳәрекетинде сәўлелендирген. Саҳабалар пайғамбардың туўысқанлары, дослары, жәрдемшилери, шәкиртлери болып, олар Муҳаммед пайғамбардың ҳәдислерин кейинги әўладларға жеткериўшилер болған. “Саҳаба” сөзи арабшада “гүрриң” деген мәнисти билдиреди. Пайғамбарымыз бенен гүрриңлескен, ең болмағанда оның менен бир мәрте сөйлескен адам

саҳаба есапланады. Қураны Кәримде ҳуқық ҳәм әдеп-икрамлылыққа тийисли мәселелер улыўма тәризде баян етилгенликтен, Муҳаммед пайғамбар оларды түсиндириў ҳәм гейпараларына анықлық киргизиў мақсетинде ҳәдислерди айтқан, ал саҳабалар оларды ядта сақлаўға ҳәрекет қылған. Өйткени, Алланың сөзи болған Қураны Кәрим аятлары ҳәдислер менен араласып кетиўинен қорқып, пайғамбарымыз ҳәдислерди жазыўға рухсат етпеген. Муҳаммед пайғамбарымыз қайтыс болғаннан кейин ҳәдислерди жазба түрде топлаў иси басланған. Ҳәдислерди топлаў исиниң қолға алыныўының себеплеринен бири, ҳәр қыйлы себеплер менен, әсиресе, урыслар себепли ҳәдислерди билетуғын саҳабалардың саны оғада азайып барған, соның ушында оларды тезирек топлаў зәрүр болды. Тағы бир себеп, ҳәдислерди араблардың түрли жәмийетлик қатламларының мәплериниң сәўлелениўи нәтийжесинде ўақыт өтиўи менен оларда бир-бирине қарсы пикирлер, сондай-ақ, надурыс ҳәдислер жүзеге шыға баслаған. Мине бул жағдайлар ҳәдислерди топлаў ғана емес, ал улыўма оларды жыйнаўды тәртипке салыўды, олардың ишинен исенимлилерин сайлап алыўды талап етти.

Ҳәдислерди топлаў дәстүри бойынша олар еки бөлимнен турады: 1) Иснад (арабша “таяныш” дегени), яғный Ҳәдисти пайғамбардан еситип топлаўшыға шекем жеткерген адамларды избе-из атап өтиў; 2) Текст, яғный Ҳәдистиң мазмуны.

Ҳәдислер исенимлилик дәрежесине қарап 3 топарға бөлинеди. Бириншиси, “Саҳиҳ” (арабшадан аўдарғанда “исенимли”, “дурыс” дегени) ҳәдислер деп аталып, олар туўралы хабар бериўшилердиң дизими ҳеш қандай гүман туўғызбайды. Екиншиси, “Ҳасан” (арабшадан “жақсы”, “иззетли”) ҳәдис делинип, оларды жеткериўшилердиң дизиминде айырым кемшиликлер болыўы мүмкин. Мәселен, хабарлаўшылардың айырымлары көпшиликке нәмәлим болса яки көпшилик муҳаддислер оны кемшиликсиз деп есапламаса, ямаса хабарлаўшылар дизбегинде үзилис болса, ондай ҳәдис қабылланған менен толық жоқары баҳаға ийе болмайды. Үшиншиси, “Даиф” (арабшадан аўдарғанда “заиф”, “ҳәлсиз” дегени) ҳәдис деп аталып, олар

исенимсиз болады. Тийкарынан хабарлаўшылар дизиминде билим дәрежеси ҳәм абыройы муҳаддис алымларды исендирмейтуғынлар болса, олар исенимсиз ҳәдислер деп жүритиледи.

Ең дәслепки ҳәдислер тийкарынан Муҳаммед пайғамбар қайтыс болғаннан кейин көп өтпей жазыла баслаған. Айтыўларына қарағанда, Халиф Абу Бакир 500 ҳәдисти топлап, китап түрине келтирген, бирақ ол жоқ етип жиберилген. Халиф Омар “Сунна” китабына жазбақшы болған, бирақ бул истен бас тартқан. Өйткени, оның пикиринше адамлар ҳәдис китабына дыққатты күшейтип Қуранды умыта баслаўлары мүмкин деп ойлаған.

VIII әсирдиң басларында ҳәдис топлаў бойынша үш мектеп – Мадина, Ирак, Сурия мектеплери пайда болған.

IX әсирде ҳәдислерди топлаўда үлкен табысларға ерисилди, соның ушында бул әсирди ҳәдислер топлаўдағы “Алтын әсир” деп айтысады. Ислам әлеминде ҳәдисти жыйнаўшылар ҳәм дүзиўшилер баршылық болған, атап айтқанда тек Мавераўннахрда VIII-XII әсирлерде 3000 нан артық муҳаддислер жасап, жемисли искерлик жасаған. Ислам дүньясында исенимли ҳәдислер топлаған 6 муҳаддислердиң мийнетлери айрықша тән алынады:

1. Имам әл-Бухарийдиң (810-870) “Әл-Жәмеъ ас-Сахих” атлы топламы ислам дүньясында үлкен абыройға ерискен ҳәм көп рет басылып шығарылған. Имам әл-Бухарий 600 000 жақын ҳәдисти топлап, соның ишинен 7250 ең исенимли деп жоқарыдағы өзиниң китабына киргизген.
2. Муслим ән-Нишапурий (817-875) диң “Ас-Саҳиҳ” шығармасы кеңнен таралған. Ол 300 000 дай ҳәдис топлап, соннан 12 000 таңлап алған.
3. Абу Иса ат-Термизий (824-892) диң “Ал-Жамеъ ас-Саҳиҳ” деген мийнети.
4. Ибн Мажа (886-жылы қайтыс болған)ның “Суннан Ибн Мажа” атлы шығармасы.

5. Абу Дауд ас-Сижистаний (888-жылы қайтыс болған) диң “Сунан Абу Давуд” атлы китабы.
6. Абу Абд ар-Рахман ән-Нәсаий (830-915) диң “Суннан ән-Нәсаий” атлы мийнети.

Бул уллы муҳаддислердиң төртеўиниң Орайлық Азиядан шыққанлығынан бизлер мақтаныш етсек арзыйды.

Ислам дүньясындағы муҳаддислердиң ең жетиги ҳәм атақлысы Муҳаммед Ибн Исмаил әл-Бухарий 810-жыл 20-июльде Бухарад туўылған. Әкеси Шайх Исмаил ибн-Рахим ҳәдистаныў илими менен шуғылланған. Исмаил әл-Бухарий 10 жасында-ақ араб тилин билген, ҳәдис китапларын терең үйренген ҳәм оларды ядлаған. Ол Бухаралы муҳаддислерден ҳәдис илиминиң сырларын өзлестирген. Анасы менен 16 жасында Ҳаж сапарына барып, төрт жыл Меккеде жасаған, соңынан Балх, Басра, Куфа, Бағдат, Хумс, Дамашқ, Мекке, Мадина усаған көплеген қалаларда болған ҳәм ҳәдис топлаған, муҳаддислер менен ушырасқан.

Имам Бухарийдиң өзи “Мен бир мың Семен муҳаддистен ҳәдис еситтим. Олардың ҳәммеси “имам, ол сөз ҳәм әмелден ибарат” деген инанымдағы адамлар еди”, деген еди.

Имам Бухарий оғада зийрек ҳәм талантлы алым болған. Ол еситкенлерин ҳәм оқығанларын ядында сақлай алыў уқыбына ийе болған. Оның менен оқыған дослары бир нешше ҳәпте бурын еситкенлерин сораганда ол иркилместен ядтан айтып бере алатуғын болған, сонда оның дослары өзлериниң жазыўындағы қәтеликлерди Бухарийдиң ядтан айтқанына қарап дүзетип алатуғын болған. Имам Бухарий өзи топлаған 600 мың ҳәдислердиң 300 мыңын ядтан билген. Ол 863-868-жыллары Нишапурда медреседе ҳәдис илиминен сабақ берген, усы жерде Имам ат-Термизий менен ушырасқан.

Өмириниң ақырында Имам ал-Бухарий өз журтына, Бухараға қайтқан. Сол ўақытлары әмирлик етип отырған Әз-Зухилий сарайға келип балаларына

“Жамеъ әс-Саҳиҳ”тан сабақ бериң, деп хат жиберген. Имам бул усынысты қабыл етпеген. “Мен илимди қорлап султан ҳәм әмирлер есигине бармайман. Егер илим керек болса, балаларын (басқа хабарларда сарайдағыларды) үйиме ямаса мешитке жиберсин” деп жуўап қайтарған. Ақырында, Самарқандқа кетиўге мәжбүр болған, бирақ Самарқандқа жақын Хартаң аўылында 870-жылы 1-сентябрьде 62 жасында қайтыс болады.

Имам Бухарий 20 дан аслам диний ҳәм дүньялық мәселелер бойынша шығармалар жазған. Оның 7500 ҳәдисти өз ишине алатуғын “Әл-Жәмеъ ас-Саҳиҳ” атлы мийнети ислам дүньясында оғада ҳүрмет етилди ҳәм ҳәзирги күнде Қураны Кәримнен кейинги исенимли дерек деп тән алынады.

Имам Бухарийдиң “Әл-әдеб әл-муфрад” атлы китабына 1322 ҳәдис киритилген болып, оларда да инсанда болыўы керек болған әдеп-икрамлық, қәдириятлар туўралы сөз етилген.

Имам Бухарийдиң “Әл-Жәмеъ ас-Саҳиҳ” китабы Өзбекистанда ғәрезсизлик дәўиринде өзбек тилине аўдарылып, 4 томлық китап етип басып шығылды. Журтымызда Имам Бухарийдиң туўылған күниниң 1225 жыллығы кең түрде нышанланды.

1998-жылы “Имам әл-Бухарий” халықаралық қоры, 2000-жылы “Имам әл-Бухарий сабақлары” атлы журнал (редакторы З.И.Муннаваров) шөлкемлестирилди.

Оның Самарқандтың Хартаң аўылындағы естелиги қайтадан тәмирленди, дүньялық әҳмийетке ийе мусылманлардың зыяратлаў орнына айландырылды.

Журтымыздан шыққан ҳәдис илиминиң жарқын жулдызларынан Абу Иса Муҳаммед ибн Иса әл-Буғий әт-Термизий (824-892) Термиз қаласында туўылған ҳәм сол жерде қайтыс болған. Термизий Имам Бухарийдиң шәкирти болған, басқада көплеген муҳаддислерден илим үйренген, өзи де бул тараўда ат шығарған, басқада шәкиртлерге устазлық еткен. Имам әт-Термизийдиң шығармаларының ишинде “Сунан” (яки “Әл-Жәмеъ ас-Сахиҳ”) көпшиликке белгили.

Ҳәдислердиң тәрбиялық күши оғада күшли болып, оларда баян етилген идеялар ҳәм көрсетпелер оғада исенимли, баянланыў формасы тәсиршең, мазмуны әзелден киятырған халықлық әдиўли ой-пикирлерге мас келеди. Ҳәдислерде жәмийеттиң бүгини ҳәм келешеги ҳаққында философиялық идеялар, жәмийетлик, сиясий, экономикалық, мәнаўий-мәдений проблемалар, улыўмаинсаный ҳәм миллий әдеп-икрамлылық нормалар өз сәўлесин тапқан. Инсанның жеке мийнети ҳәм жәмийетлик мийнети бир пүтинликте қаралған. Мәнаўий пазыйлетлер исламда қәлиплескен “саўап” ҳәм “гүнә” өлшемлери менен баян етилген.

Ҳәдислерде мақул деп есапланған “саўап” пазыйлетлердиң қатарына ата-анаға ҳүрмет, илимли болыў, билимлилик, бирге ислесиў, дослық, инсанпәрўарлық, ҳаял-қызларды қәдирлеў, мийрим-шәпәәт, расгөйлик, нанды ардақлаў, диянат, қайыр-сақаўатлылық, исеним, миймандослық, сабыр-тақаатлылық, кеўил ашықлылық, мүлайымлылық, мәрҳаматлы болыў, туўрылық, шүкир етип жасаў, ўәдеге ўапа, ақыйлық, сөзде турыў, кишипейиллилик, иба, үнемлилик пенен жасаў, сыр сақлаў, садықлық ҳ.т.б. киреди.

Ҳәдислерде әдеп-икрамлылық өлшемлерине қарсы келетуғын ис-ҳәрекетлер қараланады, олар “гүнә” деп қадаған етиледи. Соныңдай, унамсыз ислердиң қатарына жарамлы бола тура жумыс ислемеў, урлық, бузғыншылық, уятсызлық, аманатқа қыянет ислеў, өтирик сөйлеў, ата-анадан терис (“ақ”) пәтия алыў, ўапасызлық, парахорлық, ысырапкершилик, қыянет, гийне-адаўат, жаўызлық, бақыллық, ашкөзлик, зулымлық, мақтаншақлық, еки жүзлилик, тәкаппарлық, төхмет, жала жабыў, гуман етиў, сатқынлық, жансызлық, биреўдиң сыртынан жаманлаў, абырой төгиў, ырымшылық, палкерлерге исениў, саўда-сатықта қыянет етиў, ант ишиўшилик, сүрқорлық, қарақшылық, арақ ишиўшилик, басқаны мазақлаў, ашкөзлик, тек байлыққа ҳәм өтирик абыройға умтылыў ҳәм тағы басқалар киреди.

Ҳәдислер кәмил инсан тәрбиясына айрықша итибар береди, бала туўылғаннан баслап ержеткенге шекем орынланыўы лазым болған илажлар

баянланады. Перзентлердиң ата-ана алдындағы миннетлери ҳәм ўазыйпаларын орынлаўын қатаң түрде талап етеди. Ҳәдислерде билимли болыў, жаслықтан илим алыўға умтылыў, мәнаўий жақтан жетикликке умтылыў ең зәрүрли инсаний талаплар дәрежесине көтерилген. Ҳәдислерде адамлардың өмири ушын керекли күнделикли, жасаў тәризине байланыслы зәрүрли ислерди орынлаў талабы қойылады, экологиялық ҳәм санитариялық-гигиеналық миннетлер де белгиленеди. Тәбиятты таза сақлаў, ҳәтте суўға түпирмеў, егин егиў, медресе ҳәм мешит салыў, көпир қурыў, канал-салмалар қазыў арқалы суў шығарыў, тың жерлерди өзлестириў илаҳий талаплар дәрежесине көтериледи.

Ҳәдислердиң тәлим-тәрбиялық мәнис-мазмунын көрсетиў ушын оннан гейпара үлгилер берип өтемиз:

– Расулуллаҳдан үмметлеринен биреўи: “Әй Расулуллаҳ, мен жақсылығымды кимге ислесем болады? деп сорағанда, “Анаңа!” – дейди. Сол саўалды үш мәртебе қайталағанда да сол “Анаңа!” деген жуўапты алады. Төртинши рет сорағанда болса “Атаңа ҳәм жақын туўысқанларыңа” деген жуўапты алды.

– Рас сөйлең, өйткени расгөйлик жақсылықларға баслайды ҳәм бул жақсылықлар болса жәннетке жоллайды… Өтирик сөйлеўден өзлериңизди сақлаң, өйткени өтирик сөйлеў барлық бузықлықларға алып барады. Бузықлық болса дозаққа жоллайды;

– Аманатқа қыянет қылыў, өтирик сөйлеў, сөзде турмаслық, кек сақлаў еки жүзлилик белгилеридур;

– Тәңриниң алдында туўры сөзден артық садақа жоқдур;

– Ата-ананы қапа қылып жылатыў – ең үлкен гүнә;

– Ата-анасына нәлет окыған адамға Алла тааланың нәлети болсын!

– Ҳәр қандай мәс қылыўшы нәрсе ҳарамдур;

– Әдиўлиликтиң ең жақсысы өз атасының жақсы көрген адамларына жақсылық қылыўдур;

– Бир-бириңизден араңызды үзбең, бир-бириңиздиң кейнинен айып излемең. Бир-бириңизди жаман көрмең ҳәм бир-бириңизге көре алмаўшылық қылмаң;

– Иба да ийман белгилеринендур;

– Байлық мал-дүньяның көплиги менен емес, бәлки нәпистиң тоқлығы менендур;

– Напақа (жәрдем) ҳәм садақа бериўди әўели өзиңнен басла. Егер аўысып қалса, әйелиңе ҳәм шаңарақ ағзаларыңа бер. Тағы аўысып қалса, туўысқанларыңа бер. Олардан да аўысса басқаларға бер;

– Еки қыз перзентти бағып, тәрбиялап ержеткизген адам менен Мен жәннетте бирге боларман;

– Шақырылган жерге ғана барың;

– Арақтан сақланыңлар, себеби ол бәрше жаманлықлардың гилтидур;

– Мөмин адамды ләнетлеў, оны өлтириў менен барабардур. Өзин-өзи өлтирген адам қыямет күни азапты тартады;

– Өзиңе жаққан нәрсени басқаларға да мақул көр;

– Дийқаншылық қылыңлар, себеби дийқаншылық берекетли исдур. Дийқаншылықты қорғаўшы сақшыларды көбейтиңлер!

– Үмметлерим ушын ең қатты қорыққан нәрселерим: қарныңды салбыратып семириў, көп уйқышылық, исжақпаслық ҳәм ҳәлсиз исенимге ийе болыўдур;

– Ҳәтте Қытайда болса да илимге умтылыңлар, өйткени илим алыўға хәрекет қылыў ҳәр бир мөминге парыздур;

– Кәсиптиң ең жақсысы адамның өз қолы менен орынлайтуғын иси ҳәм ҳалал саўдасыдур;

– Ийманның абзалы – сабырлы ҳәм кең қәлибли болыўыдур;

– Садақаның абзалы мөмин киси илим үйренип, соңынан оны мөмин бирадарларына да үйретиўидур;

– Тәңри гөззалдур, гөззаллықты жақсы көреди;

– Барлық бәле – тилдендур;

– Сизлердиң жақсыларыңыз – дүнья жумыслары деп ақыретти, ақыретти деп дүнья жумысларынан безбейтуғынларыңыз ҳәм басқаларға мәлел түсирмейтуғынларыңыздур;

– Қайсы бир исти адамлар алдында ислеўди уят деп билсең, оны жалғыз қалғаныңызда да ислесе;

– Мениң түсинигимде ибадатқа қарағанда илимниң пазыйлети артықдур. Диндеги ең жақсы белги – тақўадарлықдур;

– Гүресте жыққан палўан емес, бәлки “ғәзеп” келгенде оны баса алатуғын киси ең күшли адамдур;

– Бир саат илим үйрениў түни менен ибадат қылып шыққаннан абзалдур;

– Өлип кеткенлерди жаманлап қорламаңлар, себеби олар қылмысларына ылайық сыйлық ямаса жаза алатуғын жерге кетти;

– Бесиктен ләҳет (гөр) аўзына шекем илим излеңлер;

– Кимде ким мусылман мәмлекетинде жасаўшы басқа диндеги адамды қорласа (мазақласа) қыямет күни оттан қамшы менен урылады.

Мына бир рәўаятта улыўма ҳәдислерге тән болған мәнис-мазмун сәўлеленген десек болады:

Бир күни пайғамбарымыз шаршап келип уйықлап кетеди. Ол түсинде Тәңриниң жамалын көреди. Расулуллаҳ уйқыдан оянғаннан кейин, өз тәрепдарларын ҳәм дос бирәдарларына мына ҳәдислерди айтады:

1. Сиз жалғыз Тәңри – жеке Аллаға сыйының!
2. Ата-анаңызға бәрҳәма мийирбан болың!
3. Қарындас-ағайын, туўысқанларға жәрдемлесиң, жалғыз бийшараларға, мүнәпирлерге мәдеткер болың!
4. Сықмар болмаң, бирақ ысырапкершиликке де жол қоймаң!
5. Балаларыңызды күтә жетиспеўшилик себепли өлтирмең!
6. Уятсыз, әдеп-икрамсыз болмаң!
7. Бийкардан-бийкарға қан төкпең!
8. Жетим-жесирлердиң малына ҳәм мүлкине көз алайтырмаң!
9. Таҳарат-ибадатты бузбаң!

10. Саўдагер болсаңыз туўры өлшең, туўры тартың!

11. Ҳәр қандай еситкен сөзге соқырларша исене бермең!

12. Тәкәббир, мен-мен, даңқпараз, мақтаншақ болмаң!

Солай етип, ҳәдислер адамларды даналыққа, илимлиликке, билимлиликке, мәрипатлылыққа ҳәм мәнаўиятқа шақырады. Шығыс халықларының қымбатлы мийрасы болған Ҳәдислердиң терең философиялық мазмуны жасларымыздың мәнаўий дүньясын тәрбиялаўға сөзсиз хызмет етеди.

Шариат

Шариат – ислам дининиң ҳуқықый нызам қағыйдалары ҳәм нормаларының системасы. “Шариат” сөзи арабшадан аўдарғанда “туўры жол”, “иләҳий жол”, “нызамшылық”, “жол көрсетиў” деген мәнислерди аңлатады. Шариат мусылманлар тәрепинен басшылыққа алыныўы ҳәм орынланыўы сөзсиз талап етилетуғын диний, жәмийетлик-сиясий, пуқаралық, әдеп-икрамлылық, экономикалық искерлик ҳәм ҳәрекетлер бойынша нызамлық қағыйда ҳәм нормалардың жыйындысы болады. Шариат исламда “фикҳ” деп те айтылады. “Фикҳ” арабшадан аўдарғанда терең түсиниў, билиў деген мәнислерди аңлатады. Фикҳ ислам ҳуқықы, оның менен шуғылланыўшылар фақиҳ деп жүритиледи.

Фақиҳ иләҳият, ислам нызам таныўы менен шуғылланыўшы, ислам дини бойынша билимли қәниге, юрист деген мәнисти билдиреди.

Шариатты диний ҳуқық түсинигинен гөре кеңирек түсиниўимиз керек, өйткени шариат өз ишине диний ҳуқықты алыў менен бирге, әдеп-икрамлық, диний мәресимшилик, оларды әмелге асырыў тәртиплерин, саўда-сатық, экономикалық-мүлкий мүнәсибетлердеги қағыйдаларды да белгилейди, суд ҳәм жазалаў усаған ўазыйпаларды да өз ишине алады. Жуўмақластырып айтқанда, шариат мусылманлардың күнделикли турмысына, диний исенимине тийисли ҳәм орынланыўы шәрт болған қағыйдалардан ибарат болады. Басқаша айтқанда, ислам ҳәм оның шариат нормалары инсанның

туўылғаннан өлгенге шекемги, азанда түргелгеннен кеште уйқыға кеткенге шекемги өмирин тәртиплестирип отырады.

Шариаттың дереклери төмендегилер:

1. Қураны Кәрим. Ислам дини бойынша Алланың қәлеўи ҳәм көрсетпеси инсанлардың жасаў нызамларының бирден-бир дереги болады. Қуранның Юнус сүресинде былай деп буйырылған: “…Ҳүким тек ғана Алланың қәлеўидур… Барлық тәўекел қылыўшылар оның өзине ғана тәўекел қылсынлар (сүйенсинлер)”. Қуранда тек исламий тәлиймат бойынша ғана емес, ал инсан өмириниң ҳуқықый нормалары бойынша көрсетпелер берилген.

2. Сунна, яғный пайғамбарымыздың Ҳәдислери.

3. Ижмаъ. Белгили бир дәўирлерге келип гейпара мәселелерди шешиўде Қуран ҳәм Суннадан жуўап табыў қыйынласқан. Усы дәўирлерде иләҳият алымлары шариатқа Имжаъ деген деректи енгизген ҳәм пайдаланылған. Имжаъ арабша аўызбиршилик пенен қабыл етилген қарар, диний жәмәәттиң бирден-бир пикири дегенди билдиреди.

Имжаъ додаланған мәселе бойынша мужтаҳидлердиң өз бетинше диний ақидалық ҳәм ҳуқықый мәселелер бойынша белгили бир жуўмаққа келиўи ҳәм ҳүким шығарыўы болады. Мужтаҳидлер усындай жуўмақты шығара алыўға билими жетерли ҳәм ҳуқықы бар ири мусылман фақиқлары ҳәм иләҳиятшылары болады. Белгили бир мәселелер бойынша уламалардың ҳүкимине тийкарланып шығарылған фатуалар да иләҳий деп есапланған.

4. Қыяс. Бул сөз арабша салыстырыў деген мәнисти билдиреди. Қыяста дәслепки еки деректе жуўабы берилмеген белгили бир ҳуқықый мәселе туўралы Қуран ҳәм Суннада усыған уқсас мәселе бойынша бар болған көрсетпеге салыстырыў жолы менен логикалық ой-пикир жуўмағын шығарыў болады. Қыяс усылынан пайдаланып айырым топарлардың мәпине сай жуўмақлар шығарылыўынан сақ болыў керек, өйткени буныңдай жағдай исламда надурыс сиясий мақсетлерге пайдаланыўға алып келиўи мүмкин. Биз буны ҳәзирги диний экстремизм мысалында айқын көрип отырмыз.

Шариат нормалары менен бир қатарда жергиликли халықлардың үрп-әдетлериниң ҳәм шариатлық ҳуқықый нормаларда жазылмаған әдеп-икрамлық, экономикалық, шаңарақлық турмыс тәрзине сай тәртип-қағыйдалардың да әмел қылатуғынлығын тән алыўымыз зәрүр. Мәселен, Қарақалпақстанда жасаўшы халықлар өлини жерлегеннен кейин, оның жетиси, қырқы, жүзи, жылы деп аталған мәресимлерди өткереди. Бирақ олар туўралы шариатта ҳеш қандай көрсетпе жоқ. Олар күтә ерте дәўирде, исламға шекем пайда болған миллий үрп-әдетлерге ҳәм исенимлерге байланыслы сақланып қалған десек дурыс болады.

Шариатты қәлиплестириў процессинде оның тийкарғы өлшемлери исленип шығылған. Шариат бойынша әмелге асырылатуғын ис-ҳәрекетлер сол өлшемлерге сай болыўы талап етиледи. Олар төмендегилер:

Парыз (арабша “миннетлилик” дегени) – Қуранда атап көрсетилген орынлаў оғада мәжбүрий есапланған тәртип-қағыйдалар, оларда әмелге асырыў қатаң талап етиледи. Мәселен, Қуранда көрсетилген мусылманшылық шәртлери, диний мәресим ҳәм әдетлердиң талаплары, әдеп-икрамлылық ҳәм ҳуқықый тәртип-қағыйдалар парызға киреди.

Ўажиб (арабша “миннет”) – орынланыўы зәрүр болған әмеллердиң түри. Ол зәрүрлиги бойынша парыздан кейин суннаттан алдын турады. Исламда ўажибти орынламаў аўыр гүнә, бирақ ол кәпирликке алып келмейди. Ўажиб тек ханафийлер мазҳабында тән алынған.

Мандуб (арабша “усыныс етилген”, “лазым деп табылған” деген мәнисте) – динге исениўшилер ушын орынланыўы лазым деп табылған, усыныс етилген, бирақ мәжбүрий деп есапланбайтуғын әмеллер. Ықтыярлы орынланатуғын бир қанша үрп-әдетлер мандуб болып есапланады, олар мәниси бойынша сунна талапларынан кейин турады, гейде бирдей мазмунда түсиндириледи.

Ҳарам (арабша “қадаған етилген” мәнисте) – шариатта ҳеш гүмансыз айқын түрде қадаған етилетуғын нәрселер. Мәселен, арақ, дәрет түскен суў, шошқа гөши, Алланың аты айтылмай сойылған ҳайўанлардың гөши, ер

адамларға жибек кийимлер кийиў, некеде болмаған шахс пенен жынысы байланыста болыў усаған нәрсе ҳәм ис-ҳәрекетлер ҳарам болады. Соның менен бирге, ҳарам жолы менен табылған ҳалал нәрселерде ҳарамға айналып қалады. Мусылман ушын ҳарамнан қашыў парыз есапланады.

Мақруҳ (арабша “бийкар етилген”, “қараланған”, “намақул” мәнисинде) – қатаң түрде қадаған ҳәм бийкар етилген әмеллер болады. Мақруҳ пайғамбарымыз надурыс деп есаплаған ислер. Ҳәр бир мусылман мақруҳ ислерди орынлаўдан сақланыўы лазым. Мақруҳ сықмарлық, рейимсизлик, пақ-паңлық, ысырапкершилик, шанарақлық ҳәм жәмийетлик миннетлерге менсинбей қараў, биреўди орынсыз мақтаў ямаса жаманлаў ҳ.т.б.

Муҳаб (арабша “улыўмалық”, “ықтыярый ис-ҳәрекет” мәнисинде) – орынлаў яки орынламаў мүмкиншилиги бирдей әмеллер. Оны орынлаған адамларға да, орынламаған адамларға да саўат та, гүнә да жоқ. Ҳарам деп есапланбаған, қадаған етилмеген, сондай-ақ, мақулланбаған ис-ҳәрекетлер киреди. Олардың саны есапсыз көп. Мәселен, отырыў, турыў, жүриў, жатыў, уйықлаў, ҳадал аўқатларды жеў ҳ.т.б.

Шариат мазҳаблары дегенимиз – исламдағы диний ҳуқықый системалар ҳәм бағдарлар түсиниледи. “Мазҳаб” сөзи арабшадан аўдарғанда “бағдар”, “ағым”, “жол”, “тәлиймат” дегенди аңлатады. Мазҳаблар шариат нызамларын ислеп шығыў ҳәм оны әмелде қолланыў жоллары менен бир-бири менен ажыратылады. Шариат мазҳаблары диний секталар яки партиялар емес. Булар бир-бири менен теңесапланады. Ислам университетлеринде 4 мазҳабтың ҳәр қайсысы бойынша сабақлар өтиледи. Олар исламлық диний ҳуқық нормаларын тән алған ҳалда, бир-биринен шариат мәселелеринде жеңиллеў яки қатаңлаў ҳүким шығарыўлары менен бир-бири менен парық қылады.

Исламның суннийлик бағдарындағы төмендеги 4 мазҳаб бар:

1. Ханафия. Тийкарын салыўшы Абу Ханифа (Имам Ағзам 699-767);
2. Маликия. Тийкарын салыўшы Малик ибн Анас (713-795);
3. Шафиъия. Тийкарын салыўшы әш-Шафиъий (767-820);

4. Ханбалия. Тийкарын салыўшы Ибн Ханбал (780-855).

Дүньядағы мусылманлардың 47% ханафийлер, 27% шафиъийлер, 17% маликийлер ҳәм 1,5% ханбалийлер тутады. Шиалықта бир мазҳаб – Жаъфария (тийкаршысы Жаъфар Садық фар ас-Садық (765-жылы қайтыс болған).

Бизиң журтымызда ханафия мазҳабы таралған. Оның тийкарын салыўшы Нуъман Ибн Сәбит әл-Куфий болып, ол 13 жасында жетик алым сыпатында жетисип кеткени ушын Имам Аъзам (Уллы Имам) деп тән алынған.

Абу Ханифа Ирактың Куфа қаласында туўылған, саҳабалар менен заманлас, шариат мәселелерин терең билген алым болған. Ол еркин пикирлеўге Қыяс қағыйдасына айрықша итибар қаратқан, сол тийкарда жақсысын яки абзалын таңлаў принципин ислеп шыққан ҳәм кеңнен қолланған. Абу Ханифаның уллы имам екенлигин қалған үш мазҳабтың дөретиўшилигинде тән алған.

Абу Ханифаның фиқиҳий усылы төмендегилерден ибарат:

1. Қураны Кәрим.
2. Сунна.
3. Ижмаъ.
4. Қыяс.
5. Истехсан – шариат мәселелерине қыясты қолланыўдан келип шығыўы мүмкин болған жуўмақлардан мусылманлар жәмәати ушын қайсысы жақсырақ, пайдалылырақ, мақулрақ болса, соны қоллаў.
6. Үрп – жергиликли халықлардағы ислам шариатына қарсы болмаған дәстүрлер, үрп-әдетлер ҳәм қәдириятлар. Усылар тийкарында да Ханафия мазҳабында диний исенимге байланыслы мәселелер шешилип отырылады.

Абу Ханифа еркинлик принципиниң әмелде қолланыўына да айрықша итибар қаратқан. Мәселен, турмыс мәселелерин шешиўде еркек ҳәм ҳаялларға тең ҳуқық бериўди қуўатлаған, ақыллы ҳәм балағатқа жеткен қыз

және ҳаялларды олардың өзлериниң разылығысыз некеден өтиўге мәжбүрлей алмайды деп есаплаған ҳ.т.б.

Ханафия мазҳабының шариатлық қолланбасы Бурханаддин Марғинанийдиң (1197-жылы қайтыс болған) “Хидия” атлы китабында баян етилген. Ханафия мазҳаблары басқаларға салыстырғанда жумсағырақ, кең пейилли, халықлардың жергиликли дәстүрлерин ҳәм күнделикли турмыс талапларын есапқа алады. Суфизмге унамлы көз-қараста болады, басқа халықлар ҳәм динлер менен қарым-қатнасқа, саўда-сатық ислеўге кең жол ашады. Ханафия ағымы бәрҳәма мусылманлардың бирлигин беккемлеў ҳәм өз-ара татыўлықты тәмийинлеў ушын гүресип келген, исламды секталарға бөлип жибериўге умтылыўларға қарсы шыққан. Бул пикиримизге Имам Ағзамның (Абу Ханифа) бир қалада бир жәмәә мешиттиң болыўы жетерлик екенлиги ҳаққындағы көрсетпеси дәлил бола алады. Әлбетте, ҳәзирги қалалар буннан мың жыллар бурынғы қалалар емес, деген менен бир қалада жарыспаққа көп мешитлер қурыў аўызбиршиликти бузыўға, диний ибадатты сиясатластырып жибериўге себепкер болыўы мүмкин. Ханафия мазҳабы бизиң халқымыздың руўхына сай келген, ол исламды әзелден киятырған дәстүрлерди, үрп-әдетлерди, байрамларды, руўхый сезимлерди, турмыс тәрзин сақлаў арқалы қабыл етиўге мүмкиншилик берген. Бул өз гезегинде журтымызда исламға унамлы көз-қарастың қәлиплесиўине, ислам мәденияты мәканында аймағымыздан атақлы дин уламаларының жетилисип шығыўына, ислам дининиң абыройлы дүньялық дин сыпатында қәлиплесиўинде оғада уллы роль атқарған. Ислам философиясының келип шығыўына үлкен тәсир еткен.

Ханафийлик мазҳабы Аббасийлер, оннан кейин Тахирийлер, Қараханийлер, Ғазнавийлер, Селжукийлер, Хорезмшахлар, Темурийлер, Бабурийлер мәмлекетиниң, Османийлер империясының тийкарғы мазҳабы болды. Сол тийкарда суд тизими раўажланды. Абу Ханифа шәкиртлериниң саны 882 ге жеткен, олар усы мазҳабты ен жайдырыўда үлкен роль атқарған. Орайлық Азиядан шыққан ислам уламалары, алымлар, мәмлекет

ҳүкимдарлары ханифийликке тийкарлана отырып барлық ўақытлары “әҳли сунна вал - Жамеъ” қағыйдаларына садық болған. Ҳәтте, Шиа бағдары исламда үстемликке ерискен, Х әсирде де (Солтүслик Африкада, Мысыр, Сурия, Ҳижазда – фатимийлер, Яманда – зайдийлер, пайтахт Бағдатта - бувайҳийлер) олар өз қағыйдасына терең исеним менен садық болып қалған.

9-тема. Ислам ҳәм Орайлық Азия

1. Исламның Мавераўннахрға таралыўы.

2. Абу Мансур Матрудийдиң журтымызда калам илимин раўажландырыўдағы орны.

3. Орайлық Азияда тәсәўўиф илиминиң қәлиплесиўи ҳәм ен жайыўы.

Араблардың Орайлық Азия шегараларында пайда болыўы 651-жыллардан басланғанлығы тарийхый дереклерден мәлим. Бул дәўирлерде Мавераўннахрда 15 тен аслам кишигирим мәмлекетлер бар болып, олар арасында келиспеўшилик, өз-ара урыслар тез-тез болып туратуғын еди. Сондай-ақ, Орайлық Азияда ҳәр қыйлы динлер: зардуштийлик, монийлик, маздакизм, буддизм, христианшылықтың несториан бағдары ҳәм басқалар таралған еди. Араб басқыншылары бул жағдайлардан өз мақсетлери ушын шебер пайдаланды. Араблардың Орайлық Азияны басып алыўын еки басқышқа бөлип қараў мүмкин.

Биринши басқыш, 705-жылларға дейинги дәўирди өз ишине алып, бул жыллары араблар Марв, Хират, Балх территорияларында пайда болып, елимиз байлықларын талайтуғын ҳәм көплеген адамларды қул етип сатыў ушын алып кететуғын еди.

Орайлық Азияға биринши рет басып кирген араб ҳүкимдарларынан Зият ибн Абу Суфян болды, оның әскерлери Әмиўдәрьяның бойларына шекем келген, Марв қаласын тонап көп байлықлар алып кеткен. 673 соңынан 675-жылы оның баласы Убайдуллаҳ Зият Бухараға басып кирди. Ол Мавераўннахр журтының пайтахты Самарқандты басып алғанда оғада көп байлықларды қолға киритиў менен бирге, 30 000 адамды тутқынға алған ҳәм олар Арабстанға жиберилген. 704-жылы Хурасан тахтына Кутейба ибн Муслим отырады, усы дәўирден баслап араблардың Орайлық Азияны басып алыўының екинши дәўири басланады. Ол Мавераўннахрды басып алып, оның ҳүкимдарларын көп муғдарда салық төлеўге мәжбүр етеди, өзиниң айтқанына жүрмеген жергиликли патшаларды өлтиреди. Кутейбаның өзи де

халифаға қарсы Марвда көтерилис шығарғанда өз әскерлери тәрепинен 715-жылы 47 жасында өлтириледи. Бабамыз Беруний “Өткен әўладлардан қалған естеликлер” атлы китабында Кутейба Хорезмди басып алғанда ески Хорезм тилинде жазылған китапларды өртеткен ҳәм бул жазыў-сызыўларды билетуғын адамларды да өлтирткенин айрықша атап көрсетеди. Расында, атақлы тарийхшы алым Б.Ахмедовтың айтқанындай, араблар бизиң жеримизге қылыш жалаңашлап ҳәм найза көтерип келген, бул тарийхый ҳақыйқатты Арабстанлы тарийхшы алымлар Табарий ҳәм басқалар мойынлайды.

Араблар Орайлық Азияға келгеннен кейин кең түрде исламластырыў процессин әмелге асырды. Ислам динин қабыл еткенлерге айрықша ҳүрмет исленди ҳәм экономикалық жақтан жәрдем көрсетилди, айырым салықлардан азат етилди. Мәселен, тарийхшы Наршахийдиң “Бухара тарийхы” китабында көрсетилиўинше Кутейба Ибн Муслим кимде ким жума намазына келсе еки дирхам бериўге буйырған. Бул жерде жергиликли халықтың өзиниң бурынғы динин ҳәм үрп-әдетлерин сақлап қалыў ушын бир қанша көтерилислерге шыққанлығын айтпай кетиў мүмкин емес. Мәселен, Муқанна басшылығындағы көтерилис 769-785 жыллар аралығында даўам етип тарийхта үлкен из қалдырды.

Улыўма алғанда, Орайлық Азияға араблардың ҳәм ислам дининиң келиўи тарийхый ўақыя болды. Араб халифатының қурамына кириў менен елде феодаллық пытыраңқылыққа шек қойылды, елде тынышлық орнатылды. Ислам мәдениети, араб тили ҳәм алфавитиниң кеңнен таралыўы, мусылман еллер менен мәдений байланыслардың күшейиўи Орайлық Азияда Ренессанслық мәдениеттың қәлиплесиўине алып келди. Бухара, Самарқанд, Хират, Қыят, Үргенш, Хийўа, Марв, Шаш ҳ.т.б. қалалар күшли мәдений ҳәм илимий орайларға айналды. Оқыў системасы қәлиплесип, мешит ҳәм медреселер қурылды. Исламды қабыл етиў менен бир ўақытта, жергиликли динлердиң де күшли тәсиринен Орайлық Азия халықларының өзине тән жәмийетлик санасы қәлиплести. Олар Алланы қабыл етиў менен бир қатарда,

оны Тәңри деп есаплап, соған сыйынды. Орайлық Азияда ислам тәлийматын раўажландырыўға, оның жетик дүньялық дин дәрежесине көтерилиўине үлес қосқан уллы алламалар жетилисип шықты. Олардан Имам ал-Бухарий (810-870), Имам ат термизий (824-886) ҳәм басқалар ҳәдис илиминиң султанлары дәрежесине көтерилди, диний ҳәм дүньялық илимлерди өз-ара байланыста раўажландырды. Имам Матрудий (870-944) исламның теориясын, яғный илмий каламды ислеп шығыўшы ҳәм матрудия тәлийматының тийкарын салыўшы болды.

IX әсирде журтымызда исламның сунна бағдарының ханафия мазҳабы қәлиплесип, ол ислам динин жергиликли жағдайға байланыстырыўда үлкен роль атқарды. Шариаттың ханафия мазҳабының ҳуқықый нормаларын баян еткен ал-Марғинанийдиң (қайтыс болған жылы 1196-жыл) “Ҳидоя” атлы китабы пүткил дүньяға белгили. Абулқасым Замахшарийдиң (1075-1144 жыллар) Қураны Кәримге жазған тафсири ҳәзирги күнде де ислам университетлеринде пайдаланылады ҳәм араб грамматикасы бойынша мийнети оғада жоқары баҳаланады. Сондай-ақ, журтымызда тәсәўўиф философиясының күшли бағдарлары қәлиплескен. Ислам мәдениятының тиккелей тәсиринде IX-XV әсирлерде Орайлық Азиядан дүньяны тән қалдырған уллы илимпазлар жетилисип шықты. Әл-Хорезмий, әл Фарабий, Ибн Сина, Беруний, Улуғбек ҳәм басқалар уллы қамусий алымлар болып жетилисти.

Каламның ислам иләхияты тәлийматы калам сыпатында исленип шығылыўына Орайлық Азиядан шыққан алымлар, атап айтқанда, Абу Мансур Матрудий оғада салмақлы үлес қосты.

“Калам” деген сөз арабшадан аўдарғанымызда “сөз”, “сөйлеў” дегенди билдиреди. Иләҳият түсиниги қудай ҳаққында тәлиймат дегенди аңлатады. Иләҳият қудай, оның көринислери, белгилери ҳәм қәсийетлери ҳаққындағы диний тәлийматларды тийкарлаўшы ҳәм қорғаўшы билимлер системасы. Ислам иләҳияты Алланың бирлигин, Алланың сыпатларын дәлиллеп көрсетиўши, исламый әдеп-икрамлылық ҳәм турмыс қәлпиниң нормаларын

белгилеўши бир пүтин философиялық тәлиймат дәрежесине көтерилген. Ол ҳәр кыйлы мәселелерди талқылаўда Қураны Кәрим ҳәм Ҳәдислерди басшылыққа алған. Ислам иләҳияты тәлийматы калам илими деп аталады.

Калам тәрепдарлары мутакаллимлер деп аталады, басқаша айтқанда, олар мусылман иләҳияты алымлары, исламның диний ақидалық тәлийматы болған каламды тийкарлап бериўшилер. Ҳәзирги дәўирде ислам руханий-уламаларында ол қолланылмайды. Калам илими орта әсирлерде диний-философиялық пикирлерди, динниң теориялық тийкарларын үйрениўди, ислам ақидаларына исеним ҳаққындағы билимлерди аңлатқан. Калам – “илим – ул-калам” кең мәнисте орта әсирлик әдебиятта диний-философиялық мәселелерде еркин пикир жүритиўге қолланылған, ал тар мәнисте ақидапарастлық мәниде емес, динди оғада абыройлы деп аталған шахсларға еликлеў жолы менен емес, бәлки Қуран ҳәм Сунна тәлийматын ақыллылыққа мас ой-пикирлерге сүйенип талқылаўға қолланылған.

IX әсирлерге келип ислам иләҳияты бойынша түрли бағдарлар келип шықты. Мәселен, олардың дәслепкиси **Муътазалия** (арабша “ажралып шыққанлар”, “узақласқанлар” дегени) ағымы болады. Оны тийкарлаўшылар Ҳасан Басрий, Васил ибн Ато, Әмир ибн Убаид ҳәм басқалар болды.

Муътазалия төмендеги бес қағыйдаға тийкарланады.

1. Ат-тавхид (Алланың бирлигине исениў).

2. Әл-әдил (әдалатлы). Алла бенделерине өзи жақсы көрген әмеллерди буйырады ҳәм оларды өзи жаман көрген әмеллерден қайтарады. Олардың қурбы жетпейтуғын жумыста буйырмайды.

3. Әл-Ват. Бул бойынша Алла бенделериниң ислеген ислерине қарап сыйлық яки жаза береди. Үлкен гүнә қылған адамлар тәўбеге келгенинше кешириллмейди.

4. Мөминшилик ҳәм кәпиршилик арасындағы ҳалат. Бул бойынша зина, урлық, арақ ишиў усаған гүнәлар ушын бенде мусылман да болмайды, кәпир де болмайды.

5. Жақсылыққа буйырыў ҳәм жаманлықтан қайтарыў. Бул адасқанлар ушын ўажиб деп белгиленеди. Муўтазалийлер ақидаўий мәселеде ақылды нақылдан үстин қояды, олар грек ҳәм ҳинд философларынан нәр алған ҳалда, ҳәр бир мәселени шешиўге ҳәрекет қылады.

Солай етип, Калам дегенимиз кең мәнисинде ҳәр қандай диний-философиялық пикир жүргизиўди аңлатса, тар мәнисинде диний абыройлы уламалардың пикирлерине қарап емес, ислам ақидаларын ақыл-ойға тийкарланып талқылаў кереклигин ортаға қоятуғын илаҳият ҳаққындағы илим болып табылады. Усы талабы менен калам философияға жақынласады, анығырақ айтқанда, әйемги грек философиясының талаплары менен пикир жүргизиўге ушласады.

Аббасийлер заманында муўтазалийлер мәмлекетлик дин дәрежесине қабыл етилди, ол ал-Мутаваккил (847-861 жыллар) үстемлик еткен дәўирде қатты қуўдаланды. Хорезмде узақ сақланып қалды. XIV әсирлерге келип биротола жоқ болып кетти.

Имам Матрудий ислам еллеринде кеңнен таралған каламның екинши бағдары әшъәрияның тийкарын салыўшы әл-Әшъәрийден ғәрезсиз ҳәм оның тәлийматы менен таныс болмастан ақ, калам илиминиң жаңа бағдарын дөреткен, оны жоқары басқышқа көтерген ҳәм раўажландырған. Елимиздеги ислам таныў илиминиң жетик маманы, Қураны Кәримди өзбек тилине аўдарған, белгили дилмаш Абулазиз Мансурдың көрсетиўинше:

– Муўтазалийлер мағлыўматларды қабыл етиўде тек ғана ақылға сүйениў керек десе, матрудийлер ақыл менен нақылды қосып пайдаланыў зәрүр деп есаплайды;

– Муўтазалийлер Алланың сыпатларын бийкар етип, сыпат пенен зат бир нәрсе десе, матрудийлер Алланың сыпатларын дәлиллей отырып, сыпатлары оның өзи емес, өзинен ажралғанда емес деп тастыйықлайды. Муўтазалийлер Алланы ақыретте көриў мүмкин емес дейди. Матрудийлер ақыретте, жәннетте, мөминлер Алланың дийдарын көреди деп тастыйықлайды;

– Муътазалийлер қәбирде ащап та жоқ, рәҳәт те жоқ, ақыретте тәрези, сират көпири, Ҳәўзи Кәўсар, Шәпәәт усаған нәрселер ҳәм жоқ дейди. Матрудийлер булардың барлығы бар деп исенеди. Ҳәзирги дәўирде жүзеге шыққан “Ҳизбут таҳрир” ағымы дәл сол муътазалийлердиң пикирин ен жайдырыўға ҳәрекет етпекте. Дәўиримиздиң алымларынан Әлбаний соның ушын да “Ҳизбут таҳрир”диң ағзаларын бүгинги күнниң муътазалийлери деп атаған;

– Муътазалийлер әўлийелердиң кәраматларын бийкар етеди. Матрудийлер кәраматларды шын деп биледи;

– Муътазалийлер ийманның шәртлери 3, яғный тил менен ықрар, қәлби менен тастыйықлаў ҳәм әмел менен орынлаў десе, матрудийлердиң көрсетиўинше ийманның шәрти екеў, яғный Пайғамбарымыз (С.В.А) келтирген барлық хабарларды тил менен ықрар етиў ҳәм қәлби менен тастыйықлаў. Әмел мейли саўап болсын, мейли гүнә болсын, олардың орны басқа деп тастыйықлайды. Бул мәселеге дыққат пенен қарайтуғын болсақ бүгинги көп унамсыз ҳәрекетлердиң тамыры көринеди. Әмелди ийманның үшинши шәрти етип қойыў қаншадан қанша мусылманларды кәпир деп жәриялаўға алып келмекте.

Муътазалийлер Гунайы

_____

Улыўмаластырып айтатуғын болсақ, тәсәўўифтиң ислам дереклериндеги түсиндирилиўи төмендегише: гейпара мусылманлар калам ҳәм логика илимлериндеги түрли көринистеги тартысыўлардан пайдасыз, қурғақ бәсекелерден өзлерин сыртқа тартып, Алланың муҳаббатына ерисиў жолында Зухд тәрки дүньяшылық ҳәм тақўа динге күтә берилгенликти өзлерине кәсип қылып алған, мине усы адамлар суфи деп аталған. Ислам дининде де биринши суфы атағын алған Абу Хашим аш-Шамий (776-777-жылы өлген), тәсәўўифке биринши рет түсиник берген Зуннан әл-Мисрий (869-870-жылы өлген), биринши мәртебе минберде турып адамларды

тәсәўўифке шақырған Абу Бакр ал-Шибасий (945-946-жылы өлген) болып есапланады. Ҳаяллардан биринши суфы болған адам жоқарыда аты аталған Рәбия әл-Әлавия болып табылады.

Ислам динин ибадат етиўши халықлар арасында суфизм тәлийматы, оның тәрепдарлары тереңнен сиңисип кеткен. Шығыс мәдениятының барлық тараўларында тәсәўўиф философиясы тәсири айқын көринип турады. Әсиресе, Шығыс поэзиясында ол тереңнен орын алған. Буған Абдурахман Жамий, Алишер Наўайы, Мақтумқулы, Бердақ, Әжиниязлардың шайырлық дөретпелерин айтып өтиўдиң өзи жеткиликли.

–

126

157–